

MIBVUNZO NEMHINDURO

PAZVISIMBISO



[Imwe hama inotaura nendimi, imwewo hama inodudzira.—
Mupepeti]

Baba vedu veKudenga, tinotenda zvirokwazvo nenguva ino yatinokwanisa kuyanana zvakare paShoko raMwari, muHupo hwaMwari. Tinotenda zvikuru kuti iMi munesu, mangwanani ano, kuti mutibatsire nekutiropafadza. Tinokumbira kuregererwa kwezvivi zvedu, kuti marambi edu ange akazadzwa neMafuta, zvakare akagadzirwa uye achipfuta, kuti Mugotishandisa zvino kukudza Zita reNyu guru. Nokuti tinozvikumbara muZita reMwanakomana waMwari anodikanwa, Jesu Kristu. Ameni.

Garai zvenyu pasi.

² Ndanga ndichitopinda pandanzwa mashoko aya achitaurwa. Saka ndiri. . . Ichokwadi kuti tinofanira kuchengeta marambi edu akazadzwa, kuchengeta edu. . . Munoziva, apo kana. . . Paunenge uchipfuta, haugone kuenda pane zvawakaita, zvino. Maona? Nokuti, moto, kutsva kwemafuta, kunoita tsito. Saka ndicho chikonzero chekugadziriswa kwe. . . kuva nemarambi enyu akagadziriswa, nokuda kwetsito dziri kumusoro kwe—kwetambo. Vazhinji venyu imi vanhu vezera rangu, pataishandisa rambi remafuta e—emarasha, munoono, iwo. . . Iro—raizo—raizoita tsito kumusoro, kwacho kwarairira, uye nokudaro zvaikanganisa mwenje. Saka unofanira kuita kuti tsito dzese dzigare dzakabviswa, uye kuti tigone “kushingairira mberi, takananga kumucherechedzo wokudanwa kwepamusoro muna Kristu.”

³ Zvino, ma—mangwanani makuru, akaisvonaka, kunze nemukati, apo mwaka uno weEsta wave kuswera zvino.

⁴ Uye—uye tave zvino kusvika kuChisimbiso chekupedzisira, manheru ano, Ishe vachitendera. Uye Chitori Chisimbiso chakavanzika zvikuru, zvakanyanya, zvikuru, nokuti haChina kana—haChina kana kumbotaurwa nezvacho muMagwaro chero papi zvapo, hapana mifananidzo, chero chii zvacho chekubatirira pachiri. Chinotofanira kuuya chakananga chichibva Kudenga.

⁵ Uye i—itori imwe—imwe yenguva inoita seyakaomarara kwandiri. Yanga iri, vhiki rose. Zvino iri ndiro rangu. . . rave zuva rangu rechisere ndiri mukamuri. Zvino ndakacherechedza imo muno, vazhinji, muzvikumbiro izvi, ndakatozoita sekuti sarudzei. Paiva nevazhinji vavo vainge vachida kuva

nehurukuro. Uye ndi—ndinozvida izvozvo. Ndinoda ku—kuzviita izvozvo zvino, munoona, asi handi—ndikwanisi iko zvino. Nokuti, munonzwisisa, kuti zvo—zvose zvatiri kuedza kuita iye zvino kuwana chizaruro che—chekuda kwaShe, munoona. Zvino kana mava nehurukuro, zvino zvinokudhonzera kure, uko kune rimwe divi rechimwewo chinhu, munoona.

⁶ Uye, zvakare, uye semukunamatira vanorwara, zvakatosiyana zvachose. Uno... Zviratidzo nezvimwe; unodzidza zvakasiyana, uye iwe—iwe unozodzwa zvakasiyana. Zvakangofanana nezvakataurwa neBhaibheri ipapo, “Mumuti wakasimwa pa—pahova dzemvura.” “Hova dzemvura,” munoona, mvura imwe cheteyo, asi pane rwunobuda rwuchiuya *neuku, neuku, neuku*. Zvinoenderana nekwainobudira. Ungori Mweya mumwe chete.

⁷ Pauro, Vakorinte Vokutanga 12, akaita chinhu chimwe chetecho, akataura nezvokuti, “Kune zvipo zvizhinji, asi uri Mweya mumwe chete.”

⁸ Saka, munoona, kana uri kushanda, sekuti, nechimwe chinhu, zvino wobva wazoshandurwa kuti uuye kune chimwewo chinhu neche *pano*. Munoziva zvandiri kureva. U—ukanzvera uchidzika nemutsara iwoyo, unoita kuti vanhu... Uye zvino moyo yavo yanyatsogadzirira, “Zvisimbiso izvi zvinombova chii?” Kuda kwavo kuziva, “Chinombova Chii?” Husiku nehusiku, pandinouya muno, pane kubatikana kwazvo, kusvikira ndinotofanirwa kutaura pamusoro pechimwewo chinhu; kungoita seku—kuita kuti zviti dzikamei, munoona, uye, ipapo, kusvikira Mweya Mutsvene wazarura Chisimbiso. Saka zvino—zvino ndinotofanirwa kudaro, manheru ega-ega saizvozvo. Zvino paunozovishandura kuenda pakupodzwa kana chimwewo chinhu, munoona, uno... Vanhu vose vazorora pane chimwe chinhu. Haugone kuzvishandura uchizvidzorera kune chimwe, pakare ipapo.

⁹ Uye—uyezeve, zvakare, ndichiziva kuti pakati penyu chaipo zvinhu zviri kuitika, munoona, izvo ndi—ndiri kungo... ndi—ndinoziva. Ndinoziva kuti imi—imi hamuzvione, munoona. Ndine chokwadi chekuti hamuzvione, munoona. Uye munoti, “Hama Branham, chinhu chakaomarara kwamuri kuti mutaure izvozvo.” Ndinoziva kuti zvakaoma.

¹⁰ Asi, honai, chingondiregai ndingotaura izvi zvino. Ndinofunga kuti aya angori matepi edu pachedu, nevamwewo vakadaro. Asi regai ndizvitaure, munoona. Kutu, imi—imi hamu... Hamusi kuzvibata, munoona, uye hamufanirwe kuti muzvibate. Saka musaedze kududzira chero chinhu, munoona. Musaedza kuisa dudziro yenyu pazviri; munongo—munongoenda kuresa bedzi. Ingotorai rairo yangu, kana muchinditenda zvino, kana Mwari vaka—vakandipa nyasha pamberi penyu.

11 Uye munoziva, kuti, zvizaruro izvozvo nezvimwe. Nda—ndave pano nemi kwenguva yakareba, munoono, uye zvagara zviri izvo. Uye zvino kuzvisimbisa zvakapetwa kaviri, ndizvozvo, zvinonyatsokochechera muShoko chaimo. Maona? Saka, munoziva kuti IZVANZI NAJEHOVHA. Ndizvo chaizvo. Munoono, Zvakaiswa pachena kwamuri.

12 Zvino torai rairo yangu, sehama yenyu. Musaise dudziro yenyu imi pane chero chinhu chipi zvacho. Imi ingopfuurirai mberi uye nekurarama hupenyu hweChikristu hwakanaka. Nekuti, munongozviisa kure nechinhu chaicho kana muchinge mazviita. Maona? Imi, imi munongozviisa kure zvakare kubva pane nyaya yacho chaiyo.

13 Uye imi mose munozviza uye munoziva kuti pane chimwe chinhu chisingazwisike chiri kuitika. Uyezve chiri kuitika. Uye ndinoziva kuti chii. Zvino, handisi kungozvitaure izvi; inyasha dzaMwari dzinoita kuti ndizive kuti chii. Chimwe chinhu chinoshamisa. Uye chaenda izvozvi, uye hapana nzira munyika yekuti muchione. Uye ndizvo...ini...Asi, zvechokwadi chaizvo, neBhaibheri iri muruoko rwangu, ndinoziva kuti chii. Makachiudzwa, kumashure. Saka ingo—ngoregai kuisa kana dudziro ipi zvayo, asi ingonditendai chete, sehama yenyu. Maona? Tiri kurarama munguva huru. Tiri kurarama munguva apo...Zvino, tiri...

14 Zvino, ingozvinipisa chaizvo, iva Mukristu, uye edza kuraramira Mwari. Uye worarama wakatendeka kuhama yako, uye ida avo vasingakude. Usaedza kuita chero...Munoono, munoita, munozongozviita kuti chive chinhu chisinganzwisike, uye movhiringa hurongwa chaihwo hwaMwari. Maona?

15 Nezuro masikati, chimwe chinhu chakaitika mukamuri yangu, chandi—chandisiri kuzogona ku—kuchisiya, munoono. Uye saka imi...Uye angangoita mavhiki 2 apfuura, chimwe chinhu chakaitika, hachisi kuzombogona...Chero bedzi ndichirarama panyika ino, ini—ini handisi kuzokwanisa kubva pachiri, munoono. Uye, saka, asi...

16 Zvakare che—chechi, hamusi kufanirwa kuziva zvinhu izvi, saka musaise dudziro kune chero chinhu. Maona? Ingoendererai mberi uye mongorangarira zvamunenge maudzwa. Raramai hupenyu hweChikristu. Endai kuchechi kwenyu. Ivai chiedza chechokwadi kwese kwamunenge muri, uye munge muchipfuta kuitira Kristu, uye moudza vanhu kuti munoMuda zvakadii. Uye itai kuti huchapupu hwenyu huve nerudo, nguva dzose, nevanhu. Maona? Nekuti, kana mukasadaro, munozvimonedza mune chimwe chinhu ipapo, zvino munobva ma—mabuda mugwara rakatarwa. Munoono, nguva yese yamakaedza kuzviita, makatoita izvozvo. Maona? Saka ingoregai, regai, regai kuedza kuita kana dudziro.

¹⁷ Uye zvikuru sei, manheru ano, kana Chisimbiso ichi chaiswa pamberi penyu, munoona, musaedza kuChidudzira. Imi ingopfuurirai mberi uye mongozvininipisa, uye mopfuurira mberi neMharidzo imwe cheteyo iri nyore.

¹⁸ Zvino unoti, “Hama Branham, ndizvo here...Isu, zvatiri Chechi yaMwari vapenyu, hatifanire here isu...”

Zvino, pandanga ndichiedza...Tarirai pano, ndinoda kuti...

Kuti, “Manje, sei ndisingakwanise? Ndofanirwa kuva ndiine...”

Kwete. Zvino, musadaro.

¹⁹ Rangarirai, ndiri kutaura izvi kuti zvikunakirei. Munoona, ndiri kutaura izvi kuitira kuti munzwisise. Kana muchinditenda, zvino, teererai kune zvandiri kukuudzai. Maona? Maona?

²⁰ Zvino, pano, zvino pano pane nzvimbo iyi, uye, iyi, tichaiti nzvimbo yekuteerera uri, munoona. Uye mairi, mune redhiyo, munoona, uye mune yambiro nezvimwewo zvinogona kuitwa. Semunondo uri muruoko rwako, munoona, inogona kutora kubva pane zvakaipa kana kutora kubva pane chete sezvayo... inowana shoko rayo, munoona.

²¹ Zvino, asi zvino, semuenzaniso, kumunhuwo zvake, kwakave nemapoka anotenda zvakatsauka akawanda nezvikwata zvakasimuka, pane kudururwa kuduku kweMweya, kusvikira vanhu vanopinza mumanyawi emune zvimwe zvinhu zvakawanda, vobuda vonotanga kamwe kachirongwa kadiki, uye, munoziva, ne—nezvinhu. Maona? Hamudi kuti multe izvozvo zvino. Maona? Zvino, ingorangarirai, chingogarai sezvamuri.

²² Zvino unoti, “Asika, Ishe varatidza...” Kwete. Zvino ingongwarira, munoona.

²³ Tarisai pano. Regai ndikuratidzei chimwe chinhu, munoona. Munoziva here kuti mune makumi ezviuru zvemanzwi mukamuri ino iko zvino? Chaiwo, manzwi evanhu ari kuuya kubudikidza nemasaisai emumhepo eredhiyo! Sei musiri kuanzwa? Anotova mazwi. Ndizvo here? Ari kufamba nemunasaisai achipinda nemuno chaimo izvozvi. Zvino, kune zvimiro nemitumbi yevanhu iri kufamba nemukamuri ino izvozvi. Ndizvo here? Zvino, sei musiri kuvaona? Maona? Vatoripo pano, manzwi chaiwo senzwi rangu. Saka, sei musingarinzwe? Maona? Rinofanira kutanga raro chimwe chinhu, kuti chiriburitse. Maona? Zvino manzwisisa?

²⁴ Zvino musangodudzira chinhu. Kana Mwari vachida kuti muzive chimwe chinhu, Vanochitumira kwamuri. Maona? Saka ivai makanyatsosimba, chaizvo zvino. Nyararai, pane chimwe chinhu chaitika. Uye zvino ingovai chaivo...Munonzwisisa

zvandiri kureva, hamudaro here? Uye ingovai...Usaedze kuzviita munhu asinganzwisike, kuti uve Mukristu, nekuti uno—unozviendesa kure naMwari. Uye iwe—iwe—iwe...

²⁵ Kana uchikwanisa kuzvinzwisisa, uku ndiko Kudhonza Kwechitatu kuya. Maona? Iwe—iwe waifanira kunge wakazvibata, rimwe zuva. Maona? Saka zvino, chingorangarirai, hapazova nekutevedzera sezvakange zvakaita kwekumwe ku 2. Maona? Saka, ndizvo izvo iwe—iwe unogofanira kuziva zvino. Ingo—ingorangarira kuti...

²⁶ Munoono, zvino, pane chimwe chinhu chiri kuitika mukamuri ino, uye pane Chimwe chinhu pano. Mune—mune, chaizvoizvo, mukamuri ino, Ngirozi, Inzwi raMwari. Maona? Asi unoitai sei...Haugone...Kana usingakwanise kunzwa inzwi repanyama, pasina chimwe chinhu chekuriburitsa kunze, ko uchazonzwa sei Inzwi repamweya?

²⁷ Zvino unogona kufungidzira kuti mumwe munhu ari kuimba rumwe rwiyo *urwu*. Vanogona kunge vasitomboripo ipapo, munoono. Asi kana rwuchinge rwarova kristari iyo yarwunofanira kurova, ipapo inobva yapa dudziro yechokwadi, uye yoratidza, yozvisimbisa nekuratidza mufananidzo wacho. Maona zvandiri kureva?

²⁸ Zvino, Mweya waMwari, kana Uchitaura kubudikidza neShoko rechokwadi, Unozvisimbisa pachaWo, uchizviratidza pachaWo, kuti ndiWo wechokwadi. Manzwisisa zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka.

Zvino ngatingonamatai, zvakare.

²⁹ Baba veKudenga, tave kuda ku-...kuvhura zvivharo zveBhuku rino, uye sechikamu chepanyama che—chekuedza kudzosera kune zvaMakatizarurira muchiyero chemweya. Uye zvino ndinonamata, Mwari, kuti Mundibatsire kupa dudziro chaiyo kumbvunzo iyi. Kutu zvigotaurwa kuti—kuti iri... Inofanira kuti ibatsire vanhu. Ichavapa kunzwisisa. Uye ndinonyengetera kuti mundipe kunzwisisa, kuti ndigoZviendesa kuvanhu veNyu, kuti vave nekunzwisisa, kuti tose tigoraramira kubwinya nekukudzwa kwaMwari, kubudikidza nemuZita raJesu Kristu. Amen.

³⁰ Zvino, ndanga ndichida kutaura izvozvo.

³¹ Uye ndafunga kuti chinhu ichi *apa* ndicho chinotekanya matepi, asi hachidaro, munoono. Zvino uyu mwe—mwenje wepadhesiki. Uye ndafunga kuti chinotekanya matepi chaimbova pano apa. Asi ndaudzwa kuti ndingonongedzera kuhama dziri mu—mukamuri umo, mukamuri yekurekodha, zvino vanozoziva nguva yekumisa matepi, uye neyekusamisa.

³² Munoono, matepi aya ane shumiro yepasi rose, munoono, kwese hako. Inopinda mune mhando dzese dzemitauro uye nezvose. Saka pane zvinhu zvatingataura ipo pano,

zvatisingataure kumwewo zvako, munoona, uye ndicho chikonzero tichiimisa.

³³ Zvino, kupindura mibvunzo ndicho...ndechimwewo chinhu. Saka, ini—ini zvino...Mu—mu...mumhinduro yeizvi, mizhinji yacho, yakawanda yemibvunzo, kunze kwe...Zvino, yese...Mimwe yacho haitomborinei neMharidzo, zvachose, asi ndichazo, kana, Zvisimbiso zvachose, asi ndichaedza kuipindura. Zvino yakapihwa kwandiri, uye sezvayakarehwa. Ndakaudzwa mizhinji yayo. Kana kuti, mizhinji-zhinji yayo yaiva zvikumbiro zvemunamato, uye nevanorwara nevanotambudzwa. Uye—uye nezvinhu zvakasiyana-siyana zvakadaro, zvinoenderera mberi, uye saka zvaive zvisina kana chii zvacho chekuita nemubvunzo upi zvawo waizopindurwa. Uye zvino ivo...ndakapiwa chinjumba chaiva—chaiva pamusoro pezvinhu zvakasiyana-siyana, Rugwaro nezvimwe; asi pamwe, kana tiine nguva, tichaedza kuipindura nepose patinogonesesa napo. Zvino, kana ndikakanganisa, nhai, rangarirai, hazvina kuitwa nemaune kuve kuri kukanganisa.

³⁴ Saka munhu wese ari kunzwa zvakana here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ameni. Hazvisizvo here...Taurai nezvenzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, inzvimbo inoshamisa zvakadini, inguva inoshamisa zvakadini!

³⁵ Panguva dzese dzandakave seri kwepurupiti patabhenakeri, handina kumbobvira, kana, munguva chero ipi zvayo yeshumiro yangu, yandakamboshanda muzviyero zvaMwari nezviyero zvemweya sezvanga zviri nguva ino; zvichidarika chero chii chandakamboita munguva ipi zvayo yeshumiro yangu, mune chero musangano upi zvawo chero kupi zvako, sezvizvi. Kazhinji, zviri pakupodzwa kwevarwere. Uku kuzarurwa kweZvokwadi, neMweya mumwe chetewo, Mweya mumwe chetewo.

³⁶ Uye nda—ndakanga ndiri pangu ndega, zvachose, uye ndanga ndichigara pane imwe nzvimbo, kana kuti kuenda zasi kunodya pane imwe nzvimbo. Uye ndanga ndingori ndega, saka yanga iri nguva huru chaiyo.

³⁷ Uye zvino, izvozvi, kana toti mangwanani, kana mangwanani anotevera acho, ini...Zvichida, kana tikakwanisa kupedza nenguva, ndichangonamatira vanorwara mangwanani ano, kana mibvunzo iyi isingatore nguva yakarebesa.

³⁸ Saka ndi—ndinofanira kuva ndiri pangu ndega kwekachinguva, munoona. Pfungwa dzemunhu dzinongokwanisa kutakura zvine mumwe mwero. Maona? Uye kana wasvika panzvimbo paunogara kweawa imwe, wakabatwa nechiveve nokuda kweHupo hwaMwari, neShongwe yeChiedza yakaremba ipapo pamberi pako, iwe—iwe haugoni kugara kwenguva yakarebesa, munoona. Munhu wenyama haagone, haagone kuzvitakura.

³⁹ Uye saka, zvino, mibvunzo iyi yakanaka chaizvo. Ndinotenda, uye huchenjeri nezvinhu zvinoshandiswa nevanhu. Zvino, kune wekutanga. Uye ndichaedza kuipindura. Uyezve kana ndi—ndikasauita nemazvo, saka, mo—mondiregererawo ipapo.

⁴⁰ Uye kana uine dudziro yakasiyana, uye uchitenda kuti pfungwa yako pazviri ndiyo chaiyo, zvakana, chingoenderera mberi hako. Izvozvo hazvikanganise, nekuti hapana ingangopfuura 1 kana 2 yayo ine chekuita neruponeso. Ingori chete. . .

⁴¹ Mizhinji yemibvunzo iyi, yabvunzwa, kune rimwe divi iri rekuta- . . . kana pane Kubvutwa kweChechi. Saka, munoona, mibvunzo iri neche pano, zvichauya uye zvichaitika, kune zvimwe zvikamu. Nokuti, tadarika zera rechechi, mudzidziso dzedu mu—muBhuku. Tapfuurira, umo munguva yekudanwa kwe 144,000. Zvino wekutanga pano:

173. Ko mhandara 5 dzakachenjera, dzemuna Mateo 25, vabatsiri here ve—veMwenga, kana kuti ndivo Mwenga wacho? Maona? Kana mhandara idzi dzakachenjera dziri vabatsiri veMwenga, ko Mwenga wacho uripi?

⁴² Munoona, zvino, pakunzwisisa kwangu kwose, mhandara 5 idzi. . . Paiva ne 10 dzadzo, munoziva, dzakabuda, munoona. Uye uyu pano unongova mucherechedzo, kana mufananidzo, munoona, uyo—uyo wandichakuudzai. Munoona, paiva ne 10 vavo. Honguka, vaipfuura 10. Apa zvakangoitwa nhamba chete. Asi, zvino, mhandara dza—dzakachenjera dzaiva neMafuta mumarambi adzo. Dzisina kuchenjera dzakanga dzisina Mafuta mumarambi adzo.

⁴³ “Saka kana 10 dziya ipapo, dzemuna Mateo, kana. . .” Uyu ndiwo mubvunzo we—wemunhu wacho. “Kana 10 idzo, apo, zvaireva here kuti vaizova ivo. . . kana kuti 5 idzi, waro, vaizongova vari 5 chete, munoona, vanhu 5 chete?” Kwete, hazvireve kudaro.

⁴⁴ Unongova mucherechedzo chete, wemhandara, munoona, wemhandara dzakabuda neMafuta ari mumwenje yadzo. Ivo chikamu cheMwenga uyu. Uye pakunzwisisa kwangu. . .

⁴⁵ Uyezve imi cherechedzai, zvino, kuti vaive mhandara dzenguva yekurinda yekupedzisira. Tichidzika nemunguva dzekurinda, kwakava nenguva dzekurinda 7. Uye munguva yekurinda yechi 7, nguva yepakati peusiku, patiri kupinda zvino, munoona. Zvino, munguva yekurinda iyi yepakati peusiku, mhandara idzi dzakamuka uye dzikagadzirisira marambi adzo, ndokupinda; apo mhandara yakarara. . .

⁴⁶ “Zvino chikamu ichi pano, 5 idzi,” kana zviri izvo zvinoreva mubvunzo, zvazvinoreva, “kwaingova ne 5 chete here?” Uye tine mibvunzo yakawanda imo umu, pamusoro pe—pe 7,000, nezvimwe zvakadaro. Zvino, iwo, uyo waingova mufananidzo,

chikamu chavo. Uye vose vakamuka muzera rino rokupedzisira apa, nguva yekurinda yechi 7, kuti . . . “Kana vasingori 5 chete—chete vakamuka panguva iyoyo, vakashandurwa, vakapinda pamwe neMwenga, nezvimwe zvakadaro, Chikomba? Zvino kana ivo pachavo . . .”

⁴⁷ Izvozvo hazvirevi kuti pachangova ne 5 chete. Nokuti, vavete, zvichidzika nemumazera ese; sekuuya kwataita vhiki rino, munoono.

⁴⁸ Mumazuva a—aPauro, mutumwa wekereke paEfeso; Pauro, achivamba chechi iyi, ari iye mutumwa kwairi. Rangarirai, Pauro, achivamba chechi iyi paEfeso, akava iye mutumwa kuchechi iyoyo. Zvino Mweya, wakanga uri munyika panguva iyoyo, waiva Mweya weshumba. Uye shumba yacho iShumba yerudzi rwaJudha, anova Kristu, zvino Kristu iShoko. Pauro, aine Shoko rezera iroro! Zviuru zvakavata muzera iroro. Ndizvo here?

⁴⁹ Zvino ndokuuya zera rinotevera, uye nguva iyo chechi yakadekara mu—muzera rerima, Mweya wenzombe wakabuda; kushanda, kufondoka, uye nekuzvipira, zvino ndokupa hupenyu hwavo. Vane zviuru zvakapetwa zviuru vakavata, mukuurairwa chitendero nezvose. Vakamirira, munoono.

⁵⁰ Zvino, zera rinotevera ndokuuya, rechiLutherani, zera rekuvandudzwa. Hapo pakaenda vakachenjeresha, mumano emunhu. Kana mukacherechedza, munhu akabuda naizvozvo, uye, paakadaro, akawedzera kungwara kwake iye. Ndizvo zvakamubatanidza mune chimwe chikamu, munoono. Maona? Dai akangogara nehuchenjeri hwaMwari, achingovandudzika nekudhonzera kunze . . . Asi chii chaakaita? Mushure mekunge murume iyeye auya nemharidzo, Luther; mushure merufu rwaLuther, vakava nesangano reLutherani.

⁵¹ Mushure merufu rwaWesley, vakava nesangano reMethodisti. Maona? Ipapo, unoramba uchienda nenzira iyoyo. Zvi—zvinongo . . . Zvinodaro. Zvino ndinoda kuti mu—mu—mucherechedze izvi, munoono. Zvino mumwe munhu angabvunza nezvePentekosti, yaiva zera re—rechi 3.

⁵² Munoono, rimwe nerimwe remazera iwayo rakangonyudza muMweya Mutsvene. Kururamiswa ibasa reMweya Mutsvene; kucheneswa ibasa reMweya Mutsvene; asi rubhabhatidzo *ndiwo* Mweya Mutsvene. Ndicho chikonzero zvakatorera Muporofita wechiporofita kuti adzike. Hapana mutumwa kuchizvarwa, nokuti Mweya Mutsvene wakauya pachaWo, muhuzaro waHwo, hwerubhabhatidzo.

⁵³ Asi pakuguma kwezera, sezvarinogara richiperera pane zvimwe, tinoona ipapo, zvino, mutumwa achitumwa. Uye nyonga-nyonga dzose idzi nezvimwe zvinozoiswa munzvimbo yazo saizvozvo, zvino Kubvutwa kwobva kwavinga Chechi.

⁵⁴ Asi sevazhinji vari kuisa zvinhu izvi zvakasiyana, “Zuva richishanduka kuva rima, mwedzi...” Vanozviisa izvozvo kumashure-shure uko muzera reChikristu. Vanongotadza kuona mibvunzo iyo 3 yakabvunzwa Ishe vedu ipapo, munoono, paVakaipindura.

⁵⁵ Zvino, manheru apfuura, ndinofunga kuti hapana kuva nemubvunzo zvachose. Takatora mumwe nemumwe wemibvunzo iyoyo uye tikaiisa pasi chaipo peZvisimbiso. Uye Zvisimbiso ndiro Bhuku rose pamwe chete, pachaRo.

Munozvitenda here, chiremba? [Imwe hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti]

⁵⁶ Munoono, zvinhu zvose zvangoputirwa pamwe chete. Uye takatora zvakataurwa naJesu pano. Vakabvunza mibvunzo 3, munoono, “Zvinhu izvi zvichaitika riinhi? Chii chichava chiratidzo cheKuuya kweNyu? Uye kuguma kwenyika ndekupi?” Zvino Akadzika zasi chaiko...Zvino takaitora, mumwe nomumwe, pasi pazvo, kunze kwe 1. Chaiva chii ichocho? Chisimbiso Chechinomwe. Sei? Munoono, hachizivikanwe. Ndizvozvo. Chimwe nechimwe chazvo chakatonyatsobuda. Ndakazvifananidzira, chaizvoizvo, seri nekuseri.

⁵⁷ Uye, ini, pandakanyora manheru apfuura, ndikapinda imomo ndikasvika paku...Ndakadzokera kunotarisa chinyorwa changu chekare chandakabvisa—bvisa kumashure uko. Zvino, ndakaona pandakaisa chimwe panzvimbo yechimwe, saizvozvo. Ndakazvipesanisa, seri nekuseri. Ndizvo zvandakaita. Ndofunga makazvibata. Imi, muri kuzvibata here? Maona?

⁵⁸ Ndakanga ndanyora pasi apa zvandaizonyora kune rimwe divi *iri*, ndokuzvinyora neche *kuno*. Ndokuisa—ndokuisa dzose dziri mbiri, 9, 11, kana 9, 6, kana chii...kana 6 na 11, na—na—na 9 na 11, izvo zvakanga zvisiri izvo. Dzakanga dzakapesaniswa, ndima yaitevera pasi pachu. Maona? Uye zvaiva saizvozvo, mhi—mhinduro, pakati pedenda nehondo, munoono. Ndipo pazvaiva.

⁵⁹ Saka ndaingofara chaizvo! Ndaingoenderera mberi se—se...Ndaitirwa zvakana nekutekenyedzwa kwaibva muchizaruro. Saka, nda—ndakazviisa, izvi neche apa. Ndakagara ipapo nepenzura, kana kuti chinyoreso, zvino ndakanyora 11 panzvimbo dzose mbiri, pazvaisafanira kunge zvakadaro. Ndinofunga yaive 9 pachinzvimbo cha 11 yerimwe divi.

⁶⁰ Asi zvino maona here kunyatsoenderana kwazvaive? Zvino, musakanganwa izvozvo. Zvinofambirana zvichidzika kusvika kune Chechitanhatu, ndokumira, munoono. Uye tarisai—tarisai kuzaruka kweZvisimbiso; zvinodzika kusvika kune Chechitanhatu, uye zvomira. Rwakangova, “Runyararo Kudenga,” ndizvo zvoga zvarakataura, “kwenguva yehafu yeawa.”

⁶¹ Zvino—zvino, mune iyi, munoona, ini... ndinofanira kuti ndikurumidze ndigopindura iyi. Nekuti, munoona, mumwe nemumwe wayo imharidzo, yakareba mavhiki 4, munoona, pane—pane mumwe nemumwe, uye unongobva uchienda pane chimwewo chinhu. Asi ini—ini handirevereri kudaro, nekuti ndinoda kuti ndiwane mubvunzo wemunhu wese, nepose pandinogona napo.

⁶² Mhandara idzi, munoona, dzaingo sanganisira... Chinongori chikamu chadzo, muzera iroro, munoona. Zera rega-rega rine mhandara. Maona? Chi—Chisimbiso... .

Mutumwa anouya kuchechi. “Kumutumwa wechechi yepaEfeso.” Maona?

⁶³ Zvino wosvika kuno, zvino mushure mekunyora kuchechi yepaEfeso, enzanisai izvozvo zvakare, Chisimbiso chinozarurwa. Ndiyo nzira chaiyo yatiri kungozviunza nayo, kuedza kuzviunza zvose kwamuri, (munoona zvandiri kureva?), kana Ishe vachitendera.

⁶⁴ Chii chavakava nacho kutanga? Mazera echechi. Ndizvo here? Chinhu chakatevera, mharidzo kumazera echechi. Munhu wese ajekerwa nazvo here zvino? Maona?

⁶⁵ Kutanga, tine mazera echechi, uye tikawana nhorondo yacho, tikaisa makanzuru eNicaea nemakanzuru Nicaea isati yavapo, nezvose zvataigona kuwana munhorondo, ndokuona kuti dudziro chaiyo yeShoko yainyatsoenderana nenhorondo. Uye tikazviunza kudzika muzuva rino ranhasi, muRaodhikia ino. Uye imi—imi hamudi kuti munge muine nhorondo yeizvozvo; izvi zviri kuita nhorondo zvino, munoona. Hezvoka izvo. Uye, zvakare, tikaratidza zvaizonge zviri muzera rino.

⁶⁶ Zvino tadzoka neZvisimbiso, nekuzarura Chisimbiso ichocho. Mwari vanotizarurira Chisimbiso ichocho. Chii ichocho? Kutanga, kune mutumwa, zera rechechi; chinotevera Zvisimbiso Zvinomwe.

⁶⁷ Zvino, tinoona kuora kunorova muzera rechechi rechi 7. Asi Chisimbiso Chechinomwe hapana zvachinozarura, zvichaitika kwachiri. Maona? Nokuti, pakupera kwezera iroro rechechi kuchauya chipo chechiporofita kuzozarura zvinhu izvi. Maona? Muri kuzvitevedza here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka. Zvino cherechedzai kuti chimwe nechimwe cheZvisimbiso izvi... .

⁶⁸ Zvino ndauya kuno, uye mibvunzo iya 3 yakabvunzwa Jesu Kristu, “Chii, ko zvinhu izvi zvichavapo riinhi, ‘Hapazova nedombo 1 pamusoro perimwe?’ Ko uyu uchawisirwa pasi riinhi, muzinda wezvekunamata wenyika uyu, uye mumwe uchizomiswa? Munoona, zvichavapo riinhi?” Kutasva kwaantikristu! Maona? Zvino chii chakabuda kundosangana naye? Shoko, Shoko richipikisana neiri shoko.

⁶⁹ Zvakabva zvadzika kuita zvevatongerwo enyika nezvimwe zvose, uye hapo pakaenda kushanda kwenzombe. Maona? Ndicho chechipiri chaicho apa. Uye Jesu akataura kudaro, muna Mateo 24, munoono. Zvino tinobva tadzika kubva ipapo, tichienda kuhungwaru hwevavandudzi, Chipuka chemunhu chakabuda kundosangana naye. Ndizvo zvacho zvakaitika. Zvino tobva tadzika, tevere, kuChisimbiso Chechina, apo antikristu anova mibatanidzwa, uye aine zita rekuti, “Rufu.”

⁷⁰ Zvino tarisai zvakataurwa naJesu, “Zvino aizomukandira mumoto, kunyange nekuuraya vana vake.” Ndirwo rufu, rwuri kutasva. Ndivo vose maProtestanti nemaKatorike, mucherechedzo werufu pane mumwe nemumwe wavo. Munoono, “Iye nevana vake vachaparadzwa.” Saka kana uchivimba nesangano rako, itobuda hako mariri iye zvino.

⁷¹ Uye zvakare pazvakasvika paChisimbiso Chechinomwe, Jesu akabva amira ipapo chaipo. Akazarura Chisimbiso Chechitanhatu, achiti, “Mwedzi waizoshandurwa kuva ropa, uye nerima nezvose.” Zvinhu izvi zvaizoitika. Takauya pano chaipo uye ndokuzarura Chisimbiso Chechitanhatu. Mushure mekunge Chisimbiso cheChitanhatu chazarurwa, ipapo ndokudzoka shure chaiko uye ndokuratidza zvimwe chetezvo.

⁷² Hezvoka izvo, nenzvimbo 3 dzakasiyana muMagwaro, dzakasunganidzwa pamwe chete nechizaruro. Maona? Tarisai. Nzvimbo iyo Jesu yaakareva kudaro; nzvimbo iyo paAkazarura Bhuku, yakanga yakavanzwa kubva pamavambo enyika; uyezve chizaruro chezuva rino iri, kuchiiisa imomo chaimo, chinosunganidza 3 izvi pamwe chete. Zvino 3 huchapupu. Saka, ichokwadi. Ichokwadi chamazvirokwazvo.

⁷³ Zvino, mhandara idzi dzinouya apa, ndivo vacho vanovata, uye zvakare mutumbi wose unoubwa neboka iroro. Iro rinoumba...munoono, kuumba mha—mhandara dzakachenjera. Uye mhandara dzisina kungwara ndidzo idzo dzakatangira kumashure uko panguva imwe cheteyo yakatanga mhandara dzakachenjera, antikristu, uye ndivo avo vanoedza kutenga Mafuta.

⁷⁴ Zvino chingotaraisai pano muone kuti zvakakwana zvakadii, kwese kwamunoenda. Dai ndaigona kumira pano uye ndotaura zvinhu zvakazarurwa mukamuri iyoyo, ndinokuudzai, zvaizotenderedza misoro yenyu. Asi uchazviita sei, iwe uine nyaya yacho yose pano?

⁷⁵ Uye zvakare, neimwewo nzira, kana uchinge wabva pane vanhu, kunobva kwatanga kuzaruka zvakavanzika. Wobva waona zvinhu zvausingatomboda kutaura kuvanhu, zvakare. Nokuti, munoono, kana zvikadarwo, vaizotanga tumwe tuzvitevedzwa tudiki.

⁷⁶ Uye zvakare ngationei zvakaitwa nechipo chidiki chekupodza ichi, kuti chakavhiringa sei chechi. Munhu wese

aive nekutekenyedzwa, munhu wese aive *neichi*; uye pakadzika chaipo mumoyo mangu, (Mwari vanoziva kuti ichokwadi), ndaiziva kuti zvakanga zvisina kunaka, nokuti Vakandiudza kudaro. Maona? Asi kutevedzera kwenhema, kwekurasisa vanhu chete. Zvino, ndizvozvo chaizvo. Zvino, asi, munoona, haugone kutura zvinhu izvozvo. Zvakangonaka kuzvisiya zvakadaro.

⁷⁷ Uye munorangarira here Kudhonza Kwechitatu? Akati, “Usaudze munhu.” Ndakati chaive chii ichocho? Vangani vanozvirangarira? Chokwadi. Rangarirai, ndakamira ipapo, ndichiedza kuisa tambo muburi riya reshangu diki iya, muchiratidzo? Akati, “Haukwanise kudzidzisa vana vechiPentekosti zvinhu zvemweya.”

⁷⁸ Ndikati, “Uku kuchange kuri Kudhonza Kwechitatu, uye haKuzozivikanwi, zvechokwadi chaizvo, nenyasha dzaMwari.”

Zvino—zvino, ta—tasvika zasi chaiko panguva yekupedzisira zvino. Hapachina nguva yakareba kusvika Chigaro cheTsitsi chava Chigaro cheKutonga. Muchiona zvinhu izvi zvichipinda, nevanhu ava vachipinda, zviri nani upindewo mukati, zvakare, kana usati watopinda. Maona?

⁷⁹ Zvino, “Takaungana munzvimbo dzeKumatenga,” munoona, zvinorevawo zvakare zvinopfuurira kungofara. “Munzvimbo dzeKumatenga,” kana makaungana chaizvo muna Kristu, chinhu chinotyisa.

⁸⁰ Kumira pedyo ne... Mutumwa waJehovha uyu, unofunga kuti unenge uchingodanidzira nokuzhambatata. Izvozvo, handizvo. Zvinokuvhundutsa kunge uchafa, potse. Maona? Saka, munoona, pane—pane mutsauko mukungofara uye kutamba kwakanyanya, zvinova zvakana, uye zvakare tochiuya tichidzika kuchinhu chaicho. Maona? Maona? Ndipo apo pane kutya. Chinhu chinotyisa. Kweke kuti unotyia kuti warasika; asi chaizvoizvo kuva pamberi peNgirozi, uye neMweya Mutsvene pachaWo wakamira ipapo.

⁸¹ Zvino, ivavo vachava chikamu cheMwenga. Ndivo vachauumba, munoona, avo vose vanovata. Uye isu hatigone here zvachose kuona... .

[Muchina wekurekodha unoitwa dambudziko. Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...kunamata zvino kuti Mugopodza vanhu ava, kubudikidza nemahengechepfu aya, aiswa pavari. MuZita raJesu. Amen.

Zvino, zvakana here zvino? [Hama dzinoti, “Ameni.”—Mupepeti] Maita henyu. Pane atsika chimwe chinhu here? [Imwe hama inoti, “Tine marekodha akawandisa patambo iyoyo.”] Marekodha akawandisa anoita kuti iremerwe zvakanyanyisa. Maona? Zvakana, chingochinjanisai. Ingotorai imwe tepi mochinjanisa tepi yacho, mobva maigadzira kubva pane iyoyo. Zvino, cherechedzai zvino mubvunzo unotevera.

174. Vavhangeri vanofanira kuenderera mberi mumunda wekuvhangeri here?

⁸² “Munguva ino,” ndizvoka, zvavanoreva. Hongu, zvirokwazvo. Pasave nechamunoshandura. Kana Jesu ari kuuya mangwanani, paridza nhasi sekunge kwaizova mumakore 10 kubva nhasi, asi rarama sekunge zvichava munguva ino chaiyo.

⁸³ Musa—musavhiringidzike zvino. Ndizvo zvacho zvandiri kuedza kukuyambirai pazviri, munoono. Ingoregai kuva vasinganzwisisike, vakasiyana. Musachinje chinhu. Asi kana uri kuita chimwe chinhu chisiricho kana kuita chakashata, tendeka, munoono, dzoka kuna Mwari. Ramba uchiita basa rako rehuvhangeri sezvawaingogaroita.

⁸⁴ Kana uri kuvaka imba, isimudze. Jesu achinzi anouya mangwana, iwe wanikwa wakatendeka uri pabasa rako. Kana muri kuvaka chechi, endererai mberi, isimudzei. Ndingasva hangu ndaisa mari yangu mune chinhu chakadaro, pane kuwanikwa ndinayo muhomwe mangu. Maona?

⁸⁵ Saka chingo—chingoramba uchipfuurira mberi, enderera mberi sezvauri. Munhu wose anzwisisa zvino here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Enderera mberi, uye ingoenderera mberi sezvauri. Zvino, usango—usangomira chete. Usaite chinhu... Ingoramba uchienda mberi sezvaungori. Ramba uchishumira Ishe.

⁸⁶ Zvino, semuenzaniso, kana waiva—kana waiva uchishandira mumwe munhu, uye uchiziva kuti kwasara maminiti 15 kuti uchienda. “Zvakanaka,” waizoti, “aa, kuchingori nemamwezve maminiti 15, saka ndichangoenda zvangu ndonogara pasi.” Unosara nekuda kwemaminiti 15 iwayo.

⁸⁷ Kana uri kudyara gorosi; dyara gorosi rako. Uri kuchera matapiri; pfuurira mberi, achere. Unoti, “Asika, hapana achadya”? Hazvina kana mutsauko wazvinoita. Acherere, zvakadaro. Maona? Hongu. Ingoenderera mberi sezvauri.

⁸⁸ Ndakatambira tsamba kubva kune mumwe munhu rimwe zuva. Mumwe munhu akavaudza, akati, “Asika, nguva yaswedera. Tengesai purazi iri. Zvino hamuzodi chikafu chamunorarama nacho, kubva papurazi iri,” akati, “nokuti Mireniyamu iyi ichatanga, uye hamuzova nebasa naro. Saka chitongoendererai mberi... Uye apo nguva yeKutambudzika paine iri kuitika, vana venyu havana kuponeswa, saka chingovaregai... Regai—regai vana vawane purazi, pavanogona kudyana kubva pariri, asi imi mese tengesai purazi renyu,” uye—uye, kana chimwe chinhu chakadaro. Uye, oo, vakanga vanaro... .

⁸⁹ Ndikati, “Oo, ini zvangu!” Kana ndikaziva kuti Ari kuuya mangwana, uye ndiri murimi, ndinongosima mbeu dzangu nhasi. Chokwadi. Kana Akandiita murimi, ndicharamba ndiri pabasa

rangu chaipo. Ndizvozvo. Kana Akandiita makanika, akati ndiani. . .

⁹⁰ Mumwe munhu akati, rimwe zuva, akati, “Mumwe muchinda akauya ndokuti, ‘Nhai, hama, munozivei?’ Akati, ‘Ndichakupai rimwe tsumbu rechipiri remakiyi. Ndakatenga motokari itsva.’ Akati, ‘Ndichakupai tsumbu rechipiri remakiyi,’ akaudza mufundisi wake. Akati, ‘Ndichakupai tsumbu rechipiri remakiyi, nekuti Kubvutwa kunogona kuuya, munoziva, uye,’ akati, ‘handizodzidi zvachose.’” Mufundisi vanga vari kuzokupotsa, munoona. Oo! Ndiko kugadzirira, handizvo here? Zvakanaka. Asi ndizvo—ndizvo zvazviri, munoona, hatifanire kuva saizvozvo.

⁹¹ Tinofanirwa kuva mu—Mukristu ane pfungwa dzakakwana, akasimba, munoona, wekuti ndakaiswa pano kuti ndishande kusvika paminiti yekupedzisira chaiyo. Ndine basa rekuita, uye ndichanyatsowanikwa ndakatendeka panzvimbo yebasa. Kana Akauya mangwanani ano, ndinoda kunge ndakamira pano chaipo papurupiti.

⁹² Unoti, “Hama Branham, kana Aizouya mangwanani ano, hamufanire here kunge muri kunze *uko*?” Kwete, changamire!

⁹³ Ino ndiyo nzvimbo yangu yebasa. Ndichange ndakamira ipo pano, ndichiparidza, paAnouya, ndichitaura zvinhu zvimwe chete zvandiri kutaura. Zvino, paAnouya, ndinozongonyastobuda pamwe naYe, munoona.

⁹⁴ Kana ndiri kusakura matapiri, ndichange ndichingosakura, nesimba randinongogona naro. PaAnouya, ndinongosiya badza ndoenda.

Rangarirai mugore rejubheri? Kana vaisaku—sakura nebadza, vairamba vachingosakura. Vaiziva kuti gore rejubheri rasara zvichida nemamwe maminiti 10, uye hwamanda icharira mugore rejubheri. Vaingoramba vachiunganidza huswa, kana chero zvavainge vachiita. Asi kana hwamanda yarira, ipapo vaidonhedza forogo yehuswa, votoenda. Maona? Ndizvozvo, chingoramba uchiisa huswa kusvikira hwamanda yarira. Zvakanaka.

[Pane ruzha runonzwika kubva pane chimwe chinhu chiri pedyo—Mupepeti] Mubvunzo: “**Maererano nekuzarurwa. . .**” Ndizvo here. . .? Pane chaitika here? Huh? Cha—chaita ruzha kumusoro kuno. Mubvunzo:

175. Maererano nokuzarurwa kweChisimbiso Chechishanu—Chechishanu, Mosesi naEria vano—vanofanira kufa. Ko Enoki achadii?

⁹⁵ Handizive. Maona? Ini—ini. . .Kana ndisingazive, ndichangokuudzai kuti handizive. Maona? Ini—ini handi—ini handizive mhinduro dzese, hamawee. Ini—ini handizive. Uye kana ndisingazive, ndichakuudzai kuti handizive. Kana

ndichiziva. . . Handikuudzei kusvikira ndave kuziva, munoona. Asi ini—ini handizive.

⁹⁶ Ndakagara ndichitopishana mupfungwa nezvazvo, ini pachangu. Kwaiva naEnoki. . . Ndinooona Mosesi achiuya, uye Eria achidzoka, uye vouraiwa, munoona, asi zvino Enoki akashandurwa nguva isati yasvika. Ndagara ndichifunga, nekupishana mupfungwa, pachangu, “Asika, ko, ko izvozvo?”

⁹⁷ Asi, zvino, heino nyaradzo yoga yandinogona kutaura, ndeyi. Zvino cherechedzai, Mosesi akashumira Mwari kwemakore 40 chete. Maona? Aive—ave ane 120. Asi makore 20. . . Makore 40 okutanga, ndinoreva kudaro, akanga achiwana dzidzo yake. Ndizvo here? Makore 40 echipiri, Mwari vakanga vachiibuditsa kubva maari. Uye makore 40 echitatu, akashumira Mwari. Maona? Zvakanaka. Asi Enoki wakafamba pamberi paMwari makore 500, asi akanga asina chaangapomerwa. Maona? Maona? Saka, Mosesi anodzoka kuzoshumira imwezve nguva; iye pamwe naEria.

⁹⁸ Zvino, izvozvo, handiti ndizvozvo, munoona. Ndangokupai izvozvo kuti mufunge, munoona. Asi kungotaura kuti chikamu chipi, handizive. Handikwanise chaizvo kukuudzai kuti chii—chii chakaitika ipapo, kana zvichaitwa naMwari.

176. Chii zi—zita re. . . richava pavanhu vaZvakazarurwa 3:12?

⁹⁹ Ini—ini handizive. Hongu. Akati, “Akavapa zita idzva.” Ini—ini—ini handizive kuti iroro chii, munoona. Zvichida richaziviswa kana tasvika ikoko, asi ini—ini handizive zvariri iko zvino, munoona. Munoona, Achaita izvozvo. Maona? Akavapa zita idzva iro—iro ravaingoziva, ivo chete. Maona?

177. Zvino, Hama Branham, pane Gwaro riripo here rinobvumidza wanano mushure mekurambana? Izvi zvakanakosha zvikuru.

¹⁰⁰ Uri kuti, “Zvakakosha.” Zvakanaka, ndicho chikonzero. . . Wanga usiri kurevera izvi. Sekuona kwangu, hama yangu, kana hanzvadzi, chero waangava, hapana, kunze kwekunge mumwe wako afa. Nekuti, Bhaibheri rakati, “Takasungirwa kwavari chero bedzi vachirarama.” Maona?

¹⁰¹ Saka, kana—kana iri nyaya yekuti “chero Rugwaro?” Ndizvo zvabvunzwa pano, “Pane Gwaro riripo here?” Maona? “Pane chero Gwaro riripo here?” Kwete randinogona kuwana, munoona, kwete rwandinogona kuwana.

Nokuti, Pauro akati vaviri va—vakaroorana, “Kana mumwe wacho afa, saka vakasununguka zvino kuti varoorane nechero wavanoda muna Ishe.” Asi kusvika ipapo, asi, tarisai, zvitorei kuti, “Kusvikira rufu rwatiparadzanisa.” Ndizvozvo. Wakatotora mhiko kare pamusoro pazvo, munoona.

¹⁰² Saka, handifunge kuti pane riripo. Zvino, kana pane riripo. . . Kana iwe ukawana rimwe, uye riri izvo chaizvo,

handiti, zva—zvakanaka. Asi, ini pachezvangu, ini—ini handina randakawana.

178. Ko kuti “chenjera kuti usakuvadza mafuta newaini” zvinorevei, muna Zvakazarurwa 6:6?

¹⁰³ Mweya Mutsvene. Maona? Tichangobva mukupedza izvozvo. Zvichida mumwe munhu, munoziva, akauya ati nonokei kuMharidzo, ivo . . . zvakanaka, kune mamwe matepi, munoono.

“Usakuvadza mafuta newaini.” Ko mafuta newaini zvinorevei?

¹⁰⁴ Mafuta, sezvatakaatora semufananidzo, anoreva Mweya Mutsvene. Maona? Waini ndiyo . . . nemafuta, zvakabatana pamwe chete, muBhaibheri, mukunamata. Maona? Uye waini, sezvatinoisa, ndipo pandakawana pfungwa yacho, “Kutekenyedzwa.” Waini inotekenyedza. Uye waini, iri mune chaifananidzirwa chayo—chayo chezvaingori, zvibva pakutekenyedzwa, chizaruro.

¹⁰⁵ Zvino chimbofungai. Chii chinotekenyedza Chechi? Chizaruro. Maona? Saka, waini, waini itsva, yaizova . . . Zvino tarisai. Mafuta newaini zvakafambidzana pamwe chete, muchibayiro; zvakafambidzana pamwe chete, mu—mukunamata kwechechi. Zvino cherechedzai, mucherechedzo pamwe chete, zvakabatana pamwe chete.

¹⁰⁶ Kana muine bhuku rendima dzinoenderana, tarisai uye moona rundaza rwose apo waini nemafuta zvinosanganiswa pamwe chete mukunamata. Kana muine ra—raCruden, iroka, rinotaura kumusoro uko.

¹⁰⁷ Zvino cherechedzai pane izvi. Asi zvino, munoono, mafuta ari nguva dzose Mweya Mutsvene. Tinozviwana izvozvo muna Ezekieri. Uye tinozviwana muTestamende Yekare. Tinozviwana kubudikidza nemuTestamende Itsva yese.

¹⁰⁸ Sei tichizodza vanorwara nemafuta? Tinozodza vanorwara nemafuta nekuti zvinomiririra kudururwa kweMweya Mutsvene pavari. Maona? Zvakare, mhandara yakachenjera yakanga ine Mafuta; isina kuchenjera yakanga isina Mafuta, Mweya, munoono. Zvino, ndiwo Mafuta. Uyezve waini, iyo—ndiyo . . . Kana mafuta achimiririra, achimiririra Mwari. Mwari Mweya. Maona?

¹⁰⁹ Mwari iShoko. “Pakutanga Shoko rakanga riripo; Shoko rakanga riri kuna Mwari. Shoko rakaitwa nyama, zvino raiva Mwari.” Zvino, saka, kana Shoko zvino mune . . . rigere pano riri muchimiro chenyama zvino, waini yakaita semvura, iyo, kana kuti chizaruro chinozarura dudziro iyoyo yeShoko, chinotekenyedza mutendi, munoono. Ini zvangu, vanongoti, “Handisati ndamboZviona kana! Ini zvangu! Kubwinya!” Chimbori chii? Munoono, kutekenyedza, munoono, kwechizaruro.

¹¹⁰ Handina kuzviziva kusvikira rimwe zuva, ndigere ipapo, zvakare. Maona? Zvino, ndizvo, “Ko mafuta newaini...?” Zvaiva izvo, “Uone kuti usakuvadza.” Ndiye aiva mutasvi webhiza dema. Uye makanga muri munguva yezera rerima, zera rechitatu re—rechechi. Cherechedzai. Uye, imomo, “Pangosara shoma-shoma chete yaZvo, shoma-shoma chete, asi usaZvikuvadza.”

¹¹¹ Uye ndinotenda kana mukawana ichocho, Chisimbiso Che—Chechitatu, patepi, mucha...muchazozviwana ipapo, patakazvitsanangura mune zvakadzama, kana kuti muhudzamu, waro.

179. Hama Branham, ko Bhuku reHupenyu reGwayana, neBhuku reHupenyu, iBhuku rimwe chete here?

¹¹² Chokwadi, munoono, nokuti ndimo makanyorwa rudzikinuro rwose, muBhuku iri. Maona? Mazita avo aive mu...Unoti, “Asika, zita redu rakaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana, Hama Branham. Nda—ndakariita kuti riiswe, humwe husiku.” Kwete, hauna. Kwete, hauna. Wakazongozviziva kuti raiva imomo, humwe husiku, ndizvo zvaiva...munoono, nokuti mazita avo akanyorwa nyika isati yavambwa. Maona? Ndiro, rose iBhuku rimwe chete, munoono.

180. Zvino, Hama Branham, ichokwadi here kuti—kuti muJudha wese, akaberekwa kubva zvakauya Kristu, achaponeswa? Uye ndivanaani ava 144,000? Ndivo here vakatemerwa vachasimbiswa neMweya Mutsvene? Uye basa ravo nderei?

¹¹³ Pane mibvunzo 3 mune 1, ipapo. Asi, heuno, wekutanga:

I—ichokwadi here kuti muJudha wose akaberekwa kubva pana Kristu, akauya panyika, achaponeswa?

¹¹⁴ Kwete. Hapana chichaponeswa, avo chete vane mazita akaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa, muJudha kana Murudzi. Maona? Ndizvozvo chete. Bhuku iri rakabata chakavanzika ichi, uye Bhuku iri riri kungochibhedhenura iye zvino; kwete zita remumwe nemumwe, asi zviri chakavanzika cheBhuku, pariri kudaidza mazita iwayo. Mazvinzwisisa here zvino? Maona?

¹¹⁵ Bhuku haritaure kuti, “Zvino, Lee Vayle achaponeswa munguva yezera rakati rechechi, kana—kana Orman Neville,” kana—kana chero ani zvake. Kwete, haritaure izvozvo. Rinongoratidza chakavanzika, robhedhenura chakavanzika chezviri nyaya yacho. Asi isu, pachedu, nekutenda, tinoZvitenda. Ndizvo zvandakataura humwe husiku.

¹¹⁶ Mumwe munhu akati, “Saka, hapana chikonzero mandiri chekuti ndizviedze. Hama Branham vakati pane 1 bedzi achaponeswa kubva muJeffersonville.” Maona? Zvino, munoono, zviri kuratidza mufananidzo. Izvozvo—izvozvo—izvozvo

handizvo, izvozvo—izvozvo handizvo. Panogona kunge paine zviuru zvakaponeswa. Handizive. Ndinovimba kuti mumwe nemumwe wavo akaponeswa, munoona, asi handizive.

Asi heino nzira yandinoda kuzvitenda nayo, “Ndini wacho iyeye.” Iwe tenda zvimwe chetezvo pauri iwe. Kana ukasadaro, saka pane chakatsveyama nekutenda kwako; hauna chokwadi nezvauri kuita.

¹¹⁷ Ungago—ungagofamba sei kumusoro uko wakatarisana nerufu, iwe usina chokwadi chekuti wakaponeswa here kana kuti kwete? Maona? Ungaenda sei zasi apo woti kumurume uyu akaremara arere apa, akapofomara uye akamonyoroka, “ZVANZI NAJEHOVHA. Simuka! Jesu Kristu akupodza zvizere?”

¹¹⁸ Ungamira sei, mutumbi iwoyo wakare wakatonhora wakaomarara urere ipapo, wafa, uye wanga wafa kwemaawa nemaawa, uye urere ipapo, watonhora uye waomarara; zvino woti, “ZVANZI NAJEHOVHA, simuka umire netsoka dzako?” Ungasva hako, unotofanirwa kuziva zvauri kutaura nezvazvo. Maona?

¹¹⁹ Saka, woti, “Rufu rwunotora zvese. Zvose zvatopera.” Hongu, asi kana Shoko raMwari razarurwa, uye uchiziva kuti ndiMwari, zvinoshandura zvinhu. Ndizvozvo chaizvo.

¹²⁰ Zvino, hongu, maJudha aya haasi. . . Haasi maJudha ose achaponeswa. Kwete, changamire. Haazoponeswi; avo chete vane. . . PaAri kutaura nezve—zvemuJudha, “muJudha,” sezita ravakapihwa mushure mokunge vaenda. . . Ndinotenda kuti, Nebhukadhinezari, uko, ndiye akatanga kuvadana kuti “muJudha,” kutanga, nekuti rudzi rwaJudha rwakaendeswa ikoko. Uye vakapihwa zita rokuti “muJudha,” zvino, nekuti vakabva kuJudhea, zvino vakawana zita rekuti muJudha.

¹²¹ Asi, zvino, Israeri yakasiyana. Israeri, nemuJudha, zvakasiyana zvachose. MuJudha wese—muJudha wese haasi muIsraeri, munoona. Kwete, anongovawo muJudha. Asi, zvino, Israeri. . . Pauro haana kumboti maJudha ose achaponeswa. Akati, “Israeri yose ichaponeswa.” Sei? Zita raIsraeri, ndiro—ndiro zita rerudzikinuro, nzira yose kudzokera shure. Maona? Zvino Israeri yose ichaponeswa, asi kwete Judhea yose—chiJudha chichaponeswa. Maona?

¹²² Zvakangofanana neMarudzi, pachava ne. . . Kune zviuru zvakapetwa nezviuru zve—zvevanhu, hongu, mamiriyoni chaiwo, mumasangano aya, uye vanodana kuti “Christian, church of Christ,” neose mazita akadaro. Izvozvo hazvina chinhu 1 chazvinoreva. Kwete. . . Izvozvo hazvireve kuti vachaponeswa.

Vanhu vanoti, “Zvino, unofanirwa kuva *weiyi* kana *iyoyi*, sangano, rimwe sangano. Kana zita rako risimo mubhuku redu, wakararika.” Zvino, iroro iboka rinotenda zvakatsauka. Maona? Iroro iboka rinotenda zvakatsauka. Maona?

¹²³ Pane nzira 1 chete yaunogona kuponeswa nayo, uye, ndiko kuti, “Kwete uyo anoda, kana uyo anomhanya, uyo ano . . . Zvino, ndiMwari Vanoratidza tsitsi.” Uye Mwari, nekufanoziva kwaVo, vakafanotemera Chechi kuitira kubwinya kwaVo, uye ndivo avo vakaponeswa. Ndizvo. Zvino, kutenda kwako kwakanyatsoiswa hoko Ipapo!

¹²⁴ Unoti, “Asika, kutenda kwangu kwakaiswa hoko Ipapo.” Zvino tarisa mhando yehupenyu hwauri kurarama. Unoonaka kuti haukodzeri Ipapo. Hoko yako haina kunaka. Wakaiisa pajecha pane kuiisa padombo. Saisai diki rekutanga richairasira kwakadar. Uh-huh.

¹²⁵ Rega Shoko ringozarurwa mune chimwe chinhu. “Chechi yangu haidzidzise iZvozvo!” Zvinoratidza pakare ipapo kuti wanga usina kurovererwa padombo. Wanga uri mujecha. Uh-huh. Ndizvozvo chaizvo. Saka, zvino munoonaka, zvino.

Uye 144,000, ndivo vakafanotemerwa here?

¹²⁶ Hongu, changamire. Ndiyo Israeri, Israeri yepamweya.

¹²⁷ Chimbofungai, kuchave nemamiriyoni avo imomo. Handizive kuti vangani varimo imomo zvino; ndinodaira kuti boka rose, asi havasi vose vachaponeswa nekuda kwekuti vari muJudhea. Maona?

Mune ruzivo here kuti vangani varipo iko zvino? Handizive. Asi zvichida vari . . . Mushure mekutambudzwa kunotevera uku kwatanga kusimuka . . . Vari kuungana ne . . . Munoziva, ndine tepi ine chekuita navo, yandiri kuenda nayo kumadokero zvino ku—kune imwe kereke ye—ye—yeCovenant iri pa . . .

¹²⁸ Inongori yekare . . . Oo, ndakanganwa zvino. Yakatanga . . . Vanavo zasi uko muAfrica. Dutch Reform. Ichechi yeDutch Reform, yeCovenant ndiyo yacho. Zvino, kana paine mumwe wenyu agere pano, ndichakuudzai kuti sei. Muchakabatirira pane Katekazi yeHeidelberg iya yekare, uye ndicho chikonzero chaicho muchiri mune . . . muchiri Dutch Reform. Saka, munogona kukwenenzvera nezita remuAmerica. Ndicho—ndicho chinhu chiri shure kwayo, nokuti muri kudzidzisa kubva pakatekazi imwe chete iyoyo, Heidelberg yekare. Bvunzai mufundisi wenyu kana izvozvo zvisizvo. Maona? Saka, zvino, cherechedzai izvi.

144,000, ndivo here vakafanotemerwa kuti vasimbiswe neMweya Mutsvene?

¹²⁹ Hongu, changamire. Ndizvozvo chaizvo. Zvakanaka. Zvino kana paine chero . . . Zvino kana ndiri . . .

Kana ndisina kupindura, zvinokugutsai, handiti, pamwe ndiri . . . Ndinogona kunge ndiri kukanganisa, munoonaka. Asi, izvi, ndizvo zviri sokuzivisisa kwangu, munoonaka. Izvi ndizvo zviri sekuzivisisa kwangu.

181. Hama Branham, pamakatambudzika kana ku... pamusoro pembeu yenyoka... (Uh-oo, handina kumbocherechedza uyu. Uyu wandinzvenga.) ... mbeu yenyoka vhiki rino, zvingave zviri muhurongwa here kubvunza mubvunzo uyu? Shamwari dzangu dzakanditi nditsanangure Genesi 4:1, asi handikwanise. Mungandibatsirawo here?

¹³⁰ Zviri—zviri kunze kwechidzidzo ichi. Asi, zvakadaro, ndicha—ndicha—ndichaedza nepandinogona napo, nerubatsiro rwaMwari. Ngatione zvino. Regai ndigadzirise, kwechinguvana. Ndinofunga ndipo paakati, “Ndawana mwanakomana kubva kunaShe.” Ndi—ndinotenda kuti ndizvo. Ndinofunga kuti Evha akadaro ipapo. Ndichatarisa, kuti ndive nechokwadi.

¹³¹ Nokuti, humwe husiku, ndakati, 7...panzvimbo ye... 700 panzvimbo 7,000. Saka zvinondiita kuti ndisagadzikana zvakanyanya, munooona, uye unotongofanira kunge wakatarisa. Nemuvengi ari kumativi ose, uye u—uchizviziva izvozvo, munooona. Hongu, ndizvozvo.

Zvino Adhamu wakaziva mukadzi wake Evha; iye ndokubata mimba, uye akapona Kaini, ndokuti, Ndawana munhu kubva kuna Jehovha.

¹³² Zvino, ndiri kuzokupindurai mubvunzo, hama yangu, kana hanzvadzi. Uye zvino, rangarirai, kwete—kwete kukurasirai, kwete. Ndiri kuedza kukubatsirai, munooona. Ndinokudai, uye ndinoda munhu anogona kumbenge aive mutsoropodzi pazviri. Asi handifunge kuti munhu uyu anotsoropodza. Vati, “Ndibatsireiwo,” munooona, nekuti vanhu vanozvitenda, asi havana kumira zvakakwana, neMweya, kuti vazive zvekutaura kumunhu anenge avabvunza izvozvo.

¹³³ Zvino, ari kutaura pano zviri mubvunzo wacho, pasina kupokana, kuti vari kuti, “Evha akati akawana munhu uyu kubva kunaShe.”

¹³⁴ Unofunga kuti hupenyu hwaigona kumbouya sei dai husina kubva kunaShe, hungave hwakarurama kana husina kururama? Ndiani akatuma—ndiani akatuma Judhasi Iskarioti panika? Ndiudzei izvozvo. Bhaibheri rakati akaberekwa ari “mwanakomana wokurasika.” Ingovabvunzai iwoyo; zvakaita segonye mundimu, munooona. Maona? Zvino, munooona, havakwanise—havakwanise... Zviri.

¹³⁵ Cherechedzai, zvino, kana uchida kuvatora neimwewo nzira diki yakangwara. Tarisai. Evha akataura pano, kana uchida kuzvitora nemutauro wazviri apa, izvo zvakanyorwa kuti zvizanzwe kubva kumeso, evakachenjera nevakangwara. Evha, apa, nzira yazvinodzidziswa nayo, ndeyekuti Mwari ndivo Vacho vaakabereka navo mwanakomana uyu. Zvino iVo Mweya, uye havagone kudaro. Maona? Zvino tarisai pano, kana muchida kuzvicherechedza. “Ndawana mu—munhu

kubva kunaShe.” Munooona, haugone kuita kuti zvinzwike sezvimwe... Asi zvinofanira kuva nedudziro yazvo chaiyo, munooona. Hongu, changamire. Kwete, changamire, kana zvakadaro, saka mweya . . .

¹³⁶ Uye tinogara tichitevedzera hunhu hwemubereki wedu. Munozviva izvozvo. Tarisai mwana muचेचे, hunhu hwacho. Saka, zvino, Adhamu akanga ari mwanakomana waMwari; Evha akanga ari mwanasikana waMwari; chokwadi, chinhu chekutanga pazvisikwa zvaMwari, chaisagona kuva nekadodzi 1 ke—kechakaipa pachiri. Chakaipa chaisatombozivikanwa.

¹³⁷ Zvino sei Kaini aiva murevi wenhema, mhondi, nezvimwe zvose? Zvakabva kupi? Ingozvibvunza mubvunzo iwoyo. Ndiyo yaive mbeu yenyoka. Maona? Bhaibheri haritauri kudaro here? Tarisai mbeu yake nzira yose zvichidzika zasi. Mune izvozvo, anova . . .

¹³⁸ Ko nyika inombori yaani? Dhiyabhore. Ndiani anoitonga zvino? Dhiyabhore. Ndizvozvo chaizvo. Dhiyabhore ndiye anotungamira mafambiro enyika. Akaudza Jesu, akati, “Unoona kunaka kwayakaita, kubwinya kwese? Ndinoipa kwaUri kana Ukandinamata.” Munooona, ndiye mutungamiri wayo. Zvino ndiye muridzi wayo.

¹³⁹ Zvino tarirai, vana vake vakachenjera; vana vadhiyabhore. Kana kuti, tora vana vaKaini, kana uchida, wodzika navo nemumadzinza chaimo, zvino unooona kuti vakanga vari varume vakachenjera, mumwe nemumwe wavo.

¹⁴⁰ Asi zvino paakauraya Abheri; uye Mwari vakamudzorera Seti, aiva mufananidzo wevakarurama, vokudzikinura; achinge akafa, nekumukazve. Uye kubva ipapo . . . Zvino tarisai. Kwete kubva pambeu yekutanga, yepanyama; vakafa. Zvino mune pfungwa dzenyu dzakazaruka here? Maona? Mbeu yekutanga, yembeu yepanyama, yakangonakawo zvayo, yaifananidzira chechi yechizvinozvino, Abheri. Kuitira kuchengetedza muhwezva ihwohwo hwedzinza huchidzika, uyo akafa kuti mumwe wacho amuke, munooona. Saka, kunofanirwa kuva kuberekwa patsva, zvakare. Mazvibata here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka, kungoita kuti muzvinzwisiswe, munooona. Maona?

¹⁴¹ Hezvoka izvo, mufananidzo wakakwana. Saka kunyangwe munhu wenyama, akaberekwa na—naAdhamu, baba vake, anoratidza maitiro iwayo epanyama. Hazvishande; munhu wenyama haanzwisisi zvinhu zvaMwari. Saka paive neMunhu akauya ari wenyama, ndokufa, kuitira kuti adzoreredze izvozvo zvakare; uye anomiririrwa murufu rwa—rwa—rwaAbheri, nekutsivaniswa na—naSeti.

¹⁴² Zvino tarisai kuti vakanga vari mhando yevanhu vakaita sei, zvino, mweya iwoyo wakabuditsa kubva maari; varimi, vakaninipa, vafudzi vemakwai. Tarisai zvakabva muhuchenjeri

uhwu hwenyika pano; varume vakangwara, vavaki, uye—uye nesimbi, uye nemhando dzose dzekutesva njere nezvimwe. Tarisai kwavakagumira, kure, kure, zasi uko, zvino Mwari ndokuparadza mumwe nemumwe wavo, mumwe nomumwe wavo, ndokuponesa vakaninipa. Jesu haana here kuti, muna Mateo 5, “Vanyoro ndivo vachagara nhaka yenyika”?

¹⁴³ Saka, hongu, usanetseka. Havana kana chinhu 1 chokuti vangaratidza. Maona? Havatendi kuti iye mwanakomana waKaini. Asi tine tepi pane izvozvo, kana muchida kuzvinzwa zvichitsanangurwa muhudzamu. Maona? Kwete, changamire.

¹⁴⁴ Zvino ndakaona vane chikamu mubepa kumusoro uko, apo sainzi zvino yava kuzoratidza kuti “Evha haana kumbobvira akadya apurosi. Akadya apirikoti.” Maona? Ndine bepa racho kumusoro uko kumba zvino, munoono. “Raiva apirikoti.” Ko vanhu vanosvika sei—vanosvika sei paku... Idzodzo ipfungwa dzenyama, munoono.

“Zvino, chaizvoizvo, Mosesi haana kumboyambuka mvura. Akayambuka nemugungwa retsanga; akayambutsa Israeri nechokumucheto kuri kumusoro kweGungwa Rakafa. Paiva nechitsamha chetsanga ipapo, gungwa rose retsanga, apo pakambova nemvura imwe nguva, ikadzika pasi. Zvino Mosesi akatora nzira yekudimbudzira ndokupoterera naikoko.” Zvino machechi eOrthodox akazvigamuchira. Makazviona izvozvo. Machechi eOrthodox akazvigamuchira, kuti ndizvo zvazvaiva.

¹⁴⁵ Oo, vanhuwee, hamuone here mbeu yenyoka iyi, antikristu uyu, nenyaya yacho yese iri ipapo chaipo? Chokwadi. Hongu, changamire.

Hama Branham, ndapota namatirai mudiki wangu...
(Zvakanaka, chikumbiro chemunamoto; ndachiona.)
Namatirai muzukuru wangu mudiki, ari kurwara zvikuru nedzihwa. Ari muRiverview Hotel.

¹⁴⁶ Ishe Jesu, munhu uyu anonzvisa urombo ari pano haana kunyorera izvi pasina. AkaKuonai muchibvisa nemaune kunyange rheumatic fever kubva pamukomana mudiki humwe husiku. Anoziva kuti Muri Mwari mukuru, uye tinopira minamoto yedu kuitira mukomana mudiki uyu. NemuZita raJesu Kristu, dai apodzwa. Amen.

¹⁴⁷ Kana mumwe munhu anyora chero chinhu, hazvisi pasina. Ivo—ivo—ivo vane... Zvisinei nekuti zvinonzwika kuva nyore zvakadii kwatiri, uye zvakawanda sei, asi—asi pane chimwe chinhu seri kwazvo, munoono; mudzimai uyu, kakomana kadiki aka, chimwe chinhu.

182. Ko Eria, anouya kuzoparidza kumaJudha, ndiye here murume chaiye akararama panyika, kana kuti uchava mweya waEria mune mumwewo munhu?

Zvino, izvozvo, ndi—ndinotya kuzviture. Handizive. Maona? Regai ndizviverenge zvakare.

Ko Eria, anouya kuzoparidza kumaJudha (oo, hongu), ndiye here murume chaiye akararama panyika, kana kuti uchava mweya waEria mune mumwewo munhu?

¹⁴⁸ Zvino, dai ndaigona kupindura izvozvo nemazvo, ndaigona kukuudzai nezvaEnoki, munooona. Asi ha—handikwanise kuzviita, munooona. Chinhu chimwe chete chandinoziva ndeizvo, chete, Gwaro rinotaura zvazvichava. Uye zvino zvinogona kunge zviri. . . Zvino, ndi—ndinoita sekurerekera. . . Zvino regai ndizviture nenzira iyi. Uye ndinovimba kuti tepi, hama dziri pamatepi, dzichazvinzwisisa. Ndakarerekera kutenda kuti vachave varume vakazodzwa, nemweya wavo. Nokuti, munooona, anoti, “Hausi here. . . pana Erisha? Ko mweya waEria hausi pana Erisha here?” Munooona, “mweya waEria.” Uye akaita sezvakaita Eria, munooona. Saka, ini, kana ini. . . Asi handigoni kutaura kuti ichokwadi. Ini—ini handizive, munooona. Ndinoreva chokwadi kwamuri. Handizive.

183. Hama Branham, mungandipindurirewo here uyu, pamusoro perubhabhatidzo? Mateo 28:19 inodzidzisa kuti, “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Uye Petro, muna Mabasa 2:38, “muZita raIshe Jesu.” Shanduko iyi yakaitika rinhi muna Mabasa eVaapostora? Zvino, ndinotenda, “muna Ishe Jesu.”

¹⁴⁹ Zvakanaka, hama kana hanzvadzi, chero ani akazvinyora, ha—hapana shanduko yakaitika, munooona. Izvo. . . Zvino Petro akaita chaisvo zvakataurwa naJesu kuti aite. Zvino, kana mumwe munhu akauya oti, “Shandisai madunhurirwa aBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” vakaita zvakataurwa naPetro kuti vasaite, asi zvakataurwa naMwari kuti vasaite. Maona? Zvino, Jesu akataura kuti. . .

¹⁵⁰ Tichango—changotora zvisoma-shoma, apo, ndinoda kungokuratidzai chimwe chinhu pano. Cherechedzai. Zvino cherechedzai, kana uri pano, munhu wacho. Ndichaisa zvidimbu 3 zvechinhu pano. Zvino tarisai, *ava* ndiBaba, *uyu* Mwanakomana, *uyu* Mweya Mutsvene; sekutenda kunoitwa nevanhu vanotenda zvehutatu, vanotenda kuti vanhu 3 vakasiyana. Vanozvitenda izvozvo. Maona? Zvakanaka, zvino, zvino regai ndi. . .

¹⁵¹ Uyezve muna Mateo 28:19. Jesu akati, “Endai munyika yose, uye muparidze Evhangeri kuchisikwa chose. Uyo. . .” Kwete, ndiregerereiwo. Ndiri kutora muna Mabasa zvino, kana kuti muna Mabasa 2, ndinotenda kudaro. Kwete, Ruka 24:49, ndiyo yandiri kutora. Akati. . . Regai ndiiverenge, zvino ndaiwana, munooona, uyezve. . . nekuti rimwe zuva ndakataura kudaro apo ndaingende ndisina. . . Ndinoda kuva nechokwadi kuti ndazviture zvakanaka. Ndi—ndinoziva dunhurirwa rezvamuri kutaura

ipapo, asi ndoda kungitora chete zvaAkataura. Ngatitangirei pandima 16, ya 29. “Zvino 11 vakati vagara pakudya, ivo. . .”

Zvino 11. . .vakaenda muGarirea, mugomo ravakarajirwa naJesu.

Zvino vakati vachimuona, vakamunamata: asi vamwe vakapokana.

Ipapo Jesu akauya akataura kwavari, achiti, simba Rose riri kumatenga nepanyika rakapihwa kune. . . Masimba ose akapihwa kuneni ari kumatenga napanyika.

152 Zvino simba raMwari riri kupi? Ko Mwari vari kupi? Kana simba rose kubva Kudenga, nesimba rose riri panyika, rakapihwa, saka Mwari vari kupi? Hoyo Uyo, munoona. Ndiye ari kutaura nemi. Zvakanaka.

Endai naizvozvo, munodzidzisa marudzi ose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, neroMwanakomana, uye, zvakare, neroMweya Mutsvene.

153 Zvino nharaunda yevanhu vanotenda zvehutatu pane izvozvo, “Ndinokubhabhatidza muzita raBaba, muzita reMwanakomana, muzita reMweya Mutsvene.” Izvo hazvitorimo muMagwaro Matsvene. Maona? Akati, “Vabhabhatidzei muZita raBaba, nereMwanakomana, nere. . .” Kwete nemu. . .zvino woisa zita pamberi perimwe nerimwe. Zita 1! Tarisai pano. Haana kuti, “Vabhabhatidzei mumazita.” Z-i-t-a, Zita 1, “MuZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Maona?

154 Zvino ndinoda kukubvunzai. Ko baba izita here? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Ko *mwanakomana* izita here? [“Kwete.”] Vangani vanababa vari pano? Ndiani wenyu ane zita rekuti “Baba”? Vangani vanakomana vari pano? Ko vanhu vari pano vangani? Maona? Zvakanaka, ndiani wenyu ane zita rekuti “Baba,” “Mwanakomana,” kana “Munhu”? Maona?

155 Sezvakataurwa nemumwe mudzimai imwe nguva, akati, “Hama Branham, *Mweya Mutsvene* izita. Munhu.”

156 Ndikati, “Hongu, Changamire. Ndiri munhu, asi zita rangu harisi ‘Munhu.’ Ndiri munhu, munoona. Zita rangu ndiWilliam Branham; asi ndiri munhu.”

Mweya Mutsvene Munhu. Ndizvo zvaUri. Harisi zita; idunhurirwa raMwari Puzima. Maona? Idunhurirwa rehunhu hwaMwari, zvaVari. Zvino—zvino kana. . .

157 Akati, “Endai naizvozvo, uye mugodzidzisa marudzi ose, muchivabhabhatidza muZita raBaba, nereMwanakomana, Mweya Mutsvene.” Kwete, “muzita raBaba, zita reMwanakomana, zita reMweya Mutsvene.” Kana, kwete kuti “mumazita raBaba, nereMwanakomana, Mweya Mutsvene,” asi, “MuZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Zvino

kana “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene” risiri zita, saka munotii nazvo?

158 Tomboti kana riri “zita,” zvakanaka, nderipi racho? Unoda kudaidza 1 rawo kuti zita, nderipi zita racho? Kana uchida kudaidza dunhurirwa kuti zita, saka izita ripi, idunhurirwa ripi raunoda kubhabhatidza naro, “Baba” here kana kuti “Mwanakomana”? Rimwe chete, munoona.

Zvino todzoka kuno muna—muna...zvino ndiro bhuku rekupedzisira raMateo.

159 Sezvandagara ndichitsanangura. Kana ukaverenga nyaya yerudo, uye yakanzi, “John naMary vakararama vachifara kubva panguva iyoyo zvichienda mberi.” Munoona, imhaka yekuti hau—hauzivi kuti John naMary ndiani. Dzokera kumavambo enyaya yako, uone kuti John naMary ndiani. Maona?

160 Zvino ndizvo zvauri kuita pano muna Mateo. Uri kungoverenga chikamu chekupedzisira chayo. Dzokera kwekutanga kwaMateo woverenga zviri nyaya yacho. Ndicho chitsauko chekupedzisira chaMateo, nendima dzekupedzisira.

161 Zvakafanana nekuti watora bhuku, uye woti, “John naMary vakararama vachifara kubva panguva iyoyo zvichienda mberi. Aiva John Jones na—naMary *Nhingi-nhingi*? Ndizvo zvakanga...? Kwete, akanga ari John...? Aiva John Henry uye uyu aiva *Nhingi-nhingi*? Uyu ndiJohn *Ngana* uye na*Nhingi-nhingi*?” Kwete, uchigere kuziva, munoona. Chinhu chega chekuita, chekuva nechokwadi, kudzokera mubhuku wozviverenga. Munoona, haugone kutora chidimbu *apa*. Unofanira kubatanidza nyaya yacho yose pamwe chete, kugadzira mufananidzo wacho.

162 Zvino dzokerai kuna Mateo, chitsauko 1. Uye chinoenda chichipa rondedzero yemadzinza, achidzika zasi pachitsauko 1. Zvino chinodzika kusvika pandima 18, uye choti, “Zvino kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva kwakadai.” Ndizvo here?

163 Zvino ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Zvino teererai zvakare. Imi, munozvidaidza. Ndiani *uyu*? Mwari... [Ungano inoti, “Baba.”—Mupepeti] Mwari... [“Mwanakomana.”] Mwari... [“Mweya Mutsvene.”] Zvino ndeupi wacho *uyu*? [“Baba.”] Ndeupi wacho *uyu*? [“Mweya Mutsvene.”] Ndeupi wacho *uyu*? [“Mwanakomana.”] Mwanakomana. Zvakanaka. Zvino tazvibata zvino. Zvino mati *uyu* aiva ani; Mwari *Ani*? [“Mweya Mutsvene.”] Mweya Mutsvene. Zvakanaka. Zvino, zvakanaka.

Zvino kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva kwakadai:
Apo...*mai vake Maria* vakange vatsidzirana na*Josefa*,
vasati vasangana, akaonekwa ava nemwana we... .

164 [Ungano inoti, “*Mweya Mutsvene*.”—Mupepeti] Zvino, ndafunga kuti mati Mwari ndivo vaiva Baba vaKe. Zvino

pane chimwe chinhu chakatsveyama pano; haAkwanise kuva navanaBaba 2. Munozviziva izvozvo. Maona? Zvino pane chakatsveyama. Zvino ndeupi weVarume ava, kana vari Vanhu 3, ndiani waVo ari Baba vaKe? Bhaibheri rinotaura pano, pachena, “Akawanikwa aine mwana weMweya Mutsvene,” Mwari Baba vaive vasina chekuita nazvo. Zvino Jesu akati Mwari ndivo vaiva Baba vaKe, uye tinoziva kuti Mwari ndivo vaiva Baba vaKe. Saka, Akange aina vanababa 2; saka Iye ndewehupombwe, chokwadika chaizvo. Zvino chiona pawazvipinza? Zvino:

Zvino Josefa murume wake, zvaakanga ari munhu akarurama...asingadi kumunyadzisa paruzhinji, akafunga kumuramba chinyararire.

Asi wakati achifunga pazvinhu izvi, . . .

¹⁶⁵ Rangarirai, akanga ari murume akanaka, zvino. Zvino ruoko rwaJehovha ndirwo ruoko rwakaita sezvino; avo vakatemerwa vachazvibata. Maona?

Asi wakati achifunga pazvinhu izvi, tarira, mutumwa waShe akazviratidza kwaari muchiroto, . . .

Muri kutevera muBhaibheri renyu here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka.

. . .akati, Josefa, mwanakomana waDhavhidhi, usatya . . .tora Maria mukadzi wako: nokuti icho chaka . . .gamuchidzwa mukati make ndeche . . .

¹⁶⁶ “Mwari Baba”? Ko ndakanganisa kuzviverenga? [Ungano inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Chokwadi ndadaro. “Iyo mimba yakabata maari,” hainei nechekuita naMwari Baba, ndeye “Mweya Mutsvene.” Uye zvino tinoziva kuti Mwari vakanga vari Baba vaKe. Ndizvo here? [“Ameni.”] Saka chii ichocho? Mweya Mutsvene ndiwo Mweya waMwari, chaizvoizvo. Zvino mazvibata. Maona?

¹⁶⁷ Mwari Baba naMweya Mutsvene Munhu mumwe cheteyo, kana kuti Aiva navanababa 2. Zvinoka i—imhando yemunhu wakadini wamunonamata? Mune mhando yaMwari akaita sei zvino? Maona? Maona? Mwari Mweya Mutsvene, naMwari Baba, unongori Mweya mumwe chetewo.

Zvino iye achazvara mwanakomana, . . .(Muchinda uyu pano) . . .uye ugomutumidza zita rake . . .

Chii? [Ungano inoti, “JESU.”—Mupepeti] “Zita raKe!” [“JESU.”] Zvino rangarirai.

. . .zita rake kuti JESU: nokuti achaponesa vanhu vake nokuti . . .kubva pazvivi zvavo.

Zvino izvi zvose zvakaitwa, kuti zvizadziswe izvo zvakarehwa naShe kubudikidza nemuporofita, kune uyo Shoko rinouya kwaari, *achiti,*

Tarira, mhandara ichava nepamuviri, uye ichazvara mwanakomana, zvino ivo. . . tumidza zita rake kuti Emanueri, iro richidudzirwa kuti, Mwari anesu.

¹⁶⁸ Zita raMwari ndiani? Zita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene ndiani? [Ungano inoti, “*JESU.*”—Mupepeti] Bhaibheri rakati *JESU* ndiro raiva Zita raVo.

Zvino muchinda uyu pano achiedza kuzvikakavara imwe nguva, muno mutabhenakeri, akati, “Hama Branham vapukunyuka kubva mune zvimwe zvose hazvo, asi havazodaro pane izvi.” Akati, “Apa panoratidza vanhu 3 vakasiyana, chaizvo, zvakakwana.” Akati, “Mateo, chitsauko 3! *Pano* Johane ainge akamira, achiparidza; *hoyo* Mwanakomana achiuya, achiuyako kuzobhabhatidzwa. Akapinda mumvura, akabhabhatidzwa naJohane; akadzokera achibuda kubva mumvura. Zvino, ‘Tarira,’ akati, ‘matenga akazaruka kwaAri.’ Uye akati, ‘Ndokudzika kubva Kudenga kwakauya Mweya Mutsvene, senjiva uchidzika. Uye Inzwi rakabva Kudenga, richiti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu wandinoda, maari. . .” Vanhu 3 vakatosiyana, panguva imwe.” Oo, ini zvangu!

¹⁶⁹ Hongu. Zvinongoratidza kuti vanhu vasina rubhabhatidzo, uye vasina kudanwa kuhofisi ye—yemu—mushumiri, havana basa rekunge vari papurupiti. Ndizvozvo chaizvo.

Nda—nda—ndaigona kutora munhu iyeye, zvino, nebetsero yaMwari, ndovasunga mbira dzakondo kusvika musoro wavo watenderera. Tarisai, handina basa nekuti. . .

Kwete, handisi kureva kuti “Ini.” Uku kutaura kusina kunaka. Ndiregerereiwo. Ndanga ndisingareve kudaro, Ishe. Ndanga ndisiri, zvino. Ndanzwa Vachindidzora pane izvozvo, munoona, saka ndanga ndisingareve kuzvitaure nenzira iyoyo. Ndine—ndine urombo. Ndinotenda kuti Mweya Mutsvene unokwanisa kuzarurira munhu iyeye chimwe chakavanzika. Zvinonzwika zviri nani. Hmm.

¹⁷⁰ Zvakangofanana nekuchuna chiridzwa, kana ukaita chimwe chinhu chisiri icho. Zvino unotozvanzwa, seMukristu, wataura chinhu chisina kunaka. Havana kuzvifarira izvozvo. Munoona, zvanga zviri kundipinza imomo. Maona? Ini handimo munyaya yacho, zvachose. Ndingori chete. . . handitomboda kuva ndiri ini pachangu kana chii zvacho. Ivo Voga, varege Vaite basa. Ndivo vanoridza. Hwamanda haina ruzha; inzwi riri shure kwayo, ndiro rinopa ruzha.

¹⁷¹ Zvino, tarisai pano. Murume uyu akadudzira Shoko zvisiri izvo. Munoona, Zviri. . .Rangarirai, “Zvakavanzwa kumeso evakachenjera nevakangwara; zvikazarurwa kuvacheche.”

Zvino, *heuno* Munhu 1 iyeye, Jesu Kristu, amire panyika. Zvino, matenga; honguka, kune nzvimbo dzemuchadenga kumusoro. Zvino tarisai, “Zvino Johane wakapurira. . .”

¹⁷² Zvino murume iyeye anofanira kuti, “*Hevano* Mwari Baba; uye *hevano* Mwari Mweya Mutsvene, senjiva; uye *hevano* Mwari Mwanakomana; vachiita vanhu 3.” Handizvo.

¹⁷³ Johane, akamira kumashure *kuno*, akaziva kuti *iri* rakanga riri Gwayana. Johane akati, “Ndinopupura, ndichiona Mweya waMwari wakaita seGwayana. . .” *Havo* Mwari Mweya, senjiva, waro. Zvino hecho chinhu chimwe chete chandakataura humwe husiku, munoona; panzvimbo ye 700, sa- . . .Maona? Mweya waMwari! Iri rakanga riri Gwayana *apa*. Zvino Mweya waMwari, Njiva, vaiva Mwari. “Mweya waMwari uchiburuka kubva Kudenga. Uye Inzwi rakabva Kudenga, richiti, ‘Uyu ndiye Mwanakomana waNgu wandinoda, waNdinofarira kugara maAri.’”

“Masimba ese ari Kudenga nepasi akapihwa muruoko rwaNgu.” Maona? Maona? Maona? Ndiye waCho. Zvino Zita raKe raiva ani? [Ungano inoti, “Jesu.”—Mupepeti] Zvirokwazvo. Maona?

¹⁷⁴ Saka, kana zviri zvedzidziso yemunhu anotenda zvehutatu, yekuva vanaMwari 3 vakasiyana, ichocho chihedheni! Izvozvo hazvina kumbobvira zvakadzidziswa muBhaibheri. Hazvina kumbobvira zvakadzidziswa muMharidzo yeshumba, asi zvikatorwa mune inotevera, yaiva antikristu. Bvunza chero munhu waungada, chero mudzidzi webhaibheri. Izvozvo hazvina kumbobvira zvakauya, kusara chete kubudikidza nedzidziso yevaNikoraiti. Ndicho chikonzero zvakabuda naMartin Luther; ndosaka zvakaenderera mberi naJohn Wesley; ndokudururirwa zasi mumaPentekosti.

¹⁷⁵ Muzuva rakabuda maPentekosti, vakava neboka re “Jesus Only.” Zvino, handizvo, zvakare. Ko Jesu angagova Baba vaKe Omene sei? Maona? Saka zvinobva zvazvishayisa maturo.

¹⁷⁶ Asi panofanira kuva nenguva yechapungu inouya. Maona? Ndiyo nguva yaChinogadzirisa zvakavanzika zvose izvozvo. Maona?

¹⁷⁷ “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene” madunhurirwa aIshe Jesu Kristu. Tarisai, ose ari 3! Mateo akati, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Petro akati, “Ishe Jesu Kristu.” Baba ndiAni? “Ishe vakati kunaIshe wangu, ‘Gara iWe kuruoko rwaNgu rworudyi.’” Ndizvo here? Baba; Mwanakomana, Jesu; Mweya Mutsvene, Logos yakabuda kubva muna Mwari. “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene” chaizvoizvo madunhurirwa 3 aMwari Pauzima vachiratidzwa mu—mu—munzira 3 dzakasiyana, kana kuti hunhu 3 hwavo pachaVo.

¹⁷⁸ Uye kuzvijekesa, kune mumwe munhu asingazonzwisise, zvakaita semahofisi 3 aMwari mumwe chete. Chaizvoizvo, hunhu 3 hwaMwari mumwe chete. Mwari vachishanda mu 3, akasiyana; pasi pehuBaba, pasi pehuMwanakomana, pasi

pemwaka weMweya Mutsvene. Mwari vakakwana muhu 3. Munorangarira here nhamba yaantikristu, 4? Maona? Mwari, “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” chaizvoizvo ndi “Ishe Jesu Kristu.”

¹⁷⁹ Paunobhabhatidza, neZita ra “Jesu” chete, izvozvo handizvo, izvozvo chete, “Ndinokubhabhatidza muZita raJesu,” izvozvo handizvo zvachose. Ini ndinoziva anaJesu vakawanda. Handiti, nyika dzechiLatin dzakazara navo, anaJesu.

¹⁸⁰ Asi ava ndi “Ishe Jesu Kristu,” zvinotaura chaizvo kuti iVo ndiAni.

¹⁸¹ Kune vekwaBranham vakawanda, kana uchida kutaura nezvangu inini, asi ndini—ndini wacho William Marrion Branham. Ndini—ndini iye wacho. Asi kune vamwe ana William Branham vakawanda, nevamwe vakadaro, variko.

¹⁸² Asi izvi zviru kungonyatsodonongodza Munhu 1, Ishe Jesu Kristu, munooona, iye Muzodziwa. Pane bedzi Mumwe wavo. Zvino, ndizvozvo.

Saka kana paine zvinopfuurira izvozvo, iwe nyora tsamba kana chimwe chinhu, kana—kana imwe nguva pandinenge ndiri pane mimwe mibvunzo. Ndinoda kuedza kuwana izvi, kuti ndione kana tingakwanisa kuwana vamwe vevanhu vanorwara ava vari kutambudzika, kuti vanamatirwe.

184. Hama Branham, kana mubvunzo uyu usina—usina kufanira, usingafaniri mune... musapindure zvenyu. (Zvakanaka. Ndinozviyemura.) **Vana vapi—vana vapi vanoenda muKubvutwa, kana paine vadiki? Maita henyu.**

Havana kumbosaina kana zita. Zvino, kana usina, hazvina kana basa.

¹⁸³ Asi, tarirai. Mwari pavakaisa zita muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa, hapana chinhu munyika chinogona kuridzima, nekuti rakanyorwa neingi yeRopa raKristu. Ringava rakakura *seizvi*, rakakura *seizvo*, kana kukura *sezvo*, kana chero zvaringava, zvingori zvimwe chetezvo. Maona? Vana vose, Chechi yose, zvose zviripo, zviru. . . Mwari, nokufanoziva kwaVo.

¹⁸⁴ Zvino, hatizive. Unoti, “Hama Branham, mungaratidza here kuti muriko ikoko?” Kwete, changamire. Handikwanise kuzviratidza. Mwari vanogona kundishandisa sechombo chechimwewo chinhu, uye vokushandisawo zvimwe chetezvo. Asi ndinotenda, uye nokutenda, ndakaponeswa. Kwete kuti ndakaponeswa nezivo; nokutenda! Ndiyo nzira yaunoponeswa nayo. Ndiyo nzira yatinoponeswa nayo tese.

¹⁸⁵ Asi, rangarirai, Mwari havana magumo. Munozvitenda here? Kusaguma! Manje, kusaguma, zvinoVaita. . . Uye, zvekare, iVo ndimuzivazvose. Munozvitenda here? *Muzivazvose* zvinoreva kuti “Vanoziva zvinhu zvose.” Havakwanisi kuva—Havakwanisi

kuva muzivazvose ivo vasiriwo zvakare uyo asina magumo. Munoono, hakuna kumbova nechimwe chinhu chaVasingazive. Vakaziva kanyunyu kose kaizova panyika, uye kuti kaizobwaira maziso ako kangani, uye kuti kaizoita mafuta akawanda zvakadii, kuti twose hatwo twaizoita akawanda zvakadii pamwe chete. Vakaziva kufema kwese kwawaizoita, uye kuti kwaizodzika zvakadii mubapu rako. Ndiko kusaguma.

¹⁸⁶ Zvino, kana Vasingagume, zvinoVaita muzivazvose. Ndizvo here? Zvino kana Vari muzivazvose, zvinoVaita muvakwese, nokuti Vanoziva miniti chaiyo, awa, nguva, kusvika chiriporipocho chenguva yacho chaiyo, kusvika pazvichazoitika pachu. Maona? Mabata pfungwa yacho here zvino? Zvino, Vanoziva zvinhu zvose. Uye ndicho chikonzero Vaine simba rose, vanoziwa zvinhu zvose, uye vachikwanisa kuita zvinhu zvose.

¹⁸⁷ Zvino ngationei. Zvino, “Uye vana vose avo Mwari... Munhu wese uyo Mwari...Pavano...” Zvino, rangarirai, nderiinhi apo Jesu paaka...Bhaibheri rakati...

¹⁸⁸ Zvino tinoziva kuti Jesu akauraiwa zvingaita A.D. 30. Ndizvo here? Kunge, paive panenge pakati pegore, ndinofungidzira, A.D. 30.

¹⁸⁹ Zvino, asi Bhaibheri rakati Akaurayiwa nyika isati yambosikwa. Uye zita rako, apo Bhuku reGwayana... Pakauraiwa Gwayana, kudzikinura Bhuku iri...Hechino chinhu chikuru zvino. Chinogona kukonzera kutekenyedzwa. Tarisai. Apo—apo—apo Gwayana...Zvino rangarirai, Bhaibheri rakati Bhuku reHupenyu reGwayana rakanyorwa nyika isati yavambwa. Uye zita rako rakaiswa imomo, raive muBhuku iri pakabayiwa Gwayana nyika isati yavambwa, kudzikinura zita rose rakanyorwa muBhuku iroro. Maona? Mazvibata here zvino?

¹⁹⁰ Munoono, hapana chiri kunze kwehurongwa. Zviri kushanda chaizvoizvo sewachi huru yaMwari, munoono, sewachi inofamba ichitenderera. Zita rako rakaiswa imomo nyika isati yavambwa, pakauraiwa Gwayana kuti ridzikinure zvaiva muBhuku iroro. Uye zvino Rinouya mberi rotera Bhuku iroro, kuti ritore rudzikinuro rwaRo.

Handidi kutanga zvimwe ipapo; hatizopindura mumwezve mubvunzo nhasi. Zvakanaka. Mubvunzo:

185. Ko gehena, nedziva rinopfuta nemoto nesurufu, zvimwe chete here?

¹⁹¹ Kwete. Gehena, dudziro muBhaibheri, ndinotenda... Zvino, pane vadzidzi vagere pano, uye ndinoda kuzviremekedza izvozvo. Hama yedu Iverson vagere pano, naHama Vayle, nevazhinji vehama idzi vanonyatsova chaizvo vadzidzi vebhaibheri. Shoko rakadudzirwa kuti, *hadhesi*, rinoreva kuti “guva.” Ndizvo here? Izwi reChigiriki rinoreva guva.

Asi Dziva reMoto ndechimwewo chinhu. Nekuti, umo muna Zvakazarurwa, “Zvose, hadhesi nezvose, zvakakandirwa muDziva reMoto.” Maona? Zvakanaka. Zvino ngationei.

186. Kana zvisina kudaro, Dziva reMoto, negehena, ndezveZiyendanakuenda here?

¹⁹² Kwete, changamire. Kwete, changamire. Chinhu chose chero chipi zvacho chakasikwa hachisi Chekusingaperi. Kwete. Chero chipi zvacho chakasikwa. . . Ndicho chikonzero kusingagone kuva negehena reKusingaperi. Kana mumwe munhu akakuudza kuti uchatsva mugehena reKusingaperi, ndinoda Gwaro razvo. Maona? Hakuna chinhu chakadaro.

¹⁹³ Gehena rakasikirwa dhiyabhore nengirozi dzake, ndera antikristu nevanhu vake; ndiye aiva dhiyabhore, dhiyabhore munyama. Rakasikirwa izvozvo, kuparadza. Uye chero chinhu chaiva. . . Chero chinhu. . .

¹⁹⁴ Pane chinhu 1 chete, zvachose, kubva pane zvese zviripo, nyika yese nezvimwe zvinhu zvese, pane chinhu 1 chete cheKusingaperi, uye ndiMwari. Pasati pava neatomu, kana maelectron, kana kusati kwatombova nechiedza chemuchadenga, maelectron kana chimwe chinhu, Vakanga vari Mwari. Ivo Musiki.

¹⁹⁵ Uye ndiyo nzira yoga yaunogona kuva weKusingaperi, ndiko kugamuchira Hupenyu Husingaperi. Izwi rechiGiriki iro ipapo, ndinofunga kuti, ndiZoe. Handizvo here? Zoe. Zoe. Uyezve, Hupenyu ihwohwo—ihwohwo, Mwari vanokupa. Sababa vako, vanopa hupenyu hwavo kwauri, kubudikidza nemhiko yemu—muchato naamai; uye ivo, naizvozvo, vanopa, mu—mufaro wekupa (Ndibatei.), wekupa hupenyu kumwanakomana. Uye ndiwo maitiro anoita Mwari, mufaro mukupa Hupenyu hwaVo kumwanakomana. Maona? Zvino unobva wava chikamu chaVo, chinova Zoe, Hupenyu hwaMwari pachaVo. “Ndinopa kune. . . kwavari Hupenyu Husingaperi.”

¹⁹⁶ “Ndovamutsa, nezuva rekupedzisira.” Ndicho chinhu choga chino—chino. . . Une Hupenyu Husingaperi. Uye Hupenyu Husingaperi ihwohwo hunoziva mutumbi waWo, uye hunofanira kuti hubude. Kutu huzogona. . . Hazvigoneki kuti hungoramba huri ipapo. SeMweya waKristu wakafamba pamusoro pemutumbi, Mweya waMwari pamusoro paKristu, pazuva guru riya, waiziva kuti waizomuka zvakare; ndizvo zvirivo vatsvene mumutumbi wavo.

¹⁹⁷ Zvino rangarirai. Jesu, paAkafa, Akaenda kugehena. Nekuti, Aifanira kuendako; ndiYe aiva chidziviso chechivi. “Zvino Akaparidza kumweya yakanga iri mugehena, isina kutendeuka mumoyo murefu, mumazuva aNowa.” Ndizvo here? Akaenda kugehena akanoparidza kumweya, mweya yakapatsanurwa kubva kuna Mwari. *Rufu* zvinoreva “kupatsanurwa.” Uye vakanga vapatsanurwa kubva kuna Mwari, vasingachakwanisi

kudzoka zvachose. Zvino Jesu akaenda kunopupura kuti ndiYe waCho akanga ataurwa nezvake, Mbeu yemu—mudzimai.

¹⁹⁸ Mbeu yenyoka, maona zvakaitwa nembeu yenyoka? Antikristu; anogumira murufu, kupatsanurwa, bhiza dzvuku. Mbeu yemudzimai, Hupenyu, hunopedzesera huri pabhiza jena, Jesu Kristu. Maona? Chii ichocho? Mumwe achipesana nemumwe; mbeu yenyoka ichipesana neMbeu yemudzimai. Mazvibata here zvino? Oo, taigona kugara kwechinguva pazviri izvi! Hazvingave zvakanaka here? Asi ngatigarei neizvi.

187. Hama Branham, ko mutasvi webhiza rekutanga, Chisimbiso Chekutanga, anozadzikisa VaTesaronika Vechipiri here, “chizaruro chemunhu wechivi”?

¹⁹⁹ Hongu. Ndizvozvo. Anozadzisa. Uri nyore uyu. Anozadzisa. Ndiye murume wechivi. Murume mumwe chete iyeye anongoramba, mumatanho, achitsva kusvikira akwira pabhiza pfumbu rinonzi “Rufu.” Kristu anouya achidzika kubudikidza, nemukururamiswa, kucheneswa, kubhiza jena, uye ndihwo Hupenyu ihwohwo, munoono.

188. Chii chakaitika kuvatendi vakazvarwa patsva vari mumasangano akasiyana-siyana asi vasiri muMwenga waKristu? Chii chinoitika kwavari?

²⁰⁰ Zvakanaka, ndinofunga tazvitsanangura izvi, nguva shoma yapfuura. Maona? Vanopinda muKutambudzika. Vanourairwa chitendero muKutambudzika kukuru. Vanouya kwekupedzisira, mushure meMireniyamu, pakutongwa kwavo. Maona? Nekuti, Bhaibheri rakataura kuti vamwe vese vapenyu. . . “Vamwe vese vevakafa havana kuraramazve kusvikira makore 1,000 apera.” Zvino ndokuzova nerumuko, ndokuchizouya vose, vakarurama nevasina kururama, uye vakatongwa naKristu pamwe neMwenga. Akauya panyika aine makumi ezviuru zvapaketwa makumi ezviuru evatsvene vaKe. Ndizvo here? Mwenga waKe.

²⁰¹ Dare rakagadzwa. Mabhuku akavhurwa. Mabhuku akavhurwa. Uye rimwe Bhuku rakazarurwa, raiva Bhuku reHupenyu. Akapatsanura, kubva ipapo, mbudzi kubva kumakwai. Ndizvo here? Izvozvo zvakanga zvisina chekuita neMwenga. Wakanga wakamira ipapo chaipo mukutonga, pamwe naMambokadzi wake. . . Mambokadzi naMambo, pamwe chete. “Akauya nevatsvene vaKe; zviuru zvine gumi zvapaketwa zviuru zvakaMushumira,” Mudzimai waKe. Ipapo kutongwa kwakagadzwa panzvimo, ndokubva makwai apatsanurwa kubva pambudzi. Munorangarira here humwe husiku, ndichiunza kufungisisa kudiki kuya, kuitira kuti muzvinzwisise, kufungisisa kwemukomana wemombe? Maona? Hezvoka izvo.

²⁰² Kwete, ivo, ndivo ivo, che—che—chechi, vanhu vari mumasangano, avo vari—vari Makristu echokwadi,

vanogamuchira Mharidzo uye vasingazofe vakaIona. Haizombofa yakaparidzwa kwavari. Uye ivavo vari muruzhinji rwakavhengana, avo vaInoparidzirwa, Ichaenda nepamusoro pemisoro yavo chaipo, kunze kwekunge zita ravo raiva muBhuku reHupenyu reGwayana. Hongu. Asi vachange vari vanhu vakanaka.

²⁰³ Uye vachamutswa zvakare uye vopihwa mutongo, uye votongwa neboka chairo rakavaparidzira. “Hamuzivi here kuti vatsvene vachatonga nyika?” Vachaparidzirwa, munoono. Vachaparidzirwa, nevanhu vamwe chetevo vakapupurira kwavari nezveMharidzo, kuti “Budai kubva mazviri!” Maona? Ndinovimba kuti zvazvitsanangura. Ndine yakawanda pano, ino. . .

189. Hama Branham, ko mutumwa wechinomwe, ane mweya waEria, murume mumwe chete here saEria akatumirwa kumaJudha 144,000 munguva yemakore 3 nehafu mushure moKubvutwa? Vamwe vedu takavhiringika, panyaya iyi.

²⁰⁴ Kwete. Haasi mumwe chetevo. Munoono, varume 2 vakasiyana. Erisha akauya ari muchimiro chaEria aive asiri Eria. Uye mweya waEria wakauya pamurume ainzi Johane Mubhabhatidzi akanga asiri Eria. Uye munhu ari mutumwa wechinomwe, pakupera kweZera reRaodhikia, haazove Eria chaiye. Achava weMarudzi, kuvanhu vake.

²⁰⁵ Eria achava, kana kuti mweya waEria ipapo, uchipinda mu. . . uye kuvanhu ikoko, achava muJudha, munoono, nokuti vanotumirwa kuvanhu vavo pachavo. Ndicho chizaruro changu. Chikonzero ini. . . ZvaTommy Osborn, patakataura nezvazvo, nguva iya, Tommy neni, handina kumboziva. Ndaingonamatira vanorwara.

²⁰⁶ Zvino ndakauya kumusoro ikoko, zvino kwaiva nemudzimai aibva kuFort Wayne Gospel Tabernacle, mumishinari kuminda yekuvhangerana yenyika dzekunze. Zamu rake rakanga rakakura *zvakadai*, rakanga rangodyiwa nekenza. Zvino akanga arimo chaimo muimba duku yataimbogara, kumusoro kuno mumugwagwa. Zvino ndakanamatira hanzvadzi iyi inodikanwa. Ivo ndokupora, ndokudzokera kumunda wekuvhangerana. Zvino apo. . . Vanobva kuAfrica. Uye vakanga vasiya kabhuku kadiki ikoko, pamusoro pehumishinari.

²⁰⁷ Nda—ndakafunga, “Asika, mamishinari akanaka.” Uye ndiri. . . Handina kumbofunga zvakanwanda pamusoro pemamishinari. Uye saka ndakafunga, “Asika, vanongori hofisi yaMwari kunze uko. Saka ndiyo. . . Ino ndiyo nzvimbo yangu ipo pano, pana Eighth naPenn Street.” Saka ndaingoenderera mberi nekukwanisa kwandaigona nako.

²⁰⁸ Asi rimwe zuva, ndakagara mukamuri yekuverengera, ndakatora bhuku iri. Uye raive nemufananidzo we—werudzi rweveChitema, vamwe baba vechikuru vakwegura, zvino vaive

netubvudzi tushoma tuchena twakatenderera nemusoro. Uye pazasi pakanga pakanyorwa sekudai, “Murungu, murungu, baba vako vaivepi? Unoona, ini zvino ndachembera uye pfungwa dzava kunonoka pakufunga, uye handichanyatsonzwisisa zvakanaka. Dai ndakaziva Jesu ndichiri jaya, ndingadai ndakaMuendesa kuvanhu vangu.” Saka, ndakazviverenga.

²⁰⁹ Zvino chimwe Chinhu ndokuramba chichiti, “Zviverenge zvakare. Zviverenge zvakare.” Ndakaramba ndichiverenga. Oo, makambova nenguva idzodzo. “Woramba uchidzokorora kuzviverenga. Pane chimwe chinhu chiri imomo.”

²¹⁰ Sekumusoro uko zuva riya kuGreen’s Mill, pandakabuda mubaka. Ndaisakwanisa kuzvinzwisisa, kuti vanhu vaikwanisa kutaura nendimi nekudanidzira, neMweya Mutsvene wechokwadi, asi voramba havu vari antikristu. Vachitaura nendimi, Mweya Mutsvene wechokwadi uchitaura nendimi, uye zvakadaro vachingova dhimoni. Ndizvozvo chaizvo. Ndinogona kukuratidzai izvozvo. Hongu, zvirokwasvo. Uye zvakare cherechedzai. . . pavakamira ipapo.

²¹¹ Saka, ndimi handidzo humbowo hweMweya Mutsvene. Ndechimwe chezvipo zveMweya Mutsvene. Maona? Zvino dhiyabhore anogona kutevedzera zvose zvaAnazvo, kupodza kwaMwari nezvimwe zvose.

Akati, “Vazhinji vachauya kwaNdiri nezuva iroro, uye voti, ‘Ishe, handina kudzinga madhimoni here? Handina here. . .’” Ndiko kuparidza Vhangeri. “Handina kuita mabasa makuru here muZita reNyu, nezvinhu zvose izvi zviri apo?” Ndichati, ‘Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama. Handina kana kutombokuzivai.’”

²¹² Bhaibheri rakataura, kuti, “Mvura inonaya pamusoro pevakarurama nevasina kururama, zvimwe chete.” Zvino chaguduma chimwe chete, chimire mumunda wegorosi uko, chinogona kuva nemufaro nekudanidzira, nemvura imwe cheteyo yakawira pachiri, sekutumirwa kunoitwa zvose kumvura. “Asi nezvibereko zvavo munovaziva.” Chaguduma chidiki chiya chinogona kumira kumusoro ikoko, uye chichingofara nekudanidzira sezvachinogona, chakangozara nemvura imwe chete ine gorosi.

²¹³ Hezvoka izvo. Saka vanogona kudandidzira, kutaura nendimi, nekutevedzera zvose zvavanoda; nezuva iroro, vachanzi, “Vaiti vezvisakarurama.”

²¹⁴ Sezvandakuudzai, nguva shoma yapfuura, teererai kune zvandinotaura! Nyatsoteererai. Tarisa kumashure uchidzika, zvingorore pachako neShoko uone pauri.

²¹⁵ Imi madzimai mune bvudzi pfupi, riregei rikure. Muri kupfeka zvikabudura; zvizvisei. Ita semudzimai kwaye. Imi varume muchiri kuputa midzanga, uye muchimhanyira kudzimba dzemitambo, zviregei. Handina basa kuti munotaura

zvakadii. Kana uchiri wakabatirira pasangano iroro, uye uchiti, “*Izvi* ndiZvo, uye *izvi* ndiZvo,” chitorega hako. Nyatsofungisisa, zvingorore neShoko. Tiri kubuda chaiko kunze kwe . . .

²¹⁶ Tinofanira kunge takararama zvinopfuurira zvebvudzi pfupi nezvose. Zera rino zvino, tadzokera mune Chimwe chinhu zvino, chekuti Mwari vari kuzarura zvakavanzika zvakavanzwa, zvakaiswa muBhuku nyika isati yavambwa. Uye avo vakateerera mune zvinhu zvidiki izvi, vachaZvibata mune zvimwe zvinhu izvi. Kana vasina, Zvichaenda nepamusoro pemusoro wavo, sekure kwemabvazuva kubva kumadokero. Zvichango . . .

²¹⁷ SaGidheoni, achipatsanura varume vake. Paiva nezviuru nechuru. Mwari vakati, “Vakawandisa ava. Vapatsanure zvakare.” Akavapa mumwe muyedzo. Uye, “Vapatsanure zvakare. Vapatsanure zvakare.” Uye zvichienda zvichidzika, kusvikira ava nevashoma-shoma. Vakati, “Ndiro boka raNdinoda kuti riite basa.” Ndizvo chaizvo zvakaitika.

²¹⁸ Madzimai echiPentekosti (ndichienda nekudzoka) vakagara ipapo, vachinzwa uye nekuziva, neShoko, kuti zvakaipa. Unofunga kuti vachaZviita? Kwete, changamire. Gore rega-rega, pandinopfura napo, pane vakawanda vane bvudzi rakagerwa kupfuura vaivepo pandakatanga.

²¹⁹ Wogoti, “Ko izvozvo zvinei nechekuita . . . Unofanira kunge . . .” Mumwe munhu akati, “Manjeka, Hama Branham, vanhu vanokutorai semuporofita.”

Zvino, ini handimboti ndiri muporofita. Hapana anondinzwa ndichitaura kudaro. Asi ndichitaura izvi, kuti kana—kana wakadaro, kana uchizvitora kudaro . . .

Akati, “Madii kudzidzisa vanhu kuti vanogamuchira sei Mweya Mutsvene, uye kuti vangawana sei *izvi*, uye kuti vangawana sei zvipo zvikuru zvemweya nekubatsira chechi?”

Ndingavadzidzisa sei algebra ivo vasingatomboterere kune maABC avo? Ndizvozvo. Imi itai zvinhu zvidiki izvi. Dzikai kuzasi uku mozvitsvairira kwakadaro uko, motanga zvakanaka. Amen. Zvakanaka.

²²⁰ Ndanga ndichitaura nezvei, zvisinei? Ngationei. Ndanga ndisingareveri kubva panyaya iyi. Ndiregerereiwo, munoono. Zvakanaka. “Vamwe vacho . . . vamwe vedu takavhiringika. Ko Eria ndiye mumwe chete here sa . . .” Hongu, uh-huh, ndizvozvo.

Kwete. Eria uyu achauya kuMarudzi, achava weMarudzi akazodzwa nemweya iwoyo, nekuti Mwari vakashandisa mweya mumwe chete iwoyo kuburitsa vanhu vaVo kubva munyonganyonga nguva dzose. Uye wakashumira chinangwa chaVo nemazvo, saka Vanoudzosa pasi zvakare. Nekuti, munoono . . .

Nekuti, zvino, kana Vakashandisa uyo akakwenenzverwa zvepamusoro, akadzidza, ndiyo mhando yazvaizobata.

²²¹ Vanounza murume asingatomboziva maABC ake, uye asingakwanise kududza mashoko ake nemazvo, nezvose zvakadaro; mumwe wekare wemurenje kunze uko kune imwe nzvimbo, uye oRiunza nokurisundira zasi chaiko kune vanhu vane pfungwa dziri nyore. [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti] Zvino vanoRibata, saizvozvo. VanoRibata, munoona. Kana Rikauya, uye nekora. . .

²²² SaPauro akataura kuti, “Handina kuuya kwamuri nekwenenzvero yedzidzo, asi ndakauya kwamuri muSimba rerumuko.” Zvakatorera Mwari makore 3 nehafu, zasi kuArabia uko, kuti vaiburitse maari, dzidzo yake. Zvakatora—zvakaVatorera makore 40 kuti vaibuditse kubva muna Mosesi. Maona? Saka hezvoka izvo. Ndizvo. . .

Handisi kuti Mwari havarege. . . Handisi kutsigira kusadzidza zvino, asi ndiri—ndiri kuedza kukuudzai kuti hazvitorere. . . Dzidzo haina. . .

²²³ Huchenjeri hwenyika ino hunopesana. Dzidzo ndiyo yakava mhingamupinyi huru iyo Evhangeri yakambova nayo. Dai tanga tisina dzidzo, tingadai tisina maseminari makuru aya nezvinhu izvi zvatinaivo zvino. Vaizova vanhu havo, vane pfungwa dziri nyore, vaizoteerera kuShoko. Asi vakakwenenzverwa zvikuru uye vakavhiringika, uye vakabopwa kunze uko, kunyangwe hazvo, masangano iwaya, kusvika pekuti vachagara naro. Ndizvo zvoga. Vanotora mweya iwoyo. Wakambotora here mudzimai akanaka, oroorwa nemurume ane hunhu hwakashata? Murume iyeye ane hunhu hwakashata anogona kuzova murume aka—akanaka sezviri mudzimai uyu, kana kuti mudzimai uyu achava nehunhu hwakashata sezviri murume. Maona? Ndizvozvo chaizvo.

²²⁴ Ndicho chikonzero Akati, “Budai kubva pakati pavo, paNdiri kugadzirira Kubvutwa uku.” Unofanira kuva neimwe mhando yekutenda ichakubuditsa kubva pano.

190. Ko sungano, yaDhanieri 9:27, yakasimbiswa riinhi kwevhiki?

²²⁵ Hafu 1 yayo yakasimbiswa, sungano, Jesu Kristu paakanga ari panyika achiparidza kumaJudha. HaAna kumbobvira akaenda kuMarudzi, zvachose. Uye Akaudza vadzidzi vaKe kuti, “Musaende kuMarudzi.” Yaiva kumaJudha, chete. Maona? Zvino Akaparidza kwemakore 3 nehafu. Ndiyo hafu yevhiki rechi 70, zvino, sezvatakaurwa naDhanieri kuti Aizoita.

²²⁶ Zvino, munorangarira, Aiva akanyatsosimbiswa kumaJudha. Asi meso avo ainge akapofomadzwa, kuti zviunze chikamu ichi cheMarudzi. Hamusi kuona here hurongwa hwacho hwese? Maona? Zvino Akazviratidza pachaKe, kuva muporofita, akaita chaizvoivo zvaizoitwa nemuporofita, akavaratidza chiratidzo chemuporofita. “Izvo, Shoko renyu pachenyu rakati, ‘Kana munhu achiti ndewemweya, kana muporofita, tarisai

zvaanotaura; uye kana zvikaitika, zvichingoramba zvichiitika, zvaanotaura, nguva nenguva.”

²²⁷ Sekuti, ukatarisa muBhaibheri, rakati, “Gogodza, uchazarurwa; tsvaka, unowana; kumbira, unopihwa.” Zvino, kana mukacherechedza, kuti “anogogodza.” Chingoramba uchigogodza. [Hama Branham vanoramba vachigogodza papurupiti—Mupepeti] Gara ipapo chaipo. Semutongi asina kururama, aisapindura mudzimai; akangoramba achigogodza pamusuwo wake. Iti, “Ndiri paruoko rweNyū.” Kwete kutsvaka, uchiti, “Ishe, ndinoda kuva *neizvi*. Amenī.” Handizvo. Gara ipapo chaipo kusvikira wazviwana. Unoziva kuti zvichauya. Saka, Vakazvivimbisa, saka ingogara ipapo chaipo kusvikira wabatirira pazviri. Maona?

Zvino, zvino, muchikamu chekupedzisira, vhiki rechi 70, chikamu chekupedzisira charo chichava munguva yeKutambudzika, mushure meKubvutwa kweChechi. Zvino heano makore 3 nehafu apa, parichasimbiswa kwavari zvakare kubudikidza ne vaporofita, munooona, Mosesi naEria, Zvakazarurwa 11. Zvino ngationei kuti chii ichi:

191. Kana uri mumwe wevasanangurwa vaKe, unoenda kumusoro muMwenga here? (Hongu. Uh-huh. Hongu, changamire. Uri nyore.)

192. Hama Branham, maireva here kuti 7,000 vakanga vasina kupfugamira ibvi ravo kuna Bhaari, kana kuti 700?

²²⁸ 7,000, ndaireva kudaro. Ndiregerere iwo pane izvozvo, munooona. Kangori . . . Kangori ka—katauriro. Ndaingo . . .

Sekuti, zvandataura nguva shoma yapfuura. Mandicherechedza here ndimire pano, ndati, “Uye—uye vakapupura, vachiona Gwayana . . .”? Maona? Maona? Gwayana rakanga riri panyika. Maona? “Vakapupura, vachiona Mweya waMwari uchiuya paGwayana.”

²²⁹ Zvino, imomo, rakati, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, wandinofadzwa naYe.” Maona? Zvino, izvozvo zvakanyorwa muchimiro chaicho chechiGiriki, kuisa chiito pamberi pechirevo. Asi cherechedzai pano apa, chaizvo zvakadai izvi. Zvino chingotorai Shoko chete, munooona. Bhaibheri rinoti, mududziro yaMutsvene Jakobho pano, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, uyo maAri Ndinofadzwa kugara.” Asi, chaizvo, kana tikazvitaura sekutaura kwatinoita nhasi, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, waNdinofarira kugara maAri.” Waizozvishandura, munooona. Maona? “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, maAri Ndinofarira kugara.” Maona? Zvino, taizozvitaura nhasi kuti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, waNdinofarira kugara maAri.” Munooona, shoko rimwe chete, kungoritendeudza chete. Maona?

²³⁰ Zvino, hongu, ndanga ndichireva... Ndapota, ndiregerereiwo. Ini... Uye—uye, hama, imi muri patepi kunze uko, neshamwari, teererai. Ndanga ndisingareve kutaura izvozvo saizvozvo. Ndi—ndi—ndiri mushumiri weVhangeri. Ini, nguva zhinji pandakaparidza izvozvo, ndaiziva kuti vaiva 7,000. Ndakazongokaruka ndati 700. Ndanga ndisingareve kuti vaingova 700. Ndaireva, iwe... Handina chete kungozviverenga kubva muGwaro. Zvakangouya mupfungwa dzangu pandanga ndichitaura, zvino ndokuti 700 panzvimo ye 7,000. Ndinoina mhosho idzodzo nguva dzose. Zvechokwadi ndiri—ndiri dununu, saka imi ndiregerereiwo. Maona? Ndanga ndisingareve kudaro.

193. Mwenga waKristu, neMutumbi waKristu, zvimwe chete here?

²³¹ Hongu, changamire! Maona? Zvino, pano, zvino munoona, handisi kuda kutangana nazvo, nekuti ndinowana mha... kuparidza mharidzo pazviri, munoona. Asi handisi kuzozviita izvozvo. Asi ndinoda kukuraidzai. Mwari pavakapa Adhamu mwenga wake, kubva parutivi rwake, akati, “Iye inyama yenyama yangu, nebvupa rebvupa rangu.” Ndizvo here?

²³² Mwari pavakapa Kristu Mwenga waKe, Mweya wakapa nyama anova Mwenga, Akabayiwa, akabvovorwa parutivi pasi pemoyo waKe, zvino mvura, Ropa, neMweya, zvikabuda; zvakava “nyama yenyama yaKe, nebvupa rebvupa raKe.” Tiri nyama namapfupa; Mwenga achava nyama nemapfupa aKristu, chaizvo. Ndivo vari... Ndiye Mwenga waKe.

194. Ko Mwenga waKristu uchava...? Ko Mwenga waKristu uchava neshumiro here Kubvutwa kusati kwasvika?

²³³ Chokwadi. Ndizvo zviri kuitika iko zvino, munoona, Mwenga waKristu. Zvirokwazvo. IMharidzo yenguva, munoona, Mwenga waKristu. Chokwadi. Unosanganisira vaapostora, vaporofita, vadzidzisi, vavhangeri, uye vafundisi. Ndizvo here? Ndiwo Mwenga waKristu. Chokwadi. Une shumiro, shumiro huru, shumiro yenguva. Ichange yakaninipa zvikuru.

²³⁴ Zvino rangarirai. Vangani vaiva pano, pakutanga, apo ini...? Svondo yapfuura, munoona, munorangerira zvandakaparidza pamusoro pazvo? Kuzvininipisa. Oo, musazvikanganwa izvozvo. Ndichambomira kwechinguvana, kuti ndipe yambiro iyoyo zvakare. Rangarirai, kana Mwari vakafanotaura chimwe chinhu chikuru kuti chichaitika, vanhu vakatarira kure-kure, nehuchenjeri hwavo, kusvikira vanopotsa zvinoitika. Kana Mwari vakataura kuti chimwe chinhu chikuru, nyika inozviseka. “Iro boka remadofu!” Ndizvozvo.

Asi kana nyika huru, nechechi huru yepamusoro, ikati, “Vakomana, izvi zvakabwinyiswa!” Mwari vanoti, “Boka remadofu!” Saka, munoona, unofanira kutarisa. Handisi kuzvireva zvichida nenzira iyoyo, nenzira iyoyo chaiyo, asi ndizvo zvazviri.

²³⁵ Tarisai! Pano paive nechechi huru, tsvene yeOrthodox, “Tinoziva Shoko. Tine zvikoro. Tine maseminari. Tine munhu wedu akanyatsokwenenzverwa! Nhai, kwemazana emakore tave takavimbika kuna Jehovha. Ndisu Chechi. Ndisu veSanihedhini. Tine Kanzuru yeMachechi pano. Vose vaFarisei nemaSadhuse, namasangano ose, vanoungana pamwe chete,” sezvatiri kuita. Maona? “Tese tiri mune 1, ka—Kanzuru yekereke. Ndisu vepamusoro-soro vacho pano. Tinoziva Gwaro iroro. Ko chii kamwe kamuchinda, kasina chakanoziva zasi uko kurwizi, kane mandevvu akaremba kumeso kwake, nechidimbu chedehwe rehwei, chakari kutiudza?” Zvirokwazvo, havana kuZviteerera.

²³⁶ Asi Bhaibheri rakati, muna Maraki chitsauko 4...kana kuti chitsauko 3, “Ndichatuma nhume yaNgu pamberi pechiso chaNgu, kuti aNdigadzirire nzira.” Makore 712 zvisati zvaitika, Johane...Oo, muporofita mukuru waIsaya akamira ipapo, ndokuti, “Kuchava nenzwi reuyo anodanidzira ari murenje, ‘Gadzirai nzira yaShe, uye ruramisai nzira yaKe.’” Ndizvozvvo. Ndokuti...uye Dhavhi...Oo, vazhinji vavo! Akati, “Nzvimbo dzose dzakakwirira dzichawisirwa pasi.”

²³⁷ Oo, ivo vakati, “Kuchava ne...Kana murume uyu auya, achanongedza munwe wake, uye achafambisa makomo. Oo, uye nzvimbo dzose dzakaderera, migero, dzichasimudzwa. Zvino dzose, idzo dzinova nzvimbo dzose dzakakwasharara, dzichagadziriswa. Hama, tichadyara chibage mumunda wega-wega uri munharaunda ino. Uye, oo, tichaita zvinhu zvikuru kana murume uyu auya.” Maona?

²³⁸ Vaitarisira kuti Mwari vagatora muchina wekukerenga voubatidza, vodzikisa koridho pasi, voti, “Dzika zasi, iwe nhungamiri huru yaMesiya waNgu.” Uye zvadaro achingobva mukuenda, voridhonza richidzokera kumusoro, zvino shumiro yake inenge yapera. Vorikerenga richidzika zvakare, voriisa zasi kuno chaiko padivi neseminari, vobva vati, “Zvakanaka, Mwanakomana waNgu anodikanwa, chifamba uchidzika uvataurire.” Maona? Oo, ini zvangu!

²³⁹ Honai, paakauyapo. Chii icho chakaitika? Hepano ndokuuya murume akanga asingazive kana chimwe chezvikoro zvavo. Akanga asina kana kadhi reruwadzano. Oo! Akanga asina magwaro edzidzo. Kwete. Hapana akamboziva kana akamboenda kuchikoro rimwe zuva muhupenyu hwake. Waisagona kana kuzviziva nekutaura kwake. HaAna kana kutaura zvaifambirana ne...nezvehufundisi. Akataura nezvenyoka, matemo, nerenje, ne—ne—nezvinhu zvakadaro, munoono, miti. Haana kutaura maererano nematauriro eboka revafundisi vezuva iroro, kana vezuva rino kana rimwewo zuva.

²⁴⁰ Akauya “akakwasharara,” sekudaidza kwatinozviita kuno kuIndiana. Akabuda achibva mumakwenzi pane imwe nzvimbo. Akanga asina kana kugerwa ndevvu, nebvudzi rakati

nyangarara mumusoro wake. Handifunge kuti aigeza; kamwe chete pamwedzi 2 kana 3. Ndizvozvo. Akanga asingapfeke mapijama husiku. Haana kumbobvira akwira motokari. Haana kumbobvira akwisha mazino ake. Oo, ini zvangu! Uyu aiva muchinda chaiye uyu! Zvirokwazvo kwete.

²⁴¹ Hoyo ndokuuya, achikanyaira nemurenje, saizvozvo, ndokuti, “Ndini inzwi reanodanidzira ari murenje. Gadzirirai nzira yaShe, uye ruramisai nzira yaKe!”

²⁴² Vamwe vevadzidzisi vakamirapo zvino vakati, “Huh! Nhai, shamwari, une ako here ma . . . ? Hatigone kubatana pamwe chete newe mumbuserere iyi. Pano, hatigone kuita izvi. Zvakanaka, ko riri kupi—ko riri kupi kadhi rako? Zviri kupi zvinongoratidzawo kuti ndiwe ani?” Akangovafuratira. Aiva nemharidzo, saka akangopfuurira mberi nayo, munoono, achingoparidza zvimwe chetezvo.

²⁴³ Vakati, “Saka zvino, mira! Zvakanaka, kana tikaenda zasi ikoko, tichatora bhishopi zasi, nhasi, uye toona zvaanotaura pamusoro pazvo. Tichaenda zasi ikoko kana tichiziva. Ndivo vakuru vechechi. Uye tinoziva kuti anofanirwa kucherechedza izvozvo. Kana ari waMwari, achacherechedza mabhishopi edu.”

²⁴⁴ Akavaisa vose zasi ikoko mumutsara, ndokumira kunze uko, varemekedzwa.

²⁴⁵ Akati, “Imi chizvarwa chenyoka! Imi nyoka muhuswa!” Vaine makora akatenderedzwa, uye “vanababa vezvohutsvene,” nevamwe vakadaro. “Ndiani akuyambirai kuti mutize kutsamwa kuri kuuya? Munoziva kuti nguva yenyu yakwana. Musafunge kuti . . . Munoti, ‘Zvino, isu tiri ve*iyi, iyo.*’ Ndinokuudzai, Mwari wandinoshumira anogona kumutsira Abrahamu vana kubva pamabwe aya.” Oo, ini zvangu!

²⁴⁶ Zvino chienda unotora zvinopesana nezvake, kubva pakutaura kwevafundisi. “Ndinoti demo raiswa pamudzi wemuti! Naizvozvo muti mumwe nemumwe usingabereke zvizereko zvakanaka uchatemerwa pasi ugokandirwa mumoto! Oo, zvirokwazvo ndichakubhabhatidzai nemvura, pakutendeuka, asi Ari kuuya mushure mangu. Mwedzi uchashandurwa kuva ropa! Uye mucha . . . oo, ini zvangu, Achanyatsonatsa buriro raKe! Zvino Achatora hu—hundi uye achaipisa nemoto usingadzimike, uye Achaendesa gorosi kudura. Achapatsanura masawi negorosi.” Oo, ini zvangu! Imharidzo yakadini!

²⁴⁷ Vakati, “Muchinda uyu? Huh! Ati chii, yaiva nguva ipi—ipi—ipi? Oo, kusaziva uko! Tine munhu wacho kumusoro kuno chaiko, Hama Jones. Ndiye muchinda achaita izvozvo, kana paine ani zvake muzera rino. Bhishopi *Nhingi-nhingi* vachaziita; Baba Mutsvene *Nhingi-nhingi.*” Oo, ini zvangu! Maona?

Mwari muhunyoro, munoono, vachishanda muhunyoro.

248 Zvino, chinhu chokutanga munoziva, akamira ipapo rimwe zuva, zvino akati, “Hongu, Akatomira pakati penyu!” Aiva nechokwadi chaicho chekuti ndiye aive nhungamiri yacho. Aiziva kuti iye aive ani. Ndicho chikonzero aigona kusvuura ganda kubva pavari. Akati, “Zvino, musadedera, asi chingopfuurirai mberi uye muenderere mberi. Imi masoja, teererai vakuru venyu. Uye kana makaita chero chakaipa, imi torai ichocho. . .”

249 “Tichaita sei? Torega kuita *izvi* here? Tinofanira kurega kuita *izvi* here?”

250 Akati, “Ingoendererai mberi sezvamuri. Endererai mberi. Endererai mberi. Pfuurirai mberi. Kana uri kurima matapiri, rima. Maona? Imi masoja, musaite kana mhirizhonga. Uye—uye itai izvi. Uye chero zvingavei, ingoendererai mberi sezvamuri. Teererai vanatenzi venyu, nezvimwe zvakadaro.”

“Rabhi, chii chatinofanira kuita?”

251 “Ingoendererai mberi sezvamuri, munoona. Asi pane Mumwe ari pakati penyu, wamusingazive.” Aizviza, nguva yemharidzo yake. Aiziva kuti ndiye aifanira kuzivisa Munhu uyu. Aiziva kuti Akanga aripo. “Mumwe ari pakati penyu! Imi hamuMuone. Zvinhu zviri kuitika, zvamusina chamunoziva nezvazvo.” Uye saka, zvino, “Pane—pane chimwe chinhu chichaitika,” anoti, “munoona, uye Achange ari pano. Uye ndichaMuziva.”

252 Zvino pakupedzisira, rimwe zuva, akati, “Tarirai, hoyo Uyo! Hero Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyeika!” Akati, “Uye nguva yangu yakwana zvino. Ndakakuzivisa kwaAri. Ndinofanira kuderera zvino. Ndinofanira kubva panzvimbo. Achapfuurira mberi kubva pano.”

“Mireniyamu ichavepo, pakarepo, munoona, uye ngu—nguva yakwana.” Zvino paAnouya, apo. . .

253 Kunyange Johane akati, “Achadaro, oo, Ari kuzosvuura achibvisa ganda. Acha—Achapatsanura gorosi kubva pa—kubva pahundi, uye Ari kuzoipisa. Uye Achanyatsonatsa maburiro aKe, uye rusero rwaKe rwuri muruoko rwaKe!” Asi Aiva chii? Mudiki, kwazvo. . .

254 Zvino, vakanga vazvirongera zvose, “Oo, vedu! Achava nepfumo rinosvika maera imwe kureba. Achamira kumashure uko muParestina, ongosimuka ipapo nekungo. . . pane rimwe remakore machena aya, onhonga vaRoma vose ava, sezvizi, zvino ovakandira mugehena. Achingoramba achiita saizvozvo, munoona, kusvikira Avatora vose.” Handiti, vakanga vakatogadzirisa zvose izvozvo.

Zvino pazvakaitika, Gwayana duku rakauya richifamba pakati pavo, rakanyorova uye rakapfava, richisundirwa *uku nekoko*.

²⁵⁵ Kunyange Johane akatoti. Zvino tarisai Johane, muporofita; akati, “Endai munoMubvunza. NdiYe iye waCho chaiye-chaiye here?” Akaninipa kwazvo, kusvikira muporofita uyu akazvipotsa. Akati, “NdiYe iye waCho here, kana kuti totsvara mumwe?”

²⁵⁶ Zvino, haAna kumbomupa bhuku revadzidzi ivavo, muna—muna Mateo 11. Vakauya ndokuMubvunza, apo vadzidzi vaJohane. . .

Johane akanga ari mutirongo. Saka akange anyatsovhiringika kusvikira iye. . .Ndinotenda kuti ndiPember akati, “Ziso rake rechapungu rakange roona madzerere, zasi ikoko,” munoona. Aigona. . .Iye—iye anga adzika zvino pasi; aimbenge ari kumusoro mudenga. Asi chiporofita chake pachakapera, akadonha pasi zvakare, munoona, nokuti, vakamuisa mutirongo, munoona. Akanga asisina basa nemapapiro makuru aya zvakare, saka akangorara zasi ikoko. Asi akabhururukira kumusoro kupfuura vamwe vose zvavo.

²⁵⁷ Regai ndikuratidzei chimwe chinhu. Mwari vakamushandisa. Zvino Jesu aiziva, munoona, nokuti akanga ari—akanga ari Mwari munyama ipapo. Maona? Akanga ari. . . Saka, Iye—Iye akati ipapo, Akati. . .

Zvino, haAna kumbomupa bhuku rekuti anozvibata sei ari mutirongo; oti Iye, “Zvino chimbomirai zvishoma. Ndichanyora rondedzero diki pano, uye mutore mugodzokera monoudza Johane kuti anozvibata sei kana ari mutirongo, nekuda kwaNgu.” Maona? Kwete, haAna kumbodaro.

²⁵⁸ Haana kuti, “Endai munoudza Johane kuti aifanira kunge awana dhigirii rake rePh.D. asati abuda.” Maona? Kana dai akadaro, angadai ari pamwe nevamwe vose; angadai ari anoramba.

Johane aive akatendeseka uye akabvunza mubvunzo.

²⁵⁹ Zvino Akati, “Chingomirai kusvika musangano wapera, zvino mozochienda kunoratidza Johane zvaitika, ipapo anobva aziva. Kana mukamuudza zviri kuitika, ipapo anobva aziva.” Maona? Maona? “Chingoendai momurega. . .Muudzei. Muudzei kuti zviri. . .Ari mutirongo uye haana kukwanisa kuva pano. Asi—asi magara mumusangano, uye maona zvaitika. Imi chiendai munomuudza.”

Saka, zvino, vadzidzi vakati, “Zvakanakai, Tenzi.”

²⁶⁰ Zvino vakaenda nepamusoro pechikomo. Jesu akagara padombo iri, akangovatarisa kusvikira vayambukira mhiri zvino ndokukwira nepamusoro pechikomo.

²⁶¹ Akatendeukira kuungano, ndokuti, “Makabuda kunoona aniko—aniko, munguva yaJohane?” Maona? Akati, “Makange mabuda kunoonei? Makabuda kunoona here murume ane kora yedenderedzwa, nembatya dzakapfava, uye akakwenenzverwa

zvepamusoro uye akadzidza. Ndiyo mhando yemurume wamakaenda kunoona here?” Akati, “Kwete. Munoziva here kuti mhando iyoyo yakaita sei? Vanotsvoda vacheche, uye, munoziva, vanoshanda mumizinda yemadzimambo. Ivo, iyo—iyo haisiriyo mhando yakanga iri Johane.”

²⁶² “Zvakanaka,” akati, “zvino, makaenderei? Kunoona murume akapihwa shumiro uye obva aikochechera mune rimwe sangano, kana zvimwe zvakadaro? Anozunungutswa neose... Zvino, kana—kana veOneness vasingamude, anoenda kune veTrinity? Uye kana veTrinity vasingamude, anoenda kuChurch of God, chero kupi zvako? Ndiyo here mhando yemurume wamakaenda kunoona, anozunungutswa netsanga ipi zvayo? Oo, kwete. Kwete Johane.”

²⁶³ Akati, “Zvino makaenda kunoonei? Muporofita here?” Akati, “Uye ndinoti ndizvozvo. Asi ndichakuudzai chimwe chinhu chamusingazive; akanga achipfuurira kungova muporofita. Aipfuurira. Kana mukagona kuzvigamuchira, uyu ndiye uya akanyorwa nezvake, muBhaiheri, munooona, kumashure uko, muGwaro, ‘Ndichatuma mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu,’ Maraki 3, munooona, ‘uye achagadzira nzira mberi kwaNgu.’” Maona?

²⁶⁴ Zvino havana kunzwisisa. Kunyange vadzidzi havana kuzvinzwisisa, munooona. Ndizvozvo chaizvo. Oo, ini zvangu! Hunyoro! Zvininipise, munooona. Enda pasi chaipo... Kana Mwari vakavimbisa chimwe chinhu chikuru, munooona, chikuru mumeso aVo.

²⁶⁵ Zvino, kana muchida kugara makachengeta izvi mundangariro, ndinoda kuti mu...Chengetai izvi mundangariro. Uye kana izvi zvaitika, zvino munogona kuzvishandura. Nanavira pasi uye ugotora rimwe remaruva madiki aya emupfumvudza ari kuuya gore rino, kana kuti tora shizha zvoro rehuswa uye woribata muruoko rwako, zvino woti, “Ndichabata iri zvino, ndoona chimwe chinhu chiya, chiri nyore kwazvo, chakagadzira *iri*. Uye ndinoda kuona pfungwa, inokwanisa kutumira chitundumuserumere kumwedzi, ichigadzira shizha iri rehuswa.” Uchagara unaro. Unogona kuva nechokwadi pane izvozvo. Uchagara unaro. Maona? Shizha rehuswa rine hupenyu mariri, munooona. Riri nyore kwazvo uye rakaninipa.

²⁶⁶ Munooona, kana munhu ari munhu mukuru, zvakanaka, asi kana ari mukuru zvakakwana zvekuti anogona kuzvityora, munooona. Anowana Mwari. Asi kana akasazvityora, haambofa akaVaona. Saka unofanira kuzvityora. Zvino ndima... .

195. Muna Zvakazarurwa, ndima 5:9, ndivanaani ava vanowanikwa vachiimba—vachiimba apo Gwayana parinotora Bhuku kubva mu—kubva mu...ndokutora Bhuku? Ndivo—ndivo here vatsvene vakabvutwa?

267 Kwete. Zvakazarurwa 6...5:9, waro. Kwete. Kana mukacherechedza, ava havasi vatsvene. Vakanga vane... Haasati ambotora pfuma yaKe nazvino. Maona? Ava havasi vatsvene. Kana mukacherechedza, ndivo vakuru neZvipuka, uye vanoimba.

268 Ngatizviverengei, kuti munhu iyeye... Uyezve ndichaedza... Ndine ingaita hafu yedhazeni pano, uye ndinofunga ndinogona kuitora mumaminetsi mashoma. Ngationei. Zvakazarurwa 5:9. Zvino ngativerengei zvishoma kumashure. Saka, munhu uyu, zvino, akatendeseka pazviri, uye vari kuda kuziva. Tarisai.

Zvino rakati ratora—ratora bhuku, zvipuka 4 navakuru 24 vakawira pasi pamberi peGwayana, mumwe nomumwe anorudimbwa, . . . nendiro dzendarama dzakanga dzizere nezvinonhuwira, iri minyengetero yavatsvene.

Zvino vakaimba rwiyo rutsva, (munoona, munoona,) vachiti, Ndimi makafanira kuti mutore bhuku, nokuRizarura, (munoona,) . . . makatidzikinura . . .

Uye . . . mukatiita vapisita nemadzimambo . . .

269 Ndiro boka reKudenga, vasati vari vaya vakadzikinurwa. Zvakanaka, zvino.

Hama Branham, kana vose . . .

Zvino chimbomirai zvishoma. Ndinofungidzira, chii . . . Ndiregerereiwo.

Hama Branham, kana—kana vose vane humwari, (hongu), vane humwari vakatorwa muKubvutwa, ko Eria na . . . naMosesi vachabva kupi?

270 Pane chimwe chinhu chakanganisika. Pane chimwe chinhu chakanganisika. Ndizvo zvega zviripo pazviri. Pane—pane chimwe chinhu chaitika. Maona? Pane chimwe chinhu chakanganisika pane imwe nzvimbo. Munhu wese ari kunzwa zvakanaka here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Hapana . . . Hapana hurwere here, kana chimwe chinhu?

[Imwe hama iri muungano inoti, “Verengai ndima 9 iyoyo zvakare, muna Zvakazarurwa 5.”] Ngationei, Zvakazarurwa . . . Zvanga zviri pai, nhai hama? [“5.”] 5. [“5.”]

Oo, mubvunzo! Oo, mubvunzo wandangobva kupindura. Zvino ngationei. “Iwe . . .” Nzvimbo chaiyo:

Zvino rakati ravhu- . . . bhuku, zvipuka 4 navakuru 24 vakawira pasi pamberi peGwayana, mumwe nomumwe anorudimbwa, nendiro dzendarama dzakanga dzizere nezvinonhuwira, iri minyengetero yavatsvene.

Zvino vakaimba *rwiyo rutsva, vachiti, Ndimi makafanira kuti mutore bhuku, nokuzarura* chisimbiso charo: *nokuti* maka . . . *makabayiwa, uye . . .*

Hezvinoi izvi! Hezvinoi izvi! Ndanga ndakanganisa pane iwoyo. Maona?

. . . *imi makatidzikinura kuna Mwari neropa . . . vanobva kumarudzi ose . . .*

²⁷¹ Ndizvozvo chaizvo. Zvino, munofungei nazvo izvi? Oo, kana Hupo hweMweya Mutsvene husiri pano, saka chii? HaWairega . . . Munooona, ndangoverenga chikamu chekutanga chendima iyi. Munooona, ndiyo—ndiyo ingori ndim- . . . kana chimwe chinhu chakanyorwa apa, zvino ndanga ndiri kuedza kupedza, ndakatarisa pawachi iyo. Asi maMuona here achindimisa pazviri? Kubwinya! Munooona, handina kumboverenga chimwe chikamu chayo. Munooona, ndasvika apa, “Uye . . .” Tarisai apa, “Zvino ivo—zvino ivo vakaimba rwiyo rwutsva,” ndikabva ndamira, munooona. Asi, tarisai pano, “Rwiyo rwavakaimba, vachiti, ‘Makatidzikinura kubva pamarudzi ose, nendimi dzose, norudzi rwose.’” Chokwadi, ndivo. Ini zvangu! Oo, ini zvangu! Oo, ini zvangu! Mazviona? Uye, zvakarewo, pane mumwe mubvunzo zasi apa, zvakare.

196. Munogona here (k-u-d-z-o-. . .) kudzora avo vakapihwa . . .? Zvakanaka, kudzora “vaya vakapihwa nguwo chena,” vemuna Zvakazarurwa 6:11, pamwe “neavo vakasuka nguwo dzavo muRopa reGwayana?”

²⁷² Zvino ngationei, Zvakazarurwa 6. Handitongokwanisi kumhanya pane izvi, shamwari, sezvizvi pano, munooona, nokuti zviri ku . . . Ndiri kuzopindura chimwe chinhu chisiricho. Zvino, Anga asingadi—Anga asingadi kuti ndiite izvozvo. Ndicho chokwadi, zvechokwadi chaizvo. Mweya Mutsvene waMwari unoziva kuti ndicho chokwadi. Maona? Ndango . . . Pane chinhu chango . . . Nda—ndangochitarisa . . . Ndanga ndakatarisa wachi, 11:30, zvino ndokufunga kuti, “Kana ndikasakurumidzira zvino, handizonamatira vanorwara.” Uye ndiri kuedza kuzviita. Nokuti ini . . . Uye pfungwa dzangu dzakanyatso . . . Handikwanise . . .

²⁷³ Rangarirai, munongofanira kunzwisisa zvino, ndiri—ndiri munhu, munooona. Uye ini—ini ndanga ndiri mukati umo kwemazuva 7, uye zvangu . . . Zvino ndine chimwe chinhu nazvino, masikati ano, chandinofanira kuwana kubva kuna Mwari.

²⁷⁴ Asi, Vanga vakatsunga kwazvo kuti handaizoita mhosho iyoyo, vandidzosa kuti ndiverenge zvimwe zvendima yacho yese. Ndango . . . Zvangozwicka sekunge Chimwe chinhu changokunguruka nepamusoro pangu ipapo, ndokuti, “Dzokera! Dzokera!”

Ndafunga, “Dzokera? Chii? Ndomira izvozvi nditange kunamatira vanorwara here? Asi changa—changa chiri chii chaizvo? Chii chandaita?”

Uye ndichangotanga kubata ipapo, mumwe munhu abva ati, “Verengai ndima yacho zvakare.” Uye ndokuiverenga zvakare. Zvino ipapo, zasi pemubvunzo iwoyo, hapo pazvanga zviri, munoono, “Zvakazarurwa 6.”

²⁷⁵ Munoono, ndaverenga yekutanga. Zvinoita sekunge ndiyo, yekutanga, munoono, “Zvino vakaimba rwiyo rutsva.”

Asi zasi kuno, munoono kuti chaive chii? Zvinotevera, zvichidzika zasi, “Makatidzikinura.” Chokwadi, waiva Mwenga, vatsvene vakabvutwa. “Unogona here. . .?” Uye pano, zvirokwazvo, Gwa—Gwayana raiva neBhuku muruoko rwaRo. Rakanga rasiya Chigaro chenyasha dzekuyanana. Maona? Munoono here Mweya Mutsvene kuti unozvitarisa zvakadii? Nokuti, chaizvo, ndizvo zvimwe chetezvo zvandakataura humwe husiku.

²⁷⁶ PaAnga ataura neni mukamuri, uye ndikauya zasi kuno ndokukuparidzirai mose, kuti, “Gwayana parakabva panzvimbo.” Oo, ini zvangu! Zvino ndinotenda kuti tichangotora chidzidzo. Munoono, “Gwayana rakanga rasiya chigaro chaRo ndokubuda,” munoono, sezvandakanga ndawana kumusoro uko paAkanga aripo, Chiedza chiya, chinova Kristu; paAkanga aripo, chakazvita. Kana Gwayana rabva padendemaro iri reChigaro chehushe, kuti rive Murevereri, Rinobva rava kunze kuno, zvino Zuva reRudzikinuro rweChechi rinenge rapera.

²⁷⁷ Rudzikinuro rwunotevera rwunozarurwa, nderwemaJudha, 144,000. Ndizvo here? Nokuti Akavimbisa kuti Aizotema muti wacho, munoziva.

²⁷⁸ Zvino, pano, zvino heRino richibuda, Gwayana, zvino Zuva reRudzikinuro robva rapera. Uye vose vachadzikinurwa, vakatodzikinurwa kare uye vakaiswa paBhuku, zvino Riri kunze kuno richizarura Bhuku. Ndizvozvo!

²⁷⁹ Oo, ndinoKutendai, Ishe. Maona? Regererai muranda weNyu anohuta-huta nokuda kwekuedza kudarikira chimwe chinhu.

Zvino, maigona kugamuchira here “vaya vakapihwa nguwo chena,” vemuna Zvakazarurwa 6:11 . . .

²⁸⁰ Zvino ngationei, 6:11. Zvakanaka. Tava papi zvino apa? “Nguwo chena,” hongu, ndivo va—vakarovererwa, vari pasi peartari. Ma—maJudha, pakati penguva iyoyo, “Vakapihwa nguwo chena.”

. . . pamwe “neavo vakasuka nguwo dzavo muRopa reGwayana,” vemuna Zvakazarurwa 7:14?

²⁸¹ Kwete. Zvino, vakasiyana, zvechokwadi chaizvo. Nokuti, munoono, pano, tinoona *apa*, kuti “ava vakapihwa nguwo chena,” pano apa munguva ino. “Vakapihwa nguwo chena,”

pachavo, nenyasha. Uye ava *apa*, “Vakanga vasuka nguwo dzavo muRopa reGwayana,” uye muna Zvakazarurwa neche *apa*, iyi ndiyo “mhomho huru yakauya pamberi paMwari, yendudzi dzose, ndimi, nemarudzi.” Uye *ava* ndivo chaivo vanofambirana nevakafira chitendero, maJudha, munoona. Zvino, zvino ndizvozvo, zvino.

197. Hama Branham, kana vose vane humwari vakatorwa kumusoro muKubvutwa, ko Eria naMosesi vachabva kupi? Vachange vari maJudha here? Kana kuti Eria wedu, watakapihwa, acha—achava navo here?

²⁸² Kwete. We—weMarudzi achazodzwa nemweya uyu, kuzodana Marudzi, achatorwa. Nokuti, munoona, Chechi yose, vose, vakatorwa kumusoro. Zvino vaporofita 2 ava, ve—vemuchitsauko 11, vanounzwa pasi. Zvino zuva renyasha rinenge rapera kuMarudzi, uye ratumirwa kumaJudha. Kwete, anenge asiri munhu mumwe chete. Zvino, ndine—ndine chokwadi chaicho chaizvozvo. Zvino rangarirai, izvi zvinongova zvandinozivisisa ini.

Ngationei kuti uyu, unoti chii pano. Mubvunzo, “Ko gorosi newaini...?” Oo, “Ko...?” G-o-r-o-s-i. Kwete, ini ndafungidzira wa—wanga uchireva kuti, “Ko chii...?” Hauna “chii” apa. Uri kungoti:

198. Ko chii newaini, kana kuti gorosi newaini, chii chinoita... chaZvakazarurwa 6:6?

Ngationei zvauri, kana ndadzika zasi apa zvino, izvi apa.

Zvino ndikanzwa inzwi pakati pezvipuka 4 richiti, Chiyero chegorosi chichatengwa nedhenari, nechiyero chebhari nedhenari;... uone kuti usatadzira waini ne...mafuta.

²⁸³ Ndinovimba kuti zviru kureva “gorosi newaini.” Ndicho chaiva chimwe, kune chimwe.

Chaizvo, mufananidzo here, waini inotorwa patafura yechirairo, yaZvaka-...yaVaKorinde Vokutanga 11:24?

²⁸⁴ “Ko waini—waini...?” Kwete. Chimwe chazvo mufananidzo wepamweya, munoona. Uye mumwe wacho ndiwo chaiwo chi—chizaruro cheShoko.

199. Zvingave here chikonzero chekuti vazhinji vari kurwara, nekuti hatina kuyeresha Mutumbi waShe? (Ndizvozvo!)

...asi zvino zvazarurwa nekuzaruka kweChisimbiso Chechitanhatu?

²⁸⁵ Zvino, ngationei. Regai ndingoone kana ndingazviwana zvino. Hamusi imi; ndini. Imi hamuna...Mazvinyora zvakanaka; Angori inini chete.

Zvingave here chikonzero chekuti vazhinji vari kurwara, nekuti hatiyeresi Mutumbi waShe? (Une nyora yemubvunzo, kumapeto kwawo.)

²⁸⁶ Zvakanaka, Rugwaro rwunotaura, kuti, “Vazhinji pakati penyu vanorwara uye havana simba, nokuda kwenyaya yokuyeresi Mutumbi waShe.” Ndizvo chaizvo. Nokuti, munooona, Mutumbi waShe ndiwo Mwenga. Uye vazhinji vavo vanotsauka, uye havaendi naWo. Ichokwadi. Munooona, havazive mazvibatiro. Vanorarama chero mhando yehupenyu; uye votora chirairo nezvimwe. Hazvina kunaka. Maona? Kana vanhu vachitora chirairo, vanonyepa nokuba nokunwa, zvino, izvozvo—ndizvo—ndizvo zvakashata. Haufanire kuita izvozvo. Maona?

...asi zvino zvazarurwa nekuzarurwa kweChisimbiso Chechitanhatu?

²⁸⁷ “Kuzarurwa kweChisimbiso Chechitanhatu.” Ngationei zvino. Kwete. Zvino, munooona kuti, Chisimbiso Chechitanhatu chichizaruka apa, chaiva kumaJudha. Munooona, che—Chechi yakatoenda kare. Iyi inguva yeKutambudzika, saka hazvizove zvakananana. Kwete. Kwete. Handizvo.

²⁸⁸ Chimwe chazvo iwaini yepamweya, ndicho chizaruro cheShoko, zvino mu—mutendi anobva atekenyedzwa nechizaruro cheShoko. Uye chimwe chacho mufananidzo weRopa raJesu, rinotorwa patafura yaShe. Zvino, ndiko kunzwisisa kwangu kwakanakisisa pamusoro pazvo.

200. Pane avo vasina kufanotemerwa vachagamuchira Ishe here? Kana vakadaro, vachawa here?

Kwete kana vakafanotemerwa. Kwete. Munooona, havakananise.

201. Riripi Gwaro rinoratidza kuti...kuti chiKatorike chichanyengera maJudha uye chigitora hupfumi hwavo?

²⁸⁹ Zvino, “Ndepapi chaipo pazvinotaurwa kuti—kuti—kuti chikara chichanyengera kuti chiwane pfuma?” Haritaure izvozvo. Asi isu tinofungidzira kuti ndizvo zvaive...Zvino, humwe husiku, munorangarira. Munogona kunyatsotarisa patepi yacho. Handina kumboti ndizvo zvavachaita. Ndakati... Munooona, maKatorike ndiro boka rakapfumisisa pasi rose. Hakuna akafanana navo. Uye zvavasina ivo, maJudha ndivo vanazvo zvimwe zvacho.

²⁹⁰ Ndiko uko hupfumi hwenyika ino zvino...Isu iko zvino tiri kurarama nemari yemutero, maererano ne*Lifeline*, iri kubva pamitero (zvakananana chaiko kuWashington, DC) ichabhadharwa mumakore 40 kubva nhasi. Ndiyo yatiri kushandisa iko zvino. Ndiko kuva kumashure kwatakaita, tichipa mari yebepa, munooona, pamitero ichabhadharwa mumakore 40 kubva zvino. Nyika haichina mari. Yabhuruvara.

291 Zvino, Castro, chinhu chega chine musoro chaati akamboita, ndeapo paakagadzira mari yenhema ndokubhadharisa mari yacho, chikwereti, ndokuzoipisa, ndo—ndokushandura mari yenyika. Ndicho chinhu chega chaaigona kuita.

Uye pane chinhu 1 chete chasara kuti United States ino iite. Zvino rangarirai, uyu ndiWilliam Branham, munoono, ari kutaura. Iyi ipfungwa yangu. Kungofungidzira chete, kungozvitarisa mumaonero epanyama, zvinogona kuva zvisiri izvo nekure-kure. Ndinotenda kuti ipapo chaipo, mumari iyoyo. . . “Rudo rwemari ndiwo mudzi wechakaipa chose.” Uye ndinotenda kuti imomo chaimo ndimo muchatanga nyaya yacho yese.

292 Zvino, chechi yeKatorike kumashure uko, kubva pakubhadharisa misa, nezvimwe zvakadaro, yakabata hupfumi hwepasi rose. Rangarirai, Bhaibheri rakati, “Yakanga yakapfuma,” uye kuti yakanga yakaita sei. Zvino, rangarirai, kwete bedzi munyika 1. Yakapfuma iri mune nyika dzese dziripo pasi peDenga. Inotambanukira kwese. Inayo mari yacho. Zvino, chose chavasina, Wall Street inacho, iyo yakabatwa nemaJudha.

293 Zvino, uye munorangarira, akawana mari apo Jakobho adzoka (nezuro manheru takaona) zvino ndokuva Israeri. Aiva nemari zvechokwadi. Asi mari yake haina chinhu chayaimutengera, munoono, kuna Esau. Esau akanga ainayowo, zvakare. Munoono, vose vanopesana, zvino—zvino uyo wacho. . . Munoono, zvakangonyatsokwana.

294 Zvino tarisai pano. Ndakati vangangoda kubatana pamwe chete pamari apa, uye—uye simba rechiRoma rinotora simba remaJudha, neremari, vachiputsa sungano. Izvozvo zvinogona kusava saizvozvo. Munoono, ndinoziva kuti vachaiputsa, asi ini—ini handizive kuti nechikonzero chei, nekuti hazvina kuzarurwa kwandiri pamusoro pezvavachaita.

295 Asi tarirai. Zvino, kana nhasi, zvino ko kana nhasi, chinhu choga chatinogona kuita, kwaiva kuri kuita? Kana tiri kutora mitero (kana chirevo ichocho chiri chokwadi) kubva pamari, kubva pamari yemitero yemakore 40 kubva zvino, munoono, goridhe redu riri. . . Takatoripedza kare. Taperi mari. Isu hatina kana mari. Uye tiri kungorarama kubva pamukurumbira wakare.

296 Ndizvo zviri kuitwa nechechi nhasi, chechi; kwete Mwenga. Chechi iri kurarama kubva pamukurumbira wayakamboita kumashure kareko pasi peshumiro yenguva yeshumba. “Ndisu Chechi yacho! Ndisu amai Chechi! Takatanga. . .” Ndizvozvo. Maona? Iri kurarama kubva pamukurumbira!

297 VeMethodisti vari kurarama kubva pamukurumbira wavo. VeBaptisti vari kurarama kubva pamukurumbira wavo. Uye vePentekosti vari kurarama kubva pane wavo. “Mwari ngavarumbidzwe! Kare-kare, apo vatsvene vaisitamba

muMweya, uye kuti vai...Ishe vakaita *ichi nechocho*.” Izvozvo, ndechimwe chinhu chakapfuura. “Tese takazokura zvino, hama.” Oo, ini zvangu! Maona? Mukurumbira wose wakapfuura!

²⁹⁸ Nyika ino iri kurarama—kurarama nemukurumbira wakapfuura wezvakanga zviri madzitateguru, munooona, uye ndicho chikonzero tichifunga kuti tichaponeswa. Mwari havana kumbobvira vakaremekedza Israeri pane zvayaiva, izvo zvavakambenge vari; zvavaiva panguva iyoyo! Cherechedzai.

²⁹⁹ Asi, zvino, hezvino zvandinofunga, izvo zvandi—ndinofunga kuti zvichaitika. Zvino, zvinogona kusava saizvozvo. Ndinotenda kuti nguva ichasvika patichamanikidzwa kuita nyaya yacho. Uye pazvichave, izvozvo, pamanzimbo yekuti isu tishandure mari...Izvozvo zvaizoita sei kukambani yePhilip Morris? Izvozvo zvingaite sei kune ma—makambani ehwiski? Izvozvo zvaizoita sei kune maindastiri esimbi? Izvozvo zvaizoita sei kune zvekutengeserana zvese? Chii ichocho? Zvaizovaputsa. Vaizopera mari. Asi, kana, “Tikakwanisa kukwereta mari iyoyo.” Munooona kungwara kwaakaita?

³⁰⁰ Ipapo nyika inozvitengesha kuchechi. Zvino ipapo chechi nehurumende zvinobatana zvakare, zvino heyoka youya. Maona? Ndizvozvo. Cherechedzai. Zvakanaka. Zvino, mune izvi:

202. Kana munhu achishanda mune rimwe bandiko rechikamu chehurumende yedu, uye achigona kutaura chaizvo zviri pamoyo wake, kana kuti muChokwadi chemazuva ekupedzisira, anganzi here mumwe we “zvipeve”?

³⁰¹ Ngationei. “Kana mumwe munhu achishanda mune rimwe bandiko rechikamu ari...?” Zvakanaka, munooona, bandiko rechikamu; ba—bandiko, rinopihwa kodzero nehurumende, kuti ritaure. Munooona, izvozvo hazvinei nechekuita nemoyo wake. Maona? Zvino, kana ari mutendi wamazvirokwazvo, uye akaberekwa neMweya waMwari, imwe nguva kana imwewo achawanana nezvinozomunetsa mupfungwa. Maona? Hazvigone kuve zvakajeka kudai uyezve iye asingazvione.

³⁰² Zvino, ndinoda kuti iwe...Unoona, unoda kurangarira izvi, shamwari, kuti Mwari—Mwari havambozviita, kana kudaro pane chero nguva zvayo, sekurangarira kwandingaita, munooona, asi izvo... .

³⁰³ Tarisai, Jesu akanga ari—akanga ari musimbotti wazvo zvose, nokuti Aiva Mwari, Emanueri, akaitwa nyama. Zvino, tarisai pane Muchinda uyu—uyu, Jesu. Apo... Munoziva here, paAkauya panyika, pakanga pasina, ndinofungidzira, chikamu 1 kubva mu 10 cheniyika chaiziva kuti Aive pano?

Munoziva here, anofanoenda mberi pakauya, apo ese “makomo,” uye nezvinhu zvaizoitika, pakanga pasina chikamu 1 kubva mu 100 chevagari vemuIsraeri, ndinofungidzira, vakazviziva? Hazvishamise here izvozvo?

304 Handiti, kwaiva nemaJudha nezvimwe, nevanhu vari kwese-kwese pasi rose. Zvino, rangarirai, Jesu akauya kuzova Chapupu, seMuponesi wenyika. Ndizvo here? Handiti, kwaingova nevanhu, nevanhu, nevanhu, nemarudzi, nevanhu, vasina kumboziva kana chinhu pamusoro pazvo. Vakapfuurira mberi, sezvakangoita nyika isina kumboziva chinhu pamusoro pazvo; asi, nguva dzose, zvakanga zvichiitika munyika. Maona?

305 Sei Asina kuvarega vachiziva? Akauya, uye avo vakanga vakatemerwa kuHupenyu Husingaperi ndivo vakaMugamuchira. Pangadai pasina chakanaka kutaura chero chinhu kune vamwe vacho vese, nokuti haAigona kunge akavadzikinura, nekuda kwekuti vakanga vasingadzikinurike. Sei zvaiva zvakadaro, apo vaprisita vaya vainge vakamira ipapo? Apo, Akatozofanirwa kuti asvike panzvimbo iyoyo nokuti vakafanotemerwa vakanga vakadyarwa imomo, kwese-kwese, saka Akatozovaparidzira seboka.

306 Uye vadzidzi vacho vakuru vaifanirwa kunge vakaMuziva, vakati, “Murume uyu ndiBherizebhabhu. Hatisi kuzoita kuti Murume uyu atitonge, nezvimwe zvakadaro, munoono. Hatisi kuzozviita.”

Asi chipfeve chidiki, chiine Hupenyu machiri, chakafanotemerwa kuHupenyu Husingaperi, uye zita rake rinogara riri benyu muShoko raMwari pano. Akafamba achienda kumusoro ikoko, zvino, kekutanga Chiedza ichocho pachakarova mbeu diki iyi, nokukasika akabva azviziva.

307 Tarirai, mumwe muredzi wehove mukweguru akauya nepo ipapo. Heuno Akamira ipapo, achiita zviratidzo nezvishamiso, uye—uye achiudza vanhu vakasiyana—siyana zvakavanzika zvemoyo yavo, uye achizvizarura pachaKe.

Uye, ini zvangu, paiva nevaFarisei vainge vakamira ipapo, uye vakati, “Murume uyu ndiBherizebhabhu.” Vaifanira kupa mhinduro kuungano yavo.

308 Vose zvavo vakamirapo, “Chiremba Jones, mungadzika here munoteerera Murume uyu? A—Anoita seAnoziva zvaAri kutaura nezvazvo. Haataure sevamwewo vanhu vemazuva ese.”

309 “Regai ndimunzwe.” Ndokufamba vachienda zasi ikoko, munoono. Hongu, Mwari—Mwari havaimbokwanisa kusvika kwavari.

Zvino hoyo aiva Akamira zasi ikoko, zvino Akati . . .

Vakati, “Zvino tarisai apo. Tarisai apo. Hoyo murume ari kuuya apo. Hoyo mumwe wevadzidzi vaKe. Pane murume ari kukwidza kuno zvino. Zvino, zita remuchinda uyo, ndiAndreya. Munorangarira. Oo, munorangarira varedzi vekare—vekare zasi uko? Ndivavo chaivo. Hongu, ku—kuna Simoni, mukoma wake. Maona? Uye ndivo—ndivo vana vamudhara Jonasi. Zvino apo ivo . . . Tarisai, iye—iye ari kuunza mumwe munhu

kwaAri. Ndiani iyeye? Hongu, onai zvaAchaita zvino. Ndiye—ndiye wacho ari kutevera kumusoro uko.” Zvino anofamba achiendako.

Zvino Iye ndokuti, “Zita rako ndiSimoni, uye uri mwanakomana waJonasi.”

³¹⁰ “Murume uyu ndiBherizebhabhu! Munoono, ane imwe mhando yemweya paari. Munhu asinganzwisike uyu. Maona? Zvechokwadi chaizvo, mose musateerera kune zvakadai, munoono. Garirai kure nako. Handisi kuzoenda zvakare kumisanganano iyoyo, zvachose, munoono. Izvi zvichingopera chete, tiri kubuda muno. Hatife takabuda tichiuya, kuno zvakare.” Maona? Sei? Zvino, ndizvo zvaakafunga, asi zvakadaro akanga achifanirwa kunge ari iye wacho. Tarisai, vacho vaAkauya kwavari ndivo vacho vakaMuroverera. Maona?

³¹¹ Asi paiva nechipeve chidiki chakanga chadzingwa nemunhu wese! Handisi kutsigira hupfeve. Kwete, zvachose! Asi ndiri kungokuratidzai Mbeu yakatemerwa.

³¹² Tarisai muchinda uyu ari pano, muredzi wekare uyu, haaigona here... Bhaibheri rakati akanga asina kudzidza. Ndizvo here? Kwete izvozvo zvoga, asi hapana chaaiziva. Zvino, ndizvo here kana kuti handizvo? Oo, dai tikangova vasingazivi pazvinhu zvakawanda izvi zvatinofunga kuti tinoziva. Maona? Zvakanaka. Munoono, akanga ari zvose uyo asina chaanoziva uye asina kudzidza. Zvino ndokubva afamba achienda kumusoro ikoko muHupo hwaIshe Jesu, uye Akamuudza kuti aiva ani. Ipapo chaipo zvakabva zvapedza nyaya yacho.

³¹³ Zvino, ko nharo dzemumwe muchinda uyu achipesana nazvo ndedzei? “Zvino, tarisai, akazvitenda. Tarisai kuti ndiani. Munoziva kuti ndiani. Zvino, murume uyu haana kumbobvira... Handiti—handiti, muredzi wehove. Futi, haatozive kana maABC ake. Ndakatenga hove kwaari; aisatokwanisa kundisainira risiti. Iyoyo, munoono, ndiyo mhando yavo yacho! Ndiyo mhando yevanhu vanoteerera kune chinhu Chakadaro.” Totenda Ishe. Amen. Maona? “Handiti—handiti, haadaro... Honai baba vake; hapana chavaiziva. Havana kana kuvaendesa kuchikoro.” Asi ndiye wacho waAkaendesa kuchikoro; ndokumudzidzisa nenzira yaAida nayo.

³¹⁴ Handisi kutsigira kusaenda kuchikoro, zvino. Ndinovimba kuti munonzwisisa. Asi panongova nemhando, munoono, zvaunowana mairi. Ndiyo mhando yacho, nechikonzero zvichienda nepamusoro pavo.

³¹⁵ Uye munozivei? Hapana 1... Ndingati, havasvike chikamu 1 kubva mu 3 zvemaJudha ese munyika avo vaiziva nezvekuuya kwaKe. Uye—uye, zvino, chikamu 1—1 kubva mu 5 chechikamu 1 kubva mu 3 ndivo vaiMuteerera. Uye, zvakare, chikamu 1 kubva mu 100 chechikamu 1 kubva mu 5 vakaZvigamuchira.

Munoziva kuti vangani vaAiva navo. Akanga aine 12 vakamira pamuchinjikwa, kubva muboka rese. Ko vamwe vose vari kupi? Maona? Vaya 70 vakaenda.

³¹⁶ Zvino, paAipodza vanorwara, uye achingodzika, asingataure chinhu pamusoro peDzidziso yaKe; Akangopfuurira mberi, achipodza varwere nezvose. Oo, ini zvangu! Iwoyo, wakanga uri Mweya waMwari uri paAri. Munozvitenda here izvozvo? PaAipodza vanorwara, zvakanakisa! “NdiRabhi mukuru. Nhai, imi mose hama, munofanirwa mose kuva naYe muhechi menyu. Vakomana, ungataura nezvesimba, Muchinda uyu anonyatsogona kupodza varwere! Munofanirwa kuzviona. Ane chipo chekupodza.”

³¹⁷ Manje, honguka, vachava nekuteedzera pane izvozvo. Havo vachiuya, nokuti boka rimwe nerimwe rinofanirwa kuva nemunhu waro.

Hoyo Anouya. Uye zvakare, chinhu chekutanga munoziva, rimwe zuva Akagara hake pasi.

“Oo, chokwadi, Rabhi, tinoenda neMi.”

³¹⁸ “Zvakanaka, garai pasi. Handeyi.” Zvakanaka, ndokutuma 70, nevamwe vakadaro.

Zvino rimwe zuva, mushure mekunge chishamiso chikuru chaitwa, Akagara pasi ndokutanga kuvaudza Shoko, munoona. “Pakutanga kwekurira kwe...” Zvakanaka. Akatanga kuvaudza Shoko, Chokwadi.

Vakati, “Ah, zvino, imbomira zvishoma! Hum! Handizive pane *izvi*.” Zvinopesana nedzidziso yavo. Voti, “Asika, ndinoziva kuti takasiya sinagogi nezvose zvakadaro, asi pamwe ta—takakanganisa, hama. Zviri nani tidzokere, nokuti murume uyu anotaura nezvirahwe. Akaita semuchinda asinganzwisisike. Handisi kuzvinzwisisa *izvozvo*.” Maona? Chaiva chii? Mbeu yaive isina kufanotemerwa kubva pakutanga.

³¹⁹ Zvino, chekutanga munoziva, Aiva neboka duku revashumiri, ndokutaura nevashumiri. Vakati, “Ah! Hum! Zviri nani tidzokere hedu, nesuwo, uye tidzokere tonopinda hedu musangano, titore mapepa edu zvakare, munoona. Nokuti, muchinda uyu, nhai, ndiani anganzwisisa munhu akadaro? Anotaura *izvi* apa, uye otaura *izvi* apo. Ah!”

³²⁰ Avo vamwe havana kuZvinzwisisa saizvozvo. Airatidza zvirahwe kune vamwe vavo, asi kwete kune vamwe vacho.

Saka vakafamba vachienda. Zvino Akatendeuka, akatarira kune 12 vakanga vamirepo. Akati, “Munoda kuendawo here, zvakare?” Maona?

³²¹ Zvino honai. Petro akati, “Munozivei? Ndaienda panzvimbo iyi yekare zasi uko nguva yese iyi. Ko ndekupi munyika kwandingazoenda? Ndingazoendepi? Ndekupi—kupi kwandingazoenda? Mushure mekunge nda—ndaíta basa

pano. . . Uye ini handikwanise kudzokera kune bhini remarara riya zvakare, umo mune mhando yose yetsvina yenyika iri mairi. Maona? Ini—ini. . . Ndingaenda kupi? Ini—ini handitongogona kuzviita.”

³²² Akati, “Zvino, zvakanaka, chiuyai, tiende.” Zvino, hezvoka izvo. Maona? Zvakanga zvakadaro sei, ipapo? 12 kubva pamamiriyoni angaita 2 nehafu. Uye Muponesi wenyika, kubva mumabhiriyoni, zvakadaro akaninipa, munoono. Ingogara wakazvininipisa. Tarisai.

Zvino, nevaFarisei vose ivavo; uye nechipfeve chidiki chiya chakauya kumusoro ikoko. Chikati, “Aiwa, Muri muporofita chete ini! Manje, isu tinoziva kuti Mesiya ari kuuya, uye paAnouya Achaita izvozvo.”

Iye akati, “Ndini iYe wacho.”

³²³ Mudzimai ndokuti, “Hekani waro,” ndiye hutu achienda. Imboedza kumumisa kamwe chete? Hawaikwanisa kuzviita.

203. Hama Branham, kwaziso nemuZita raIshe Jesu. Ndapota tsanangurai kuti ndiani murume, muna Mateo 22:11, murume akanga asina kupfeka nguwo yemuchato, kupfeka nguwo yomuchato. Ndinoziva kuti murume uyu aigona—haaigona kupinda Kudenga asina kupfeka nguwo yemuchato. Uyu aive muenzi, ndinoziva, kwete Mwenga.

³²⁴ Hongu, ndizvozvo. Aizova. . . Hongu, akangoverevedza achipinda. Maona? Zvino tarirai. Zvino, ini. . . Zvinogona kutora mharidzo yese pane izvozvo.

Zvino ndine maminetsi 10, ekunamatira vanorwara nekupedzisa izvi. Uye ndine hafu yawo yapindurwa, ndinofungidzira. Cherechedzai. Asi ndicha—ndichakurumidza, chaiko, zvechokwadi chaizvo, mushure meuyu. Maona?

³²⁵ Hezvinoi zvakaitika, kana muchiziva tsika dzevekumabvazuva. Maona? Chikomba pachinopa kokero dzemuchato wacho, chinopa kokero dzine humwe huwandu. Uye pakokero yose yachatumira, chaiva nemutariri wesuwo aimira pamukova, kuti apfekedze akokwa nguwo. Zvisinei nekuti aiva murombo, kana chero zvaakanga ari, aive ane. . . kana aive mupfumi kana murombo, chero zvazvaiva, iye, vose, vaifanira kupfeka nguwo yemuchato iyi.

³²⁶ Pavainge vakamira pamukova, vaimupfekedza iyi paari, yaifukidza zvambenge zviri mataridzikiro ake ekunze. Anokokwa, kunyangwe ari muzvina miriyoni kana angave ari murombo wekapedzesera, angava ari murimi, mucheri wemigero, kana chero zvaari, kana mupfumi, ari—ari pano akapfeka nguwo zvino. Nekuti, nguwo anoipfekedzwa pamukova, paanopinda nepamukova.

³²⁷ Zvino, torai Mutsvene Johane 10, ndinotenda kuti ndiyo, Akati, “Ndini mukova.” Maona? “Ndini mukova unopinda. . .

waunopinda nawo.” Zvino hoyo amire pamukova, uye heuno Murume anomupfekedza nguwo, Mweya Mutsvene, kumupa nguwo yekururama paanopinda.

³²⁸ Zvino, murume uyu akanga auya nerimwe sangano, seri nepahwindo neche kuno uku, rimwewo buri rekuverevedza naro. Zvino akaenda patafura ndokugara pasi. Uye ipapo Chikomba pachakauya uye Chikatarisa kwese-kwese, akanga ari... iye... Ava vakambenge vari muzambiringa munyemba, kumashure, zvino apa *iye* ndiye ave muzambiringa munyemba. Maona? “Uri kuitei pano wakadaro, usina rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene nezvinhu zvose izvi? Wambopinda sei muno?” Zvino, akapinda nepamwe pasiri pamukova. Uye akauya asina kokero yakafanira. Maona? Auya nehunhu hurongwa hwedzidzo, munoono, kana zvimwe zvakada kudaro. Akapinda.

³²⁹ Zvino Chakati kwavari, “Musungei, maoko netsoka; mukandirei kunze kuno, murima rekunze, uko kuchava nekuchema, nekuungudza, nekugeda-geda kwemeni.” Maona? Akapinda munguva yeKutambudzika. Maona? Haana kupinda nepamukova. Saka, zvakana. Mubvunzo:

204. Ko Eria waMaraki 4 angave ari mumwe chete here naEria anotaurwa muna Zvakazarurwa 11:3? Uye zvimwe zvapupu zvaka-...Ko zvimwe zvapupu 2 izvi vanhu vakatosiyana here, vakasiyana?

³³⁰ Hongu. Eria waMaraki 4 haangavi Eria waMaraki 3. Takapfuura nemazviri, manheru apfuura. “Uye chimwe chapupu chakasiyana here, pane 2 vavo?” Hongu, changamire, Mosesi naEria; kuchizaruro chedu. Zvino, handidi kukuswedzai pano kwenguva yakarebesa.

205. Madzimambo Okutanga 19, Hama Branham, ndinotenda kuti nhamba yevasina kupfugama yaive ma-... .

³³¹ Hongu, ndizvozvo. 700 panzvimbo ye...Maita henyu. Ndizvozvo chaizvo. Vaive 700 pachinzvimbo che 7,000... “Hama Branham...” 7,000 pachinzvimbo che 700. Zvino, mazviona here izvo?

³³² Munoziva, chokwadi, kana munhu auya sezvizvi, ku-kuzoparidza... Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu, zvino, kuitira kuti munzwisise.

Eria paakauya kubva kurenje, aive nemharidzo 1 chete. Akabuda achikurumidza achibva chaimo murenje iroro, ndokudzika zasi chaiko ndokuudza mambo uya, “Dova harisi kuzobva kudenga kusvikira ndaridana.” Ndiwo mashoko aaiva nawo. Ndokukurumidza kubuda achidzokera, uye haana chaakataura kune mumwe munhu. Maona?

³³³ Paakazova nerimwe shoko, akangodzika zasi ndokutaura shoko iroro. Ndokutongotendeuka, achidzokera kunze uko murenje. Maona?

³³⁴ Zvino, kana mukatarisa, pandakaisa dombo repakona pasi petabhenakeri iya, Akati, “Ita basa remuvhangeri.” Uye zvino nguva yave kusvika apo basa iroro riri kupatsanuka. Pane chimwewo chinhu chiri kuitika. Zvino ndiri zvakanyanya... Munoono, ndinosvika pano ndoedza kuita muvhangeri nezvimwewo, ndoona pamunenge muri? Maona? Muri... Oo, ndi—ndiri kutarisira chechi kuve yemweya zvakakwana kuti inzwisise.

206. Hama Branham, ndinonzwisisa kuti Eria anofanira kuvapo ka 3. Munotiudza kuti akatovapo ka 2 nechekare, uye achauya zvakare. Zvino, ko munhu, uyo mweya waEria uchange uri paari, angavewo here zvakare wezvapupu 2 zvaMosesi naEria uko?

³³⁵ Kwete. Kwete. Achange ari weMarudzi, munoono, kuChechi yeMarudzi. Mwari vanotumira, nguva dzose, kuvanhu vake iye, munoono. “Akauya kune vekwaKe Iye; vekwaKe Iye havana kuMugamuchira.” Anogara achitumira yaKe, Mharidzo yenguva.

³³⁶ Mwari pavaishanda nemaJudha, hapana kana vaporofita veMarudzi vakauya. Kana Mwari vachishanda neMarudzi, panenge pasina vaporofita vechiJudha. Kana Mwari vadzokera kumaJudha, panenge pasina vaporofita veMarudzi. Maona? Munoono zvandiri kureva? Zvakanaka.

Mushure mekunge Kubvutwa kwaitika . . .

³³⁷ Zvino, pachava nenguva inopfuurira, honguka, Mharidzo 1 chete ichipfuurira kupinda mune imwe. Inofanira kuuya ichipinda chaizvo sezvizi, munoono, sokutsanangura kwandakazviita, munoono; saPauro kuMarudzi, nevamwe vakadaro. Zvakanaka.

207. Mushure mekunge Kubvutwa kwaitika, pane here vechechi vachaponeswa pakupedzisira, vasina kutorwa paKubvutwa?

³³⁸ Kwete. Huh-uh. Nekuti, Ropa rinenge ratoenda. Munoono, hapazova nekureverera. Zera reMarudzi rinenge ratopera. Hapana kana achaponeswa mushure meKubvutwa, kana ani zvake wechechi, huh-uh, chechi. “Regai ane tsvina, arambe ane tsvina; uyo mutsvene, arambe ari mutsvene.” Maona? Izvozvo hazviitike, munoono, kwete mushure mekunge Chechi yaenda.

208. Hama Branham, ndakakucherechedzai, muchitaura nezvemavhiki 70 aDhanieri paMharidzo yeChisimbiso Chekutanga. Ndinonzwisisa, pana Dhanieri, patepi yaDhanieri, Vhangeri parinodzokera kumaJudha, mavhiki 70 achatanga. Kune 70 mumwe here...vhiki rimwe, makore 7, asara kumaJudha? Kana kuti, pachigere, kungova nehafu imwe yevhiki, mamwe makore 3 nehafu asara kwavari?

³³⁹ Hafu imwe chete yevhiki. Jesu akaporofita, hafu yekutanga yevhiki, sezvakafanotaurwa. Kwasara hafu imwe chete yevhiki ravo.

Hama Branham, sezvo musina kunamatira vanorwara mukati mevhiki, munga . . . ? (Chinongori chikumbiro chete cheizvozvo.)

Hama Branham, mungandionawo here mushure meshu . . . ? (Chikumbiro, munoono, ichi.)

209. Ndapota mungatsanangurawo here nezvekusungwa kwaSatani kwemakore 1,000, uye nekuzosunungurirwa hondo ya—hondo yaZvakazarurwa 20:8? Izvi zvine hukama hwei neHondo yeAmagedhoni sezvakataurwa muChisimbiso Chechina? Gogi naMagogi ichaunganidzwa kubva pavanhu venyika itsva here?

³⁴⁰ Zvino, uyu wakareba, uye ndi—ndichangonanga pane nyaya yawo, munoono. Zvino, chinhu chekutanga, “Munga . . . ?” Zvino, zvichida handikwanise kuutsanangura. Ndichaita nepandinogona napo.

Ndapota mungatsanangurawo here kasungirwo kaSatani kwemakore 1,000, nekuzosunungurirwa hondo yaZvakazarurwa 20:8?

³⁴¹ Iyoyo haisi Hondo yeAmagedhoni. Hondo yeAmagedhoni inoitika kudivi rino, munoono, zvakana, kana nguva yeKutambudzika yaperera.

Zvino, izvi zvine hukama hupi neHondo yeGogi neMagogi?

³⁴² Hapana. Imwe ndeye aya makore 1,000, uye imwe yacho ndiko kuguma kwe—kuguma kwemakore 1,000.

a . . . sezvakataurwa muChisimbiso Chechina? Gogi na—Gogi naMagogi ichaunganidzwa kubva muvanhu panyika itsva here?

³⁴³ Satani akasunungurwa kubva mutirongo rake, uye akaenda kunounganidza vanhu vose, vakaipa, kuti avaunze panzvimbo iyi. Zvino Mwari vakanayisa moto nesurufu kubva kudenga, ivo ndokupiswa, munoono. Hondo 2, dzese hadzo. Mubvunzo:

210. Panyaya ye 68,000,000 vakauraiwa nechechi yeRoma Katorike, inguva ipi munhorondo yazvakaitika? Uye izvi zvakaitika kwenguva yakareba zvakadii?

³⁴⁴ Torai *Glorious Reformation* yaSchmucker. Ndinofunga kuti vamwe vevadzidzi ava vanaro. Uye inhorondo yechechi. Uye ndakanganwa zvino kuti zviri papeji ripi chairo, asi zvakaitika kubva panguva yeizvo—izvo . . . nyaya yacho payakarongwa, kana kupihwa kuchechi, naMusande Augustine wekuHippo, Africa. Maiva muna A.D. 354. Uye yakagara kusvika 1850, kupondwa kwevazhinji muIreland, munoono. Saka nguva iyoyo inobva muna A.D. 33 kana kuti A.D. 30 . . . 354. Regai ndizvitaure

chaizvo, zvino, munoona. Kubva A.D. 3-5-4 kusvika—kusvika A.D. 1-8-5-0, 1850, maererano nenhoroondo, kwaiva ne 68,000,000 maProtestanti vakaurayiwa, vakanyorwa pasi munhoroondo yeRoma yevakaurairwa chitendero, nekuda kwekupesana napapa weRoma. Inhoroondo iyi. Kana uchida kuti handizvo, zvakanaka, saka, zvichida George Washington akanga asipo pano, kana Lincoln. Munoziva, hapana mumwe wedu akararama kumashureko kuti azvione. Asi ndinotenda kuti vakanga varipo, zvakadaro. Ndinoona zviratidzo zvokuti vaivapo.

211. Hama Branham, chitsauko 19 che...uye ndima 18, “Zva kadaro Ndakazvichengetera 7,000 vaIsraeri, 7,000 muIsraeri, vose vasina kumbopfugama...kupfugamira Bhaari, nemuromo wose...kana—kana vakapfugamira Bhaari, newose...usina kumutsvoda, muromo usina kumutsvoda.” Ndapota nditsanangurirei izvi, pamusoro—pamusoro pe 700.

³⁴⁵ Vaiva 7,000. Maona? Uye kuti, “kutsvoda Bhaari,” hamuzivi here...Vangani pano vaimbova maKatorike? Chokwadi. Maona? Munotsvoda mifananidzo. Maona?

³⁴⁶ Uye, rangarirai, munguva yeBhabhironi naNebhukadhinezari, apo humambo hweMarudzi hwakapinzwa, munoona; humambo hweMarudzi pahwakapinda, hwakapinda nekunamatwa kwemunhu. Nebhukadhinezari akagadzira chivezwa chemunhu. Zvino kana uine pfungwa yemweya, zvino teerera kune chizaruro ichi. Mweya iwoyo, munhu iyeye waakaitira chizaruro, kana kuti, waakaitira mufananidzo, kubudikidza nechizaruro chake, akanga ari Dhanieri, murume munamati ainamatwa. Mazviona? Nekuti, akamutumidza zita rinonzi Bheteshazari, handizvo here? Kana kuti, Bheteshazari, raiva zita ramwari wake. Zvino akagadzira mufananidzo wamwari iyeye, waiva mufananidzo waDhanieri. Zvino Dhanieri akaramba kupfugamira mufananidzo wake pachake. Maona? Maona?

³⁴⁷ Uye hezvinoi izvi zvakare, munoona. Zvino tarisai. Humambo hweMarudzi hwakapinzwa, mumazuva eBhabhironi, naMambo Nebhukadhinezari; mambo weMarudzi, achiisa chechi nehurumende pamwe chete, nokutora mutsvene mu-... kana kuti mufananidzo womunhu mutsvene, achimanikidzira kuti ugonamatwa. Humambo hweMarudzi hunoperera kutsoka, nechinyorwa pamadziro, nesimba rezvematongerwo enyika rakabatanidza chechi nehurumende pamwe chete; kumanikidza kutsvoda mifananidzo zvakare, munoona, chinhu chimwe chete, mufananidzo wemunhu mutsvene. Chokwadi.

212. Hama Branham, panoitika Kubvutwa uku—panoitika Kubvutwa, ko vana vadiki vasingazive chakanaka nechakaipa vachapinda muKubvutwa here?

Kana mazita avo ari muBhuku. Hongu. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Zvakanaka.

213. Hama Branham, makataura manheru apfuura kuti... kwaiva nevanhu 700 vaizoponeswa, vaizoponeswa pasi pekuparidza kwaEria. Maireva 7 zviu-...?

³⁴⁸ Hongu. Ndizvozvo chaizvo. Ndapota ndiregererei nekuda kwaizvozvo, munoono. Zvakanaka, munoono, ndakadaro.

Hama Branham, mungadudzirawo here zve...? Mushure mokunge mavhura... Hama Branham, ko iwo—iwo (m-w-a-k-...) mwaka...

Ndiregerereiwo. “Ko mwak-...?” Zvino, hamusirimi. Ndini, munoono.

214. Ko mwaka wenyasha uchange wapera here, mushure mekunge mazarura Chisimbiso Chechinomwe?

³⁴⁹ Ndinovimba kuti kwete. Kwete. Kwete. Shamwari, regai kuisa izvozvo mupfungwa dzenyu zvino, munoono. Imi chingorambai muchienderera mberi. Cherai mbatatizi, uye muende kuchechi, nekupfuurira mberi. Kana zvikaitika mangwanani, wanikwa uchiita chaizvo zvaunofanirwa kunge uchiita. Usa—usatanga...

³⁵⁰ Munoono, kana ukadaro, unomonyorora nyaya yacho kubva pa—pachinangwa chayochayakatemerwa. Unwana pfungwa diki dzisinganzwisike, uye unwana pfungwa dzako iwewe pamusoro pechinhu. Usatore pfungwa dzako pachako. Paunenge wangogara uye woteerera zvinhu zvakadaro, iti, “NdinoKutendai, Ishe. Ndichangofamba ndichiswedera zvishoma kwaMuri.” Maona? “Ndichafamba...” Usasiye basa uye uchiti, “Ndichatengesa zvese.”

³⁵¹ Mumwe murume akamhanya achipinda, kumusoro kuno, rimwe zuva, achibva kuNorth Carolina, tave pedyo nekusimuka. Zvino akati, “Mwari ngavarumbidzwe! Mungandiudzewo here kwaiva nemumwe munhu mukuru?”

Ini ndikati, “Kwete.”

³⁵² “Oo, hongu, changamire,” akati, “muchinda uyu ane...” Akati, “Muchinda uyu ndiye mutungamiri weAudio Mission.”

Ndikati, “Wechii?”

Akati, “Audio Mission.”

Ini ndikati, “Handisi kunzwisisa.”

Zvino akati, “Oo,” akati, “muchinda uyu ndiye mutungamiri wacho.”

Ndakati, “Mati zita rake ainzi ani?”

³⁵³ Akati, “Branham, ndinotenda kudaro. Rimwe rakada kudaro, Brown kana kuti Branham.”

Ndakati, “Zvakanaka, zita rangu ndiBranham.”

Akati, “Muri mutungamiri weAudio Mission here?”

Ndikati, “Kwete, changamire.”

Akati, “Zvakanaka, ko Mireniyamu iri kupi?”

Ndikati, “Handizive.”

³⁵⁴ Akati, “Handiti, muri...Mu—munoreva kuti i—i—i—iri kuitika iko kuno, asi imi musingazvize?”

Ndikati, “Kwete, changamire, handizive.”

³⁵⁵ Akati, “Zvakanaka, mbiri kuna Mwari!” Akati, “Ndine dzimwe—dzimwe shamwari dzakauya kuzondiudza,” ndokuti, “ndasiya basa.” Ainge achakapfeka mbatya dzake dzekubasa. Akati, “Hama, ndiri kuda Mireniyamu.”

³⁵⁶ Ini ndikati, “Zvino, ndi—ndinotenda kuti makangovhiringika zvishoma, hamuna here, hama?”

³⁵⁷ Panguva iyoyo imwe motokari yakasvikapo, tekisi. Mudzimai akati, “Mirai! Mirai! Mirai!” Mumwe mudzimai mudiki akauya ipapo, akati, “Zvino muri kuzonamatira murume wangu.”

Ndikati, “Hongu, amai. Ko—ko inyaya yei?”

³⁵⁸ Akati, “Zvino, ndinonzwisisa kuti unofanira kumirira mwedzi kuva pahurukuro, munoono, kuti unamatirwe.”

Ini ndikati, “Chii?”

³⁵⁹ Iye ndokuti, “Hongu, changamire.” Akati, “Asi ini ndapererwa. Munofanira kunamatira murume wangu.”

Ndikati, “Chokwadi. Ari kupi? Huyai naye.”

³⁶⁰ Muchinda uyu akamira ipapo, akatarisa kumwewo, akati, “Munonamatira vanorwara, futi?”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

³⁶¹ Akati, “Mati zita renyu ndiani, Branham?” Ndikati... “Asi hamuna chamunoziva nezveMireniyamu?”

³⁶² Ndikati, “Zvakanaka, ini...Kwete, handizive.” Ndakati, “Ini—ini handisi kuzvinzwisisa. Zvingori muBhaibheri chaimo.”

³⁶³ Akati, “Kwete, iriko izvozvi. Vanhu vakauya vachibva kwese-kwese.”

Ndikati, “Iri kupi kwacho?”

Akati, “Jeffersonville, Indiana, pasi pebhiriji chaipo.”

³⁶⁴ Ndikati, “Changamire, maita kuti, ndipererwe apa.” Ini ndikati, “Hapana chandinoziva nezvayo ini.” Ndikati, “Ngatipindei tigare pasi. Zvimwe tinogona kutaurirana zvinopera pamusoro penyaya iyi.” Takadaro, munoono.

³⁶⁵ Musadaro, musadaro, munoono, shamwari, musambofe makashuvira shumiro. Munoziva zvandi kureva. Maona? Unotozonyanya kufara ungori pauri ipapo. Maona? Iwe chingoramba uchienderera mberi.

215. Mushure mekubvutwa kweMwenga, ko chechi, inopinda nemunguva yeKutambudzika, inomira riinhi pakutongwa? (Haimiri ichtongwa...) Kumberi here kana kuti mushure meMireniyamu?

Zve “chechi.” Oo, ndiregerereiwo. Ndiregerereiwo, chero ani anyora izvi. “Ndiriinhi apo Chechi ino...?”

Mushure Mekubvutwa kweMwenga, ko chechi, inopinda nemunguva yeKutambudzika, inomira riinhi pakutongwa? Kumberi here kana kuti kumashure...?

³⁶⁶ Mushure! “Vakafa vose havana kurarama kwemakore 1,000,” avo vasina kuenda neMwenga. Ngationei:

216. Makataura kakawanda kuti communism yakasimudzwa naMwari, kuti ishumire chinangwa chaVo, saMambo Nebhukadhinezari. Zvino ko communism yakakwana papi mune mufananidzo ucha...iyo pakupedzisira...ichaita pekupedzisira? Inozoguma sei? Vadzidzi vakawanda vanotenda kuti muhumambo hwokuchamhembe, Gogi naMagogi hwakarehwa muMagwaro, vanodzika kunorwa neIsraeri mu—mu...(Ndiri kutadza kuyatsobatanidza chaizvo kuti chii. Hongu. Hongu.) Ndinotenda, zve... mamwe ematepi akatorwa, akati, makati ichapedzisira yadonhedzera...kuti communism pakupedzisira ichazoparadza chiKatorike, kana kuti Vatican, nokuputika. Ndizvo here?

³⁶⁷ Hongu. Zvakazarurwa 16, muchazviwana, uye Zvakazarurwa 18:8 ne12. Kana munhu wacho ari pano, achida kutora bepa iri, pamusoro peizvozvo, unogona kuzvitarisa. Hongu. Munooona, “Yowee, yowee guta guru riya! Nekuti muawa 1 rasvika pamagumo aro.” Munooona, vatengesi, nezvimwe zvose, vakamuunzira zvokutenga nezvokutengesa zvake. Zvichava saizvozvo. Ndizvozvo. Uye rega... .

³⁶⁸ Ingosiya, chitokanganwai henyu nezvecommunism. Maona? Haisi chinhu munyika kunze kweboka re—revanhu vasiri chinhu kunze kwevapengereki avo—avo vasina humwari. Hurongwa. Regai ndikuratidzei chimwe chinhu, ndikuratidzei kuti zviri nyore sei. Nhai, kunongori nechikamu 1 kubva mu 100 cheRussia yose chinova communism. Vanoda mutumwa. Maona? Chikamu 1 kubva mu 100; zvino, chikamu 99 kubva mu 100 vavo vachiri kudivi reChikristu. Chikamu 1 kubva mu 100, zvino ko chikamu 1 kubva mu 100 chingagotonga sei chikamu 99 kubva mu 100? Izvozvo zvinofanira kukutsanangurirai, ipapo chaipo. Kana Mwari vasina kuzvibumira, handiti, manje, vangadai vakakandirwa kunze kare-kare. Maona? Chokwadi.

217. Hama Branham, makataura kuti Roma ichatora hutongi hwemaJudha pamakore 3 nehafu ekupedzisira. Zvichaitika here pamakore 3 nehafu e—ekutanga eKutambudzika,

**kana kuti zvichave mumakore 3 nehafu ekupedzisira?
Ndizvo here?**

³⁶⁹ Achange ari makore 3 nehafu ekupedzisira. Ndizvozvo. Kwete ekutanga, nekuti akatopfuura kare.

Ndine mumwezve mushure meuyu:

218. Hama yangu inodikanwa, Eria waMaraki 4:5 achaenda kurenje here, sezvatinoudzwa naMadzimambo Wokutanga 17 kuti mumwe Eria akaita?

³⁷⁰ Zvino, handingati chaizvo anodaro, kuti anozoenda kurenje. Asi achava izvi, munoona, aive... Erisha naEria, makacherechedza here? Varume vazhinji vakadaro varume vari kure; ivo, vanogarira kure nevanhu. Havanzwisike chaizvo. Havawadzani zvakanyanya nevanhu.

³⁷¹ Munocherechedza kuti Erisha aiva akaita sei, naEria, naJohane Mubhabhatidzi, nehunhu ihwohwo hwemweya iwoyo, munoona. Uye hava... Iye—iye, ndinotenda kuti murume uyu achange ari mudi werenje, uye pamwe achigara murenje. Asi, zvino, kungotaura kuti achave mugarandoga uye achigara murenje, handizive nezvazvo. Dzimwe nguva vaizviita. Erisha haana, asi Eria akazviita. Uye zvakare, Johane, iye—iye aigara murenje.

³⁷² Uye, zvakaoma kutaura, vamwe vaporofita ava, pavachabuda vachibva muJudhea ikoko, handizivi kuti vachagara kupi. Vanogona kudzika musasa pachikomo pane imwe nzvimbo. Kana—kana, zvavachaita mumazuva echiporofita chavo, ini—ini handizivi zvavachaita.

Asi imi... Zvandiri kuedza kutaura ndeizvi. “Ivo, vachange here, vachange here vari a—a—a...?” Vari kuedza kubvunza, “Vachange vachingova vagari vomurenje here?”

³⁷³ Zvakanaka, vanotozoda kuti vaende kuchamhembe kwemuBritish Columbia kuti vawane renje rakakwana rekugara mariri zvino, kumwe kunhu, munoona. Saka anenge ari mumwe munhu... Renje rose rakatemwa. Maona? Hakuchina renje rakawanda rasara. Maona? Saka, chinhu chega, ivo—ivo vanogona kunge vari vadi verenje, munoona, uye zvichida voga nguva zhinji murenje, uye vachange vari... Munogona kucherechedza hunhu hwavo, ndehuya hwekusarerutsa, munoona, uye mucha—muchazviziva kana zvasvika. Maona? Muchazviona; muri—muri makanyatsosvinura.

³⁷⁴ Zvino, heuno mumwe, handizive kuti ndoubata sei. Uye ndawana mumwe uyu usati wauya, saka zvino ndichavakumbira kuti vambodzima tepi kwechinguvana.

219. Kana Mwari vari munhu 1, sei kana kuti ko Vaigotaura Vega chirudzii paGomo Rekushandurwa?

³⁷⁵ Zvino, ndichangobva kuzvitsanangura, munoona. Maona? Ndinoda kukubvunzai izvi. Ndiri kuzo... Jesu paakanamata kuna Baba, munoona.

Ndinotenda kuti mune rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Handizvo here, hama? Mungasimukawo here kwechinguvana. Munoti mune rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene handiti? [Hama inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti] Neniwo, zvakare. Zvino, chii ichocho? Zvino handizviti ndine—ndine masimba mandiri ekubhedhenura zvakavanzika izvi. Handina simba rekupodza vanorwara. NdiMwari.

³⁷⁶ Ndinotenda kuti muri mushumiri. Kana ndisiri kukanganisa, munobva kuArkansas. Zvakanaka, zvino. Uye mamuri, mune, ku—kuparidza Evhangeri. Zvazviri chaizvo, makakurira papurazi nekwakapoteredza kwakadaro. Hamutongozivi kana chii nezvazvo; asi Chimwe chinhu chakapinda mamuri, kuti muparidze Evhangeri. Hamungazviti ndimi pachenyu, zvachose. Ndemumwe Munhu, anonzi Mweya Mutsvene. Ndizvo here? [Hama inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti] Zvakanaka.

³⁷⁷ Zvino ndinoda kukubvunzai. Ko... Mweya Mutsvene iwoyo unogara mamuri. Ndizvo here? [Hama inoti, “Ndizvozo.”—Mupepeti] Munotaura naWo here? [“Hongu, changamire.”] Kutaura naWo? Kunyengetera KwaUri? Zvakanaka. Ndizvo chete zvandinoda. Maita henyu, zvikuru.

Maona? Zvino mazvinzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

³⁷⁸ Ndichakubvunzai mumwe. Zvakauya sei kuti apo... Jesu, muna Mutsvene Johane 3, Akati, “Mwanakomana wemunhu paachavepo, uyo ari Kudenga zvino.” Maona? “Zvino ari Kudenga; acha... uya panyika.” Maona? “Mwanakomana wemunhu ari Kudenga zvino,” zvino heunoi Akamira pano chaipo achitaura nemunhu wacho. Zvino chindipindurai iwoyo. Jesu naBaba vaive Munhu mumwe chete.

³⁷⁹ Zvimwe chetezvo neMweya Mutsvene uri mandiri; makatarisa kwandiri ndichiparidza, asi handisi ini.

Handisi ini ndinogona kutaura shoko rinogona kuunza, sezvamunoziva, mhuka; ndogara ipapo ndoitarisira, uye ndouraya mhuka yacho nekuidya. Isimba rekusika iroro. Izvozo hazvimo mumunhu wenyama.

³⁸⁰ Handisi ini ndinogona kutora mukomana mudiki pano, akarara... Vana chiremba vakamuradzika nemusana wake, aine dambudziko remoyo, manheru ano. Uye ndoti, “Zvanzi naWilliam Branham”? Kwete. “ZVANZI NAJEHOVHA, zvapera.” Ndomuunza kuna chiremba, zuva rinotevera, uye zvose zvaenda.

³⁸¹ Mwana ane kenza yemuropa, kusvikira maziso ake abuda kunze, uye akaita yero pose zvapo, padumbu; kusvikira vomuendesa kuchipatara, kunomupa ropa nezvimwe, zvekutoti vakwanise kumuunza pano. Uye munguva yemaminitsi 5, ochemera hamubhega! Uye vodzokera naye kuna chiremba, zuva rinotevera, uye otadza kuwana kana muhwezva wayo. Iyi i “Zvanzi naWilliam Branham” here? Iyi i “ZVANZI NAJEHOVHA!” Zvakadaro, iYe munhu akatosiyana neni, asi nzira yoga yaAnoratidzwa kubudikidza nemandiri. Maona?

³⁸² Ndizvo zvakanga zvakaita Jesu naBaba. Jesu akati, “Handisi iNi ndinoita mabasa; ndiBaba vaNgu vanogara maNdiri.”

Zvino, “Mwanakomana wemunhu achakwira achibva Kudenga, uyo zvino ari Kudenga.” Maona? Chaiva chii? Akanga ari kwese-kwese nokuti Aiva Mwari.

³⁸³ Zvino, mumwe wacho uyu, ndi—ndinoda kutaura mashoko aya.

Tsanangurai zvamanga muchitaura nezvazvo . . .

[Chibenga chisina chinhu patepi. Chiporofita chinopihwa—Mupepeti]

Mazvita heNyu, Mwari Baba. TinoKutendai nokuda kweMweya, nekuva kweNyu pano. Zvino tinoudzwa, Baba, kuti imwe nguva, apo, paya, muvengi akanga achipinda, zvino Mweya ndokuwira pamusoro pemumwe murume ndokuporofita kwaari, ndokumuudza. Wakaisa nyaya yacho muhurongwa, apo pavakaziva maendero uye nekunokunda muvengi, uye nekwekuwanira muvengi.

³⁸⁴ Uye ndinoKutendai, Baba, kuti Munoramba muri Mwari mumwe chete waMagara muri. Muchingori mumwe chete. Isu tinoshanduka, uye mazera anoshanduka, nenguva dzinoshanduka, uye nevanhu. Asi iMi hamushanduki. Maitiro eNyu mamwe chete. Nyasha dzenyu dzimwe chetedzo. Mabasa enyu mamwe chete, nokuti anoshamisa, uye anopfuurira nekure chero zivo ipi zvayo yemunhu yaangambonzwisisa.

³⁸⁵ Saka tinotenda, Ishe, kuti zvakavanzika zveNyu zvakavanzwa mumoyo yevaranda veNyu. Uye tinofara kwazvo nekuda kweizvi, Ishe. Uye dai tafambira mberi seZviedza zvinopenya, kuti . . . kubva panzvimbo nenzvimbo, uye tichiedza, nerudo, ku—kuunza vamwe mukati; kuti tikwanise kukudza mukona yese diki, nekukandira mambure mukati, kuti tive nechokwadi chekuti tiwane hove yese iri yeNyu. Uye ipapo Gwayana richatora Mwenga waRo, kuti ugare narinhi parutivi rwaRo. Takamirira nguva iyoyo, kubudikidza neZita raJesu Kristu. Amenii.

³⁸⁶ Vangani vari kurwara muno? Ngationei maoko enyu. Zvakanaka, zvinoita sekunge vangaita . . . Simudzai maoko enyu zvakare. Vangangoita 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 13, 14,

15, 16, 17, 18, 19, 20 . . . ? . . . 41, 42, 43, 44, 45, 46, 47. Vanenge 47. Zvakana.

387 Dzave 11:30. Tinogona kunamatira vanorwara izvozvi; toisa manheru ano mune—mune . . . Mungadaro, mungada kuita izvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

388 Ndinotenda kuti iye zvino ingava nguva yakanaka yekuzviita. Ndokuudzai kuti sei: Mweya Mutsvene, wakamira imo muno chaimo, uri kuzodza. Zvino, sekufamba kwataita tichipinda muMweya iwoyo zvino, munoona, uye muchiona Chimwe chinhu ichocho, munoziva kuti Chimwe chinhu—Chimwe chinhu chiri pano, munoona. Zvino kana uri ungasvika unotenda, unofanira kuzvitenda iko zvino. Maona? Kana uri kuzotenda, ndeiko zvino.

389 Zvino, tinoda kuti mungouya chinyararire. Uye regai avo vari muzvigaroro *izvo*, vasimudza maoko avo, vapinde munzira *iyi*, uye vobva vadzika zasi *neuku*. Uye tobva tavatora, zvigaroro nezvigaroro. Uye vangori 45—45, 47 vavo; hazvitore nguva yakanyanisa.

390 Ndichakumbira Hama Neville kuti vauye, vaburuke zasi kuno chaiko pamwe neni, zvino tichavanamatira.

391 Kutanga, avo vari kuuya zvino munzira, ingosimukai kwechinguvana zvino, kuti tikunamatirei pano uye toisa maoko pamusoro pemunhu wese. Zvino, ndizvozvo, munhu wese ari kuzouya mumutsara wekunamatirwa, munoona, avo vachauya mumutsara wekunamatirwa. Maona? Zvino—zvino, munoona, kuchengetedza nguva, kuti tive nechokwadi chekuiwana, tichakunamatirai zvino.

392 Honai, shamwari. Zvino regai ndizvitsanangure kwamuri. Jesu Kristu akataura kuti, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Zvino tarisai. Haana kumboti, “Kana vakavanamatira.” “Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora!” Uye kana Mwari vachigona kutora nyaya isingakundike yekenza yemuropa, uye nemusikana mudiki asingakwanise kuzvitendera pachake, uye voita kuti chinhu ichocho chipore zvizere; kana Vachikwanisa kutora murwere anotevera, mukomana mudiki wekare, uye vonyatsomupodza kusvika vanachiremba vasisagone kuwana kana rheumatic fever zvayo muropa rake kana chero chimwewo chinhu; chii chaVanogona kukuitira? Zvino, machinda madiki-diki aya, havanzwisise kuti munamato ndewei. Asi ndokungoisa maoko pamusoro pavo, uye zvakagadzirisa nyaya yacho. Tinogona kuzvinzwisisa.

Zvino, imi makamira, kuti tinamate zvino.

393 Baba veKudenga, neHupo hweNyu hukuru huri pano, Mweya Mutsvene mukuru, Uyo watine mufananidzo wawo, Uyo watinoverenga muBhaibheri, Aripo ipo pano zvino. Ari kuZvizarura kubudikidza nemunyama yemunhu.

³⁹⁴ Kuti takaMuona sei pasina kana nguva imwe yaakakundika, nemumakore ose, achigona kuzarura mifungo chaiyo yemoyo wemunhu, kuzarura chivi chavakaita, kuvaudza chaizvo zvakaitika uye nezvazvichazova, pasina kana nguva imwe yazvakakundika! Zvino, tinoziva kuti Mwari waAbrahama, Isaka, newaIsraeri, vanoramba vachiri Mwari, muMunhu waJesu Kristu.

³⁹⁵ Uye zvino neMweya waKe uchiburuka kubva Kudenga, pasi peRopa rakadeurwa paKarivhari, achidzika pakati pevanhu, kuzoZviratidza munyama yemunhu nguva pfupi nyika isati yapiswa; Mweya Mutsvene mukuru achimirirwa munyama yemunhu. Vanhu vaya vanokosha vakagamuchira yananiso yeRopa, uye Mweya Mutsvene unoisa mukati mavo; Mwari, vakamiririrwa munyama yemunhu.

³⁹⁶ Naizvozvo, haingave iri nyama yemunhu, yekungoita chiito chete, sezviri murubhabhatidzo kana zvimwe zvakadaro, nekutumwa, kwekuti, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Nokuturika maoko pamusoro pavanorwara, Mweya Mutsvene unozoona nezvazvo kuti vapura, kana vakatenda. Zvino, Baba, tinoziva kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi.

³⁹⁷ Vanhu ava vakamira, vachapfuura nepasi pemaoko evashumiri vakagamuchira Mweya Mutsvene uyu, uye vagadzirira, Ishe, kuisa maoko pamusoro pevanorwara. Uye tinoziva, Baba, kuti kana vanhu ava vakangotenda chete! Sezvingori Shoko rese raMakavimbisa, zvinotofanira kuitika, ndizvowo... Uye hazvigone kuitika pasina kutenda, nokuti hazvibviri kufadza Mwari pasina kutenda. Hatitongogoni kuzviita.

³⁹⁸ Uye zvino nekutenda, tichitenda, nevimbiso iyi yakaiswa pamberi pedu, neZvisimbiso zvemuBhaibheri zvichizarurwa kwatiri, kuti Mwari vanochogeta Shoko raVo! Dai vanhu vakakosha ava, vari kurwara, Ishe, . . . uye nemanzwiro angu kwavari, semunhu ari mumutumbi unofa seyavo. Uye zvino yavo. . . Mweya Mutsvene mumwe chete unogara matiri, Ishe, unogara mavari. Uye tinonzwirana tsitsi. Uye kuziva kuti Sungano itsva muRopa idzva. . . Kana yekare yakapa kupodzwa, ko iyi “itsva uye iri nani” inoita zvakanyanya zvakadii? Baba, ngazvive saizvozvo, kuti vanhu ava varege kukundika, asi vachagamuchira kupodzwa kwavo pavanopfuura nepamaoko evaranda veNyū, kubudikidza neZita raJesu Kristu. Amen.

³⁹⁹ Zvino—zvino, ticha, divi *iri* richange rakagara, apo divi *iri* richipfuura. Uye zvadaro divi *iri* richadzokera, uye rimwe divi. . . Zvino, vamwe venyu hama dziri pano, dzichasimuka. Ndinotenda kuti muri vashumiri muri pano, imi mose muri apo.

Ko Chiremba varipi, Hama Ned? Manga muri kuzova mumutsara wekunamatirwa here, Hama Ned? [Hama Ned Iverson vanoti, “Hongu. Ndakamiririra mumwe munhu.”—

Mupepeti] Zvakanaka, Hama Ned. Zvakanaka. Kana mangonamatirwa, ibvai matongopinda mumutsara.

400 Zvino regai ava vari kudivi iri neche *kuno*, vange vakangogara kwechinguvana, uye ndichatora avo vari kudivi *rino*. Zvadaro, tichabva tadzika tonotora vepazvigaro zvepakati, tovaendesa vachidzokera *nekuku*. Tobva tatora vepazvigaro *izvi*, zvino tovaendesa *nekuku*, uye tichanamatira munhu wese.

401 Ndichakumbira Hama Teddy. . . Vari kupi? [Hama Teddy Arnold vanoti, “Ndiri pano.”—Mupepeti] Zvakanaka. Ndinoda kuti muridze apo, “Murapi mukuru zvino ave pedyo.” Zvakare vanoridza piyano, chero papi pavari, moridza pamwe navo, kana mukakwanisa.

402 Teererai, munorangarira here nguva iya pairidzwa, uye mukomana muduku akaunzwa papuratifomu? Musikana mudiki wechiAmish achiridza, “Murapi mukuru zvino ave pedyo.” Aive nevhudzi refu, dema, kana—kana kuti bvudzi rakacheneruka, waro, muMennonite kana musikana wechiAmish, rimwe, rakaremba kumashure kwemumusoro wake.

403 Zvino Mweya Mutsvene wakabata mukomana muduku, nokungoturika maoko; aive akaremara mutsoka dzake. Zvino akasvetuka kubva mumaoko angu, ndokumhanya achidzika nepapuratifomu. Amai vake vakasimuka, ndokudonha nemanhede; muMennonite, ndinotenda kudaro, kutanga kwacho.

404 Zvino Mweya waMwari wakabata musikana mudiki uyu wechiMennonite uyu, kana kuti muAmish, chero zvaaiwa. Baba vake nevamwe vakagara ipapo, vaine. . . vakapfeka hanzu dzavo, semaMennonite, kana chero zvazvaivei. Zvino akasvetuka kubva papiyano, nemaoko ake ari mudenga. Zvino bvudzi rake rakanaka rakati mwanda; aitaridzika seNgirozi. Akatanga kuimba muMweya; uye paaidaro, piyano yakaramba ichirira, “Murapi mukuru zvino ave pedyo, Jesu anonzwira tsitsi.”

405 Munhu wese akamira ipapo, zviuru, zvakatarisa pasi pamakiyi iwayo achifamba-famba, “Murapi mukuru zvino ave pedyo, Jesu anonzwira tsitsi.” Vanhu vakasimuka kubva pamahwiricheya, kubva panhowo, masitirecha, ndokuenda vachifamba havo.

406 Ishe Jesu vamwe chete ivavo vari pano chaipo, mangwanani ano, zvimwe chetezvo sezvaZvaiva panguva iyoyo. Chingotendai zvino.

Ridzai rwiyo irworwo, kana mungadaro, *Murapi Mukuru*.

Zvino munhu wose ngaanamate.

Ngavafambe nemukati mekamuri, vodzika zasi chaiko *neuku*, zvino moenda chaiko kuchigaro chenyu kana chero kupi kwamunoda kuenda, muchiuya nenzira yenyu. Mazvinzwisisa

here kumashure uko? Zvakanaka. Saka, dzokerai kuchigaro chaiko, zvadaro tozobva tasimuka.

407 Zvino teererai. Ava pavanenge vachinamatirwa, imi vanamatireiwo. Zvino pamunenge muchinamatirwa, avo vachakunamatirai.

Zvino, imi vashumiri muri pano, simukai. Uye ndinoda kuti muturike maoko pamusoro peava pavanenge vachipfuura.

408 Zvino, munhu wose, misoro yakakotamiswa, uye rambai makakotamisa misoro yenyu. Rambai muchinamata. Uye paunopfuura, zvino isa... maoko akaiswa pauri. Rangarirai, ivimbiso yaMwari vanozarura zvakananzika zveBhuku raVo, zvakananzika zvemoyo wemunhu. NdiMwari vachasimbisa izvozvo, kana mukazvitenda. Maona? Zvino munhu wose mumunamato.

Zvino imi hama vashumiri mirai apa, kana mungadaro.

Zvakanaka, ngatikotamisei misoro yedu.

409 Zvino, Ishe Jesu, vanhu ava vachiuya, dai Simba raMwari Samasimba ramutsa kutenda kwavo pakare ipapo pavanenge vachipfuura, vese nemuZita raJesu.

410 Zvino, zvakanaka, mutsara ngautange nekuku. Ndinokumbira munhu wese, isai maoko pamusoro pavo, imi vashumiri, pavanenge vachipfuura.

MuZita raIshe Jesu!

Ndinoturika maoko angu, muZita raIshe Jesu, hama yangu.

MuZita raIshe Jesu!

Mwari, ipai kuhanzvadzi yangu, Rosella, muZita raJesu.

MuZita raJesu Kristu!

MuZita raJesu Kristu!

411 Imi garai; utarisei kusvikira mutsara wapera.

MuZita raIshe Jesu! . . . ? . . .

412 Rangarirai, Akaninipa. Huyai makazvininipisa.

[Mutsara wekunamatirwa unoenderera mberi kwemaminitsi 6 nemasekondi 25, mazhinji emashoko aHama Branham haanzwiki—Mupepeti] . . . ? . . .

413 [Chibenga chisina chinhu patepi. Hama Billy Paul vanoti, “Mungafambewo here vanhuwee muchienda kumashure, ndapota? Imi vanhu makamira munzira *iyu*, mungabudewo here munzira moenda kumashure? Rambai muchienda kumashure, ndapota. Maita basa. Imi vanhu vari munzira yepakati, mungatendererawo here, zvakanaka?”—Mupepeti]

[Mutsara wekunamatirwa unoenderera mberi kwemaminitsi 2 nemasekondi 20, mazhinji emashoko aHama Branham haanzwiki zvakanaka—Mupepeti] . . . ? . . .

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, Hama Mitchell.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama yangu, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa, hama yangu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu.

Gamuchirai kupodzwa, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa, hanzvadzi.

Gamuchirai kupodzwa, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi yangu.

Gamuchirai kupodzwa, hama.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi . . . ? . . .

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi . . . ? . . .

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama . . . ? . . .

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi . . . ? . . .

Gamuchirai kupodzwa kwenyu kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu.

Gamuchirai kupodzwa, hanzvadzi . . . ? . . . , kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa.

Gamuchirai kupodzwa . . . ? . . .

Gamuchirai kupodzwa, hama yangu, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa.

Gamuchirai kupodzwa, hanzvadzi . . . ? . . .

Gamuchirai kupodzwa, muZita raJesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa, muZita raJesu. Amen.

Gamuchirai kupodzwa.

Gamuchirai kupodzwa.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu kubva kuna Jesu Kristu.

⁴¹⁴ [Hama Billy Paul vanoti, “Pane mumwe here anoda kuve mumutsara wekunamatirwa? Mungapindawo here, ndapota. Kana paine mumwe anoda kuve ari mumutsara wekunamatirwa, mungapindawo here, ndapota.”—Mupepeti]

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama yangu, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

415 Gamuchirai kupodzwa kwenyu, Hanzvadzi Wood, kubva muruoko rwaJesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu...?...

Gamuchirai kupodzwa...?...

416 Gamuchirai kupodzwa, Hanzvadzi Roberson, neruoko rwaJesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa, hama yangu, neruoko rwaJesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa, hanzvadzi...?...kubva muruoko rwaJesu Kristu.

MuZita raJesu Kristu, gamuchirai kupodzwa kwenyu.

Mupodzei, muZita raJesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa, hanzvadzi...?...

Gamuchira kupodzwa kwako, mwanakomana, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi, kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

417 Hama Weerts, gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama, kubva kuna Jesu Kristu.

Hanzvadzi, gamuchirai kupodzwa kwenyu kubva kuna Jesu Kristu.

Gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama...?...

Hama, neZita raJesu Kristu, gamuchirai...?...

MuZita raJesu Kristu...?...

MuZita raJesu Kristu...?...

MuZita raJesu Kristu Ishe wedu, gamuchirai kupodzwa kwenyu.

MuZita raJesu Kristu, gamuchirai kupodzwa kwenyu, hama yangu.

MuZita raJesu Kristu...?...

MuZita raJesu Kristu, gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi.

MuZita raJesu Kristu...?...

418 [Hama Billy Paul vanoti, “Ndivo vose here vanga vachida kunamatirwa pari zvino?”—Mupepeti]

419 [Hama Lee Vayle vanotaura naHama Branham—Mupepeti] Dai ruoko rwaIshe Jesu rwapa kwamuri, Hama Vayle, chikumbiro ichi chemudikanwi wenyu, muZita raJesu.

⁴²⁰ [Hama Billy Paul vanotaura naHama Branham—Mupepeti] Billy Paul, sekuwanda kwakaita makadhi awakapa, zvino gamuchira kupodzwa kwako, muZita raJesu Kristu.

Murapi mukuru ari pedyo zvino,
Jesu anonzwira tsitsi,
Anotaurira moyo wakaremerwa kuti ufare,
Oo, inzwi izwi raJesu.

Tose pamwe chete:

Zita rinotapirisa murwiyo rweserafimi,
Zita rinotapirisa parurimi rwunofa,
Rwiyo rwunotapirisa rwati rwamboimbwa,

⁴²¹ Mwari, pane vaviri vakanaka ava vakaunza, munyika, mumwe we...?...Dai vagamuchira chikumbiro chavo, Ishe, muZita raJesu Kristu.

⁴²² ...?...raJesu Kristu, dai munhu wehanzvadzi yedu wavainaye mupfungwa yavo iye zvino, dai simba raMwari raenda nechikumbiro ichocho. Dai asunungurwa. Zviiteiwo, Ishe. Amen.

⁴²³ Ishe Mwari, muZita raJesu, ipai chikumbiro chemurume uyu. Ndinomunamatira, Ishe, nemunamato wangu. Amen.

⁴²⁴ Oo, hazvishamise here izvi! Ndinotenda kuti kana munhu wose apfuura nepano, mangwanani ano, pasi pechizoro chikuru ichi, ndi—ndinotenda kana ukango...Zvino usatarisira hako chimwe chinhu chikuru. Ingorangarira chinhu chiri nyore chekutenda izvo zvaVakavimbisa.

⁴²⁵ Zvino ngatizvitaurei tose pamwe chete: “Hatitarisire chimwe chinhu chikuru, asi muZita raJesu, tinogamuchira vimbiso yaKe.”

⁴²⁶ Zvatoringana. Zvatogadzirisa nyaya yacho. Amen! Mwari vakuropafadzei!



MIBVUNZO NEMHINDURO PAZVISIMBISO SHO63-0324M
(Questions and Answers on The Seals)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZECHIZARURO CHEZVISIMBISO ZVINOMWE

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Kurume 24, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org